सोम
17 अगस्त, 2026
पटना

देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

साओन, शुक्ल पक्ष, पंचमी, संवत् : 2083
देशक पहिल मैथिली दैनिक

इतिहास मे कहियो विचार-विमर्श सं कोनो वास्तविक परिवर्तन हासिल नहि भेल अछि।
- नेताजी सुभाषचंद्र बोस

RNI No : BIHMAI/2010/33053 | वर्ष: 16, अंक : 335 | Website: mithilasamadiya.com | editorsamadiya.mithila@gmail.com | आमंत्रण मूल्य : 3:00

## एक नजरि

### साओनक तेसर सोमवारी पर शिवालय सभ मे उमड़त श्रद्धालुक भीड़

**पटना :** आइ साओनक तेसर सोमवारी अछि। एहि अवसर पर मिथिलाक विभिन्न शिवालय मे भोलेनाथक दर्शन-पूजन लेल श्रद्धालु सभक विशाल भीड़ उमड़बाक संभावना अछि। साओनक सोमवारी कें लए कए शिवभक्त सभ मे विशेष उत्साह देखल जा रहल अछि। भोरहि सं शिवालय सभ मे जलाभिषेक, पूजा-अर्चना आ रुद्राभिषेकक लेल भक्त सभक पहुंचबाक सिलसिला शुरू भए जाएत। मिथिलाक प्रसिद्ध गरीबनाथ धाम, सिंहेश्वरनाथ, कुशेश्वरस्थान, उग्रनाथस्थान, कपिलेश्वरस्थान, बिदेश्वरस्थान सहित विभिन्न शिवालय मे श्रद्धालुक भारी भीड़ जुटबाक संभावना अछि। एहि कें देखैत मंदिर प्रबंधन आ स्थानीय प्रशासन द्वारा भीड़ नियंत्रण, सुरक्षा आ यातायात व्यवस्था कें दुरुस्त करबाक तैयारी कयल जा रहल अछि। भक्त सभ गंगाजल, बेलपत्र, फूल, धतूरा सहित विभिन्न पूजन सामग्री सं भगवान शिवक अभिषेक कए मनोवांछित फल प्राप्तिक कामना करताह।

### रौशन यादव मृत्यु मामिला : मधुबनी प्रशासन कें पीके देलनि 10 दिनक अल्टीमेटम

**बेनीपट्टी :** जन सुराजक सूत्रधार सह विधायक प्रशांत किशोर अरेर थाना क्षेत्रक ब्रह्मोत्रा रनर टोल पहुंचि रामपट्टी मंडल कारा मे मृत्यु भेल 19 वर्षीय रौशन कुमार यादवक परिजन सं भेंट केलनि। ओ मृतकक माय, बहिन सहित अन्य परिजन सं घटनाक जानकारी लेलनि। परिजन जेल प्रशासनक आत्महत्याक दावाक पर सवाल उठबैत निष्पक्ष जांच आ दोषी पर कारबाइक मांग केलनि। परिजन मृतकक शरीर पर माइरपीटक निशान होयबाक आरोप सेहो लगौलनि। (विस्तृत खबरि पेज 03 पर)

# महाबैठक मे भूमिहार समाजक लोक कहलनि, एनडीए नहि अछि हमर सबहक संग, समाजक भए रहल अछि उपेक्षा

## पटनाक रविंद्र भवन मे आयोजित बैसार मे भूमिहार समाजक लोक कहलनि, समाज मे बढ़ैत जा रहल अछि असंतोष

**पटना, समदिया**

पटना स्थित रविंद्र भवन मे रविदिन भूमिहार ब्राह्मण समाजक महाबैठक आयोजित कयल गेल। एहि बैठक मे बिहारक विभिन्न जिला सं समाजक लोक सभ पैघ संख्या मे पहुंचलाह। बैठक मे समाजक वर्तमान राजनीतिक स्थिति, आगांक रणनीति आ सरकारक नीति सभ पर विस्तार सं विचार-विमर्श कयल गेल।

बैठक मे वक्ता सभ एनडीए सरकार पर भूमिहार ब्राह्मण समाजक उपेक्षा करबाक आरोप लगौलनि। वक्ता सभक कहब छल जे समाजक हित आ ओकर मुद्दा सभ कें सरकार गंभीरता सं नहि लए रहल अछि। एहि कारण समाजक भीतर सरकारक प्रति असंतोष बढ़ि रहल अछि। पटनाक रविंद्र भवन मे अयोजित भूमिहार-ब्राह्मण महाबैसारक उद्घाटन पूर्व डीजीपी अभयानंद, ललित किशोर सिंह आ डॉ. सत्यजीत सिंह संयुक्त रूप सं कएलनि। अतिथि लोकनि कहलनि जे वर्तमान एनडीए सरकार सं भूमिहार समाज मे




असंतोष अछि। सरकार भूमिहारक हित कें उपेक्षित कए रहल अछि।

बैठक मे पहुंचल राजू कुमार कहलनि जे सरकार जं भूमिहार ब्राह्मण समाज कें संग लए कए चलत तं ई सरकारक हित मे होयत। हुनकर कहब छल जे यूजीसी सहित कतेको मुद्दा पर सरकारक रुख समाजक पक्ष मे नहि रहल अछि। ओ स्पष्ट शब्द मे कहलनि जे भूमिहार ब्राह्मणक विरोध मे रहत, हम सभ सेहो ओकर विरोध मे रहब। राजू कुमार आरोप लगौलनि जे वर्तमान समय मे एनडीए भूमिहार ब्राह्मण समाजक संग नहि दए रहल अछि।

### एनडीए सं हम सभ असंतुष्ट छी

नालंदा सं बैठक मे पहुंचल सुमित शर्मा कहलनि जे समाजक लोक एनडीए सं असंतुष्ट छथि। हुनकर कहब छल जे यूजीसी सहित कतेको मुद्दा पर सरकारक रुख समाजक हितक अनुकूल नहि रहल अछि। ओ कहलनि जे एक समय कांग्रेस सं सेहो भूमिहार ब्राह्मण समाजक लोक नाराज भेल छलाह। एहि नाराजगीक बाद समाजक लोक कांग्रेस सं दूरी बना लेने छलाह। आब एनडीए कें लए कए सेहो समाज मे असंतोष बढ़ैत जा रहल अछि।

सुमित शर्मा कहलनि जे राजनीतिक दल सभ कें समाजक समर्थनक अपेक्षा करबाक संग-संग समाजक मुद्दा आ हितक प्रति सेहो संवेदनशील रहबाक चाही। जं सरकार समाजक अपेक्षा पूरा नहि करत तं आगू राजनीतिक निर्णय पर सेहो ओकर प्रभाव पड़ि सकैत अछि।

### आक्रोश होइत अछि तं सत्ताक परिवर्तन करैत अछि समाज

बरबीघा सं पहुंचल एकटा वक्ता कहलनि जे भूमिहार ब्राह्मण समाज जखन-जखन कोनो सरकार वा राजनीतिक दल सं नाराज भेल अछि, तखन सत्ता परिवर्तन मे अपन भूमिका निभौने अछि। हुनकर कहब छल जे आगांक दिन मे फेर एक बेर सत्ताक परिवर्तन मे समाजक भूमिका देखल जा सकैत अछि। ओ कहलनि जे समाज जं कोनो राजनीतिक दल कें समर्थन दैत अछि तं ओकरा सं यूजीसी सन प्रावधानक समीक्षा, एससी-एसटी एक्ट मे संशोधन सहित समाज सं जुड़ल विभिन्न मुद्दा पर काज करबाक अपेक्षा सेहो रखैत अछि।

बैठक मे वक्ता सभ भूमिहार ब्राह्मण समाजक एकजुटता कायम रखबाक आ राजनीतिक भागीदारी बढ़ेबाक आवश्यकता पर विशेष जोर देलनि। वक्ता सभ कहलनि जे समाज कें अपन हितक मुद्दा पर संगठित भए कए अपन राजनीतिक दिशा तय करबाक जरूरत अछि। बैठक मे आगू समाजक राजनीतिक भूमिका कें लए कए रणनीति तैयार करबाक संकेत सेहो देल गेल।

# बिहार सं देशभरि मे शुरू होयत इलेक्ट्रॉल एजुकेशन 2.0 : ज्ञानेश कुमार

- **मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार पहुंचलाह मिथिला हाट, कएल गेलनि भव्य स्वागत**

**पटना/ झंझारपुर, समदिया**

भारत निर्वाचन आयोगक मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार रविदिन सं दू दिवसीय बिहार दौरा पर छथि। हुनकर संग निर्वाचन आयोगक उच्चस्तरीय प्रतिनिधिमंडल सेहो बिहार पहुंचल अछि। एहि दौरा मे पटना सहित सीतामढ़ी, मधुबनी आ वैशालीक भ्रमण कएलनि। निर्वाचन विभागक अनुसार, मुख्य चुनाव आयुक्त चुनावी प्रक्रिया, मतदाता जागरूकता आ जमीनी स्तर पर निर्वाचन तंत्र सं जुड़ल अधिकारी सभ सं संवाद करबाक लेल बिहार आयल छथि। एहि दौरा दौरान 17 अगस्त कें पटना सं देशभरि मे ईएलसी 2.0 कार्यक्रमक शुरूआत होयबाक अछि। दोसर दिन मुख्य चुनाव आयुक्त बूथ लेवल अधिकारी सभ (बीएलओ) सं सीधा संवाद करताह।

### मीडिया कें नहि देल गेल प्रवेशक अनुमति




मुख्य चुनाव आयुक्त ज्ञानेश कुमार रविदिन झंझारपुरक अररिया संग्राम स्थित मिथिला हाट पहुंचलाह। हुनकर स्वागत लेल रेड कारपेट बिछाओल गेल छल आ सुरक्षा कड़ा कयल गेल छल। कार्यक्रम स्थल पर मीडियाक प्रवेशक अनुमति नहि देल गेल। हुनकर हेलीकॉप्टर अपराह्न 2:55 बजे अररिया संग्राम दुर्गास्थान परिसर मे उतरल। ओतय सं डीएम, एसपी सहित अन्य अधिकारीसभक काफिलाक संग ओ मिथिला हाट पहुंचलाह।

मिथिला हाट पहुंचला पर ज्ञानेश कुमार निर्धारित कक्ष मे किछु समय विश्राम कयलनि। तकर बाद भनसा घर मे मिथिलाक पारंपरिक व्यंजनक स्वाद लेलनि। करीब 3:35 बजे ओ बैंक्विट हॉल पहुंचलाह, जतय मिथिलाक परंपरा अनुसार हुनका पाग आ शॉल भेंट कए सम्मानित कयल गेल। तकर बाद दीप प्रज्वलित कए कार्यक्रमक शुभारंभ कयलनि।

### बिहारक मतदाताक कयलनि प्रशंसा

पटना पहुंचलाक बाद मुख्य चुनाव आयुक्त कहलनि जे ओ बिहारक पावन धरती कें नमन करबाक लेल आयल छथि। ओ बिहारक मतदाता सभ कें धन्यवाद दैत पछिला विधानसभा चुनाव मे दर्ज भेल रिकॉर्ड मतदानक चर्चा कयलनि। ज्ञानेश कुमार कहलनि जे मतदाता सूचीक शुद्धीकरणक देश मे सभ सं सफल आयोजन बिहार सं शुरू भेल आ पछिला विधानसभा चुनाव मे मतदान प्रतिशत सेहो बिहारक चुनावी इतिहास मे एखन धरि सभ सं बेसी रहल। ओ लोकतंत्रक जननी वैशालीक मतदाता सभक प्रति सेहो आभार व्यक्त कयलनि। मुख्य चुनाव आयुक्त कहलनि जे फ्रांस, जापान, स्पेन सहित कतेको विकसित देशक तुलना मे बिहार मे बेसी मतदान प्रतिशत दर्ज भेल अछि। हुनकर अनुसार, लोकतंत्रक मजबूती मात्र चुनाव करौला सं नहि, बल्कि मतदाताक सक्रिय भागीदारी सं होइत अछि।

### 500 बीएलओ सं करताह सीधा संवाद

दौराक दोसर दिन मुख्य चुनाव आयुक्त नालंदा विश्वविद्यालयक सुषमा स्वराज सभागार मे करीब 500 बीएलओ सं संवाद करताह। एहि दौरान मतदाता सूची, मतदान केंद्र स्तर पर आबयबला व्यावहारिक कठिनाइ आ निर्वाचन प्रक्रिया कें बेसी प्रभावी, पारदर्शी आ सहज बनेबाक उपाय पर चर्चा होएत। ज्ञानेश कुमार पछिला एक वर्ष सं विभिन्न राज्यक बीएलओ सं संवाद करैत रहल छथि। नालंदाक कार्यक्रम सेहो ओही क्रमक एकटा महत्वपूर्ण कड़ी अछि।

# पप्पू यादव गमछा सं गला घोंटबाक कएलनि प्रयास!

## कहलनि- छात्रक मांग नहि मानल गेल तं एकर अतिरिक्त कोनो उपाय नहि

**पटना, समदिया**

पूर्णिया सांसद पप्पू यादव रविदिन एक दिनक उपवास पर रहलाह। पटना स्थित गर्दनीबाग धरनास्थल पर भगत सिंहक तस्वीर हाथ मे लेने ओ उपवास पर बैसलाह । ओ शोधार्थी सभक आंदोलन मे शामिल भए हुनकर मांगक समर्थन कयलनि। धरनास्थल पर सांसद नील रंगक गमछा सं अपन गला घोंटबाक प्रयास करैत देखल गेलाह। ओ कहलनि जे जं सरकार छात्र सभक मांग नहि मानत तं हुनका लग एहि बाटक अतिरिक्त कोनो उपाय नहि बचत। पप्पू यादव कहलनि जे प्रधानमंत्री देशक बच्चा सभ कें बौद्धिक नक्सली कहि रहल छथि। बिहार मे छात्रसभक बात नहि सुनल जा रहल अछि। जं सरकार



मांग नहि मानत तं बिहार बंद कयल जाएत आ अनिश्चितकालीन उपवास सेहो कयल जाएत। सांसदक उपवास कें लए कए पुलिस-प्रशासन सेहो सतर्क अछि। धरनास्थलक लग अतिरिक्त पुलिस बल तैनात कयल गेल अछि। पटना मे गर्दनीबाग स्थित धरनास्थल पर ऑल पीएचडी होल्डर एंड रिसर्च स्कॉलर एसोसिएशन ऑफ बिहारक बैनर तर शोधार्थी सभ पछिला 13 दिन सं अनिश्चितकालीन आमरण अनशन पर बैसल छथि।

### टेबल 3ए लागू करबाक मांग

शोधार्थी सभ सहायक प्राध्यापकक बहाली मे यूजीसी रेगुलेशन 2018 केर टेबल 3ए लागू करबाक, बिहार मे डोमिसाइल नीति प्रभावी करबाक आ 70म बीपीएससी परीक्षा रद्द करबाक सहित विभिन्न मांग कें लए कए आंदोलन कए रहल छथि। हुनकर प्रमुख मांग मे सहायक प्राध्यापकक अभ्यर्थीक अधिकतम आयु सीमा बढ़ा कए 55 वर्ष करब सेहो शामिल अछि। शोधार्थी सभक कहब अछि जे सरकार सं लगातार मांग पर कारबाइक आग्रह कयल जा रहल अछि, मुदा एखन धरि कोनो ठोस पहल नहि भेल अछि।




# पटना मे 112 करोड़क लागति से किन्नर समाज बनाओत मोदी भगवानक मंदिर

## समाज कहलक, श्रीरामक अवतार मे होयत मोदीक प्रतिमा, ओ हमर भगवान

**पटना, समदिया**

बिहार सरकारक किन्नर कल्याण बोर्डक उपाध्यक्ष डॉ. राजन सिंह कहलनि जे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी हुनका लेल भगवान श्रीरामक समान छथि। ओ श्रीरामक अवतार छथि आ किन्नर समाज हुनका अपन आराध्य मानैत अछि। हुनकर कहब छल जे नरेंद्र मोदीक विरुद्ध कोनो आपत्तिजनक टिप्पणीक किन्नर समाज विरोध करत। डॉ. राजन सिंहक अनुसार पटना मे करीब 5 एकड़ जमीन पर लगभग 112 करोड़ टाकाक लागति सं भव्य मंदिर बनेबाक योजना अछि। एहि मंदिर मे नरेंद्र मोदीक सोनाक प्रतिमा स्थापित करबाक प्रस्ताव अछि। हालांकि मंदिर निर्माणक प्रस्ताव कें एखन धरि राज्य सरकारक अंतिम




स्वीकृति नहि भेटल अछि। किन्नर कल्याण बोर्डक 29 जुलाई कें भेल बैठक मे मंदिर निर्माणक प्रस्ताव सर्वसम्मति सं पारित भेल छल। बोर्डक उपाध्यक्ष कहलनि जे निर्माणक लेल राशि कम पड़ला पर किन्नर समाजक लोक सभ मिलि कए सहयोग करताह। समाजक लोक मंदिर लेल सोना-चांदीक वस्तु सेहो दान करबाक लेल तैयार छथि।

### अधिकार देनिहार कें भगवान मानैत छथि राजन सिंह

डॉ. राजन सिंह प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक चर्चा करैत कहलनि जे 2019 मे ट्रांसजेंडर समुदायक अधिकार लेल कानून बनलाक बाद किन्नर समाजक लोक लेल शिक्षा, रोजगार आ सरकारी सेवाक क्षेत्र मे नव अवसर खुलल। हुनकर कहब छल जे आब किन्नर समाजक लोक दरोगा, होमगार्ड, सिपाही, डॉक्टर आ अभियंता बनि रहल छथि। हुनका जकां लोक सभ कें सेहो सरकार आ बोर्ड मे जिम्मेवारी भेटि रहल अछि। एहि कारण किन्नर समाजक लोक नरेंद्र मोदी कें भगवानक दर्जा दैत छथि।

### जमीन आवंटन लेल पठाओल गेल प्रस्ताव

राजन सिंह कहलनि जे मंदिर लेल पटना मे करीब 5 एकड़ जमीनक आवश्यकता होएत। एहि लेल समाज कल्याण विभाग कें प्रस्ताव पठाओल गेल अछि। जमीनक आवंटन भेलाक बाद आगांक प्रक्रिया शुरू कयल जाएत। ओ स्वीकार कयलनि जे मंदिर निर्माणक प्रस्ताव पर राज्य सरकारक आखरी स्वीकृति एखन बांकी अछि। प्रस्तावित मंदिरक मॉडल सेहो तैयार कयल गेल अछि।

### सीतामढ़ी मे एकभगाह प्रेम मे विवाहित प्रेमिकाक हत्या

**सीतामढ़ी :** सीतामढ़ी जिलाक डुमरा थाना क्षेत्रक गोपनाथपुर गाम मे रविदिन एकटा नवविवाहिताक शव बाधक पानि भरल खद्धा सं भेटलाक बाद इलाका मे सनसनी पसरि गेल। मृतकाक पहिचान 19 वर्षीय काजल कुमारीक रूप मे भेल अछि। हुनकर विवाह किछु समय पहिने मुजफ्फरपुर जिलाक औराई थाना क्षेत्रक घनश्यामपुर गाम मे भेल छल। मृतकाक माय फूलो देवीक अनुसार, काजल 13 अगस्तक भोर मे पशु लेल चारा काटबाक लेल घर सं निकलल छल, मुदा वापस नहि आयल। परिवारक लोक सभ खोजबीन कयलनि, मुदा कोनो सुराग नहि भेटल। बाद मे परिजन डुमरा थाना मे अपहरणक प्राथमिकी दर्ज करौलनि। परिजनक आरोप अछि जे गामक सुमीत यादव उर्फ राजा सं काजलक प्रेम-प्रसंग छल। विवाह सं नाराज भए ओ हत्या कए देलक। शव भेटलाक बाद आरोपित आ ओकर परिवारक लोक फरार बताओल जा रहल अछि।

# मीठापुर-महुली एलिवेटेड रोड बनि कए तैयार, 15 मिनट मे पुनपुन

- **1000 करोड़ सं बनल एलिवेटेड फ्लाइओवर**

**पटना, समदिया**

पटना मे एलिवेटेड सड़कक जाल बिछि गेल अछि। राजधानीक कोनो इलाका मे जाउ, तीन-चारि किलोमीटरक भीतर कोनो ने कोनो फ्लाइओवर वा एलिवेटेड सड़क भेटि जाएत।

राजधानी मे 8 एलिवेटेड रोड/फ्लाइओवर चालू अछि। एहि मे मीठापुर-महुली एलिवेटेड कॉरिडोर सेहो जुड़य बला अछि। मीठापुर सं सिपारा धरि एकर निर्माण काज पूरा भए गेल अछि। एहि सड़क सं अहां मात्र 15 मिनट मे पटना जंक्शन सं पुनपुन पहुंचि जाएब। पटना सं गयाजी जाए मे करीब डेढ़ घंटा लागत। एखन दू घंटा धरि समय लागि जाइत अछि।



मीठापुर-महुली एलिवेटेड कॉरिडोर किएक खास अछि? एकर चालू भेला सं की फायदा होयत? मीठापुर-महुली एलिवेटेड कॉरिडोरक की स्थिति अछि? पढ़ू रिपोर्ट।

## 4 लेनक अछि मीठापुर-महुली एलिवेटेड कॉरिडोर

फोर लेन मीठापुर-महुली एलिवेटेड कॉरिडोर सं पटना दक्षिणी आ पूर्वी भाग कें सीधा आ नीक कनेक्टिविटी भेटय बला अछि। एहि नव कॉरिडोर मे मीठापुरक एजुकेशन हब बला क्षेत्र सं रामगोविंद सिंह महुली हाल्ट धरि 8.86 किमी लंबा फोर लेन एलिवेटेड रोडक लोकार्पण भए चुकल अछि। एकरा तैयार करय मे 1030.59 करोड़ रुपैया खर्च भेल अछि।

फेज-2 मे मीठापुर-सिपारा-महुली-पुनपुन रेलवे लाइनक पूरब मीठापुर सं सिपारा धरि 4 लेन एलिवेटेड रोड बनि कए तैयार अछि। एहि मे सिपारा मे टू-वे आरओबी सेहो शामिल अछि।

60 किमी/घंटा धरि गति सं चला सकत कार महुली हाल्ट सं पुनपुन लक्ष्मण झूला धरि 4 लेन एलिवेटेड रोडक लंबाइ 2.20 किमी अछि।

## किएक खास अछि मीठापुर-महुली एलिवेटेड कॉरिडोर?

मीठापुर-महुली एलिवेटेड कॉरिडोर तैयार करय मे बिहार मे पहिल बेर अल्ट्रा हाई परफॉर्मेंस फाइबर रिइंफोर्सड कंक्रीट (यूएचपीएफआरसी) तकनीकक उपयोग कएल गेल अछि। एहि सं 64 मीटर लंबा स्पैन बनाओल गेल अछि। एकर एलाइनमेंट रेलवे ट्रैकक समानांतर राखल गेल अछि। दुनू दिस ऊंच गार्ड लगाओल गेल अछि। एकर ऊपर साउंड बैरियर सेहो लगाओल गेल अछि। स्ट्रीट लाइट, एक्सटेंशन ज्वाइंट, रोड मार्किंग सहित लगभग सभ काज पूरा भए गेल अछि।

## दानापुर सं बिहटा धरि बनि रहल 25 किमी लंबा एलिवेटेड कॉरिडोर

एहि बाद पटना वासी कें दानापुर-बिहटा एलिवेटेड कॉरिडोरक निर्माण पूरा होयबाक प्रतीक्षा अछि। एकर लंबाइ 25 किमी होयत। आधा सं बेसी काज पूरा भए चुकल अछि। ई पटना दानापुर रेलवे स्टेशन सं शुरू भए बिहटा आ कोइलवर धरि जाएत।

दानापुरक लग आरओबी आ डबल डेकर ब्रिज जेकां संरचना सं ई जुड़त। दानापुर स्टेशनक लग 4, नेऊरागंज मे 2 आ बिहटा एयरपोर्ट सं कोइलवर धरि एकटा रैंप बनाओल जा रहल अछि।

दानापुर बला रैंपक ऊंचाइ 25 मीटर होयत। पूरा कॉरिडोर मे 389 पीलर होयत। एकरा तैयार करय मे 1969 करोड़ रुपैयाक खर्च भए रहल अछि। कॉरिडोर सं एम्स सं लए कए आईआईटी आ एनआईटी जेकां संस्थान धरि पहुंचनाइ आसान होयत। पटना सं यूपी आ दिल्लीक दूरी कम होयत। जून 2027 धरि निर्माण काज पूरा करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि।

# 26 हजार भवन मालिकक नोटिस पर पार्षद जतौलनि आपत्ति

**कहलनि- आवासीय क्षेत्र सं सालो धरि निगम कमर्शियल प्रॉपर्टी टैक्स कोना वसूललक**

**पटना, समदिया**

पटना नगर निगम सुप्रीम कोर्टक निर्देश पर पटना मे 26 हजार भवन मालिक कें नोटिस जारी केने अछि जे ओ आवासीय क्षेत्र मे कोना व्यावसायिक काज कए रहल छथि। एहि पर मेयरक विरुद्ध आक्रोश देखाइ पड़ि रहल अछि। वार्ड 28क पार्षद विनय कुमार पप्पू एहि नोटिसक कारबाइ पर तत्काल रोक लगाबयक मांग कएलनि। एहि मामिला पर ओ बैठक सेहो कएलनि।

ओ सवाल उठौलनि जे जं कोनो इलाका वास्तव मे आवासीय क्षेत्र घोषित अछि, तं ओतय स्थित भवन सं नगर निगम सालो धरि कमर्शियल दर पर प्रॉपर्टी टैक्स कोना वसूललक?

जं निगम कोनो भवन कें व्यावसायिक मानि लगातार टैक्स असेसमेंट कएलक, तं आब ओही भवन मालिक कें व्यावसायिक गतिविधिक नाम पर नोटिस जारी करबाक आधार की अछि?

पार्षद कहलनि जे ओ सर्वोच्च न्यायालयक आदेशक पूरा सम्मान करैत छथि। मुदा जखन पटना नगर निगम एखन धरि पूरा निगम क्षेत्र मे आवासीय आ व्यावसायिक अथवा गैर-आवासीय क्षेत्रक स्पष्ट आ विधिवत निर्धारण आ अधिसूचना नहि केने अछि, तं फेर कोन आधार पर भवन मालिक आ व्यवसायी सभ कें एहि तरहक नोटिस जारी कएल जा रहल अछि?

पटना नगर निगम द्वारा पूरा शहर मे भवन मालिक आ व्यवसायी सभ कें जारी नोटिसक बाद आम नागरिक मे भय, चिंता आ असमंजसक स्थिति पैदा भए गेल अछि। विनय पप्पू कहलनि जे एकटा आम नागरिक अपन जीवनभरक जमा-पूंजी लगाकए मकान बनबैत छथि आ ओही परिसर मे छोट दोकान अथवा व्यवसाय चलाकए अपन परिवारक भरण-पोषण करैत छथि। एहन नागरिक कें अनचोके नोटिस दए भयभीत करनाइ उचित नहि अछि। निगम कें पहिने अपन रिकॉर्ड, कर निर्धारण आ क्षेत्रीय अधिसूचनाक स्थिति स्पष्ट करबाक चाही। ओ आगू कहलनि जे न्यायालयक आदेशक नाम पर आम नागरिक कें भयभीत करनाइ स्वीकार्य नहि भए सकैत अछि।

**एक नजरि**

## मंत्री भगवान सिंह कुशवाहाक स्वास्थ्यक हाल जानबाक लेल निजी अस्पताल पहुंचलाह पूर्व सीएम नीतीश कुमार

**पटना।** बिहारक पूर्व मुख्यमंत्री सह राज्यसभा सदस्य आ पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष नीतीश कुमार रविदिन पटना स्थित एक निजी अस्पताल पहुंचलाह आ बिहार सरकारक मंत्री भगवान सिंह कुशवाहा सं भेंट कए हुनकर स्वास्थ्यक जानकारी लेलनि। अनचोके अस्वस्थ भेलाक बाद अस्पताल मे भर्ती कुशवाहाक शीघ्र स्वस्थ होयबाक नीतीश कुमार कामना कएलनि। नीतीश कुमार चिकित्सक सं भगवान सिंह कुशवाहाक स्वास्थ्य, चलि रहल उपचार आ चिकित्सा व्यवस्थाक संबंध मे विस्तृत जानकारी लेलनि। चिकित्सक सभ कहलनि जे कुशवाहा कें करीब 20 दिन धरि पूर्ण विश्रामक आवश्यकता अछि। नीतीश कुमार चिकित्सक सभ कें हुनकर नीक उपचार आ समुचित देखभालक निर्देश देलनि। नीतीश कुमार भगवान सिंह कुशवाहा सं आत्मीय संवाद करैत हुनकर कुशलक्षेम लेलनि आ हुनकर हौसला बढ़ौलनि। ओ ईश्वर सं प्रार्थना कएलनि जे कुशवाहा शीघ्र पूर्ण रूप सं स्वस्थ भए अपन दायित्वक निर्वहन करथि। भेंटक दौरान विधान परिषद मे सत्तारूढ़ दलक उपनेता सह पार्टी कोषाध्यक्ष ललन कुमार सर्राफ आ मुख्य सचेतक संजय कुमार सिंह गांधी जी सहित पार्टीक कतेको नेता आ कार्यकर्ता उपस्थित छलाह।

## प्रशांत किशोर 17 अगस्त आइ लेताह विधायक पदक शपथ

**पटना।** बिहारक बांकीपुर विधानसभा सीट पर भाजपा कें हरा कए विधायक बनल प्रशांत किशोर आब विधानसभा सदस्यक रूप मे शपथ लेताह। जन सुराज पार्टीक प्रमुख आ पार्टीक पहिल विधायक पीकेक शपथ ग्रहण 17 अगस्त, सोमदिन कें होयत। विधानसभा सत्र नहि चलि रहलाक कारण हुनका सदनक भीतर शपथ नहि देल जाएत। विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार अपन चैंबर मे प्रशांत किशोर कें विधायक पदक शपथ देताह। विधानसभा दिस सं प्रशांत किशोर कें शपथ ग्रहण कार्यक्रमक जानकारी दए देल गेल अछि। तय कार्यक्रमक अनुसार, 17 अगस्त कें भोर 10:30 बजे शपथ ग्रहण होयत। स्पीकर प्रेम कुमार विधानसभा मुख्य भवन स्थित अपन कार्यालय कक्ष मे पीके कें शपथ दियौताह। सामान्यतः नव विधायक सभ कें विधानसभा सत्रक दौरान सदन मे शपथ देल जाइत अछि। मुदा एखन बिहार विधानसभाक कोनो सत्र नहि चलि रहल अछि। मानसून सत्र सेहो समाप्त भए चुकल अछि। आगामी शीतकालीन सत्र मे एखन समय अछि। एहन स्थिति मे सदनक कार्यवाही नहि होयबा पर स्पीकर अपन चैंबर मे नव विधायक कें शपथ दिया सकैत छथि। संविधानक अनुच्छेद 188क अंतर्गत नवनिर्वाचित विधायक लेल शपथ लेनाइ जरूरी अछि। शपथ लेलाक बादे हुनका विधायकक रूप मे भेटय बला भत्ता आ दोसर सरकारी सुविधा भेटैत अछि। शपथ सं पहिने विधायक सदनक कार्यवाही मे बहस वा मतदान नहि कए सकैत छथि।

## पटना एम्स मे शीघ्र रोबोटिक तकनीक सं होयत ज्वाइंट रिप्लेसमेंट




**पटना।** पटना एम्स मे आब ज्वाइंट रिप्लेसमेंट सर्जरी कें आओर अत्याधुनिक बनेबाक तैयारी चलि रहल अछि। संस्थान मे शीघ्र रोबोटिक तकनीक सं ज्वाइंट रिप्लेसमेंट सर्जरी शुरू कएल जा सकैत अछि। एकर लेल सरकार सं मंजूरी भेटबाक प्रतीक्षा अछि। सरकार दिस सं सहयोगक आश्वासन भेटलाक बाद प्रक्रिया आगू बढ़ाओल जा रहल अछि। एम्सक ज्वाइंट रिप्लेसमेंट यूनिटक प्रमुख आ विभागक प्रभारी प्रोफेसर डॉ. सुदीप कुमार कहलनि जे वर्ष 2014 मे शुरू भेल ज्वाइंट रिप्लेसमेंट कार्यक्रम आब लगातार विस्तार लए रहल अछि। अत्याधुनिक ऑपरेशन थिएटर आ विशेषज्ञ चिकित्सकक निगरानी मे नियमित रूप सं रोगीक ज्वाइंट रिप्लेसमेंट सर्जरी कएल जा रहल अछि। डॉ. सुदीप कुमारक अनुसार, पटना एम्स मे प्रतिदिन करीब 100 रोगी जोड़िक दर्द आ एहि सं जुड़ल समस्या कें लए उपचारक लेल पहुंचैत छथि। ओ लोक कें दीर्घ समय धरि रहनिहार जोड़िक दर्द कें नजरअंदाज नहि करबाक सलाह देलनि। ओ कहलनि जे लगातार बनल रहनिहार दर्द गंभीर समस्याक संकेत भए सकैत अछि। एहन स्थिति मे समय पर चिकित्सकीय जांच आ उचित उपचार जरूरी अछि। डॉ. सुदीप कुमार कहलनि जे 2014 मे ज्वाइंट रिप्लेसमेंट सेवा शुरू भेलाक बाद संस्थान मे एहि क्षेत्र मे बहुत विस्तार भेल अछि। आब विशेषज्ञ चिकित्सकक टीम, आधुनिक ऑपरेशन थिएटर आ नीक चिकित्सा सुविधाक संग जटिल मामिलाक सेहो सर्जरी कएल जा रहल अछि। डॉ. सुदीप कुमार कहलनि जे सामान्य ज्वाइंट रिप्लेसमेंट मे दवा, ऑपरेशन थिएटर आ बेड सहित करीब 1 लाख रुपैयाक खर्च अबैत अछि।

# पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेयी की पुण्यतिथि पर राज्यपाल आ मुख्यमंत्री कएलनि नमन

**पटना, समदिया**

पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेयी की पुण्यतिथि कें अवसर पर पटना कें पाटलिपुत्र पार्क मे रविदिन राजकीय समारोहक आयोजन कएल गेल। समारोह मे राज्यपाल सैयद अता हसनैन आ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सहित कतेको वरिष्ठ नेता शामिल भेलाह आ अटल बिहारी वाजपेयीक प्रतिमा पर पुष्पांजलि अर्पित कए हुनका श्रद्धांजलि देलनि।



कार्यक्रम मे बिहार भाजपा कें प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी, बिहार सरकारक मंत्री विजय कुमार सिन्हा, श्रवण कुमार, राम कृपाल यादव सहित कतेको जनप्रतिनिधि आ गणमान्य लोक उपस्थित छलाह। सभ गोटे पूर्व प्रधानमंत्रीक देशक प्रति योगदान कें स्मरण करैत हुनकर व्यक्तित्व आ राजनीतिक जीवन कें नमन कएलनि।

भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी कहलनि जे अटल बिहारी वाजपेयी कें आइ पूरा देश नमन कए रहल अछि। ओ कहलनि जे अटल जी ओजस्वी वक्ता, दूरदर्शी राजनेता आ अजातशत्रु छलाह। एहि कारण विपक्षी दलक नेता सेहो हुनकर सम्मान करैत छलाह।

संजय सरावगी कहलनि जे अटल बिहारी वाजपेयी कें नेतृत्व मे देश परमाणु संपन्न राष्ट्र बनल। ओ प्रधानमंत्री ग्राम सड़क योजना सहित कतेको महत्वपूर्ण योजनाक शुरूआत कएलनि, जाहि सं आइयो देश कें लाभ भेटि रहल अछि। ओ कहलनि जे अटल जीक जे सोच आ कल्पना छल, ओकरा साकार करबाक काज देशक प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी कए रहल छथि।

# बिहार सं दिल्ली-पंजाब धरि दौड़त 149 नव डीलक्स बस, 78 पटना पहुंचल

**पटना, समदिया**

बिहार राज्य पथ परिवहन निगम अपन अंतर्राज्यीय सेवा कें मजबूत करबाक दिशा मे आगू बढ़ि रहल अछि। एहि क्रम मे 149 नव एसी आ नॉन-एसी डीलक्स बस पटना पहुंचि रहल अछि। ई बस दिल्ली, पंजाब, यूपी सहित कतेको राज्यक लेल चलाओल जाएत।



## पटना पहुंचल 78 डीलक्स बस

बिहार मे 149 नव डीलक्स बस सेवा देत। दिल्ली, पंजाब, यूपी जेकां राज्यक लेल एकर परिचालन होयत। त्योहारी मौसिम मे यात्रि सभ कें सुविधा भेटत। राज्य ब्यूरो, पटना। बिहार राज्य पथ परिवहन निगम (बीएसआरटीसी)क अंतर्राज्यीय सेवा कें सशक्त बनयबाक दिशा मे प्रगति भेल अछि। बिहार सं विभिन्न राज्यक बीच परिचालनक लेल नव एसी आ नॉन-एसी डीलक्स बस पटना पहुंचय लागल अछि। कुल 149 बस मे सं 78 डीलक्स बस फुलवारीशरीफ डिपो मे पहुंचि चुकल अछि। बाकी बस सभ एहि मासक अंत धरि पहुंचि जाएबाक आशा अछि। एहि आधुनिक बस सभक परिचालन मुख्य रूप सं आगामी त्योहारी मौसिम मे शुरू होयत। मुदा किछु बस वर्तमान मे पटना-देवघर (श्रावणी मेला) रूट पर सेवा देबाक लेल लगाओल गेल अछि। निगमक अनुसार, ई बस बिहार सं दिल्ली, पंजाब, हरियाणा, उत्तर प्रदेश, पश्चिम बंगाल आ झारखंडक बीच चलाओल जाएत। एहि सं बिहारी कामगार, विद्यार्थी, व्यापारी आ परिवार सभ कें किफायती दर पर आरामदायक यात्राक विकल्प भेटत। पर्व-त्योहारक दौरान घर लौटनिहार मजदूर आ विद्यार्थी सभ लेल ई सुविधा विशेष रूप सं लाभदायक सिद्ध होयत।

हाल मे हरियाणा आ बिहारक बीच सीधा बस परिचालन लेल सहमति बनल अछि, जखनकि आन राज्य सभ सं बातचीतक दौर जारी अछि।लंबी दूरीक यात्रा कें थकान रहित आ सुरक्षित बनयबाक उद्देश्य सं बस सभ मे आधुनिक सुविधा जेना आरामदायक सीट, नीक सस्पेंशन, एसी व्यवस्था (एसी बस मे) आ सुरक्षा मानकक विशेष ध्यान राखल गेल अछि। निजी बस पर निर्भरता घटला सं यात्रि सभ कें किफायती विकल्प उपलब्ध होयत। एहि क्रम मे निगम कहलनि जे पीएम ई-पिंक बस सेहो पटना पहुंचय लागल अछि। एखन धरि पांच इलेक्ट्रिक पिंक बस राजधानी पहुंचि चुकल अछि। ई बस पुणे सं चरणबद्ध तरहे पठाओल जा रहल अछि। एहि बस सभक आगमन सं शहर सं भेद-जिला आ ग्रामीण क्षेत्र मे परिवहन व्यवस्थाक विस्तार होयत। नव बसक परिचालन सं रोजगारक नव अवसर सेहो पैदा होयत।

# पटना मे पीयरपुरा थाना कें नव निर्मित भवनक उद्घाटन

**पटना, समदिया**

पटना जिलाक पालीगंज अनुमंडल स्थित पीयरपुरा थाना कें नव निर्मित भवनक शनिदिन पटना रेंजक आईजी जितेंद्र राणा उद्घाटन कएलनि। एहि अवसर पर पटना एसएसपी कार्तिकेय कुमार शर्मा आ पटना पश्चिम सिटी एसपी संकेत कुमार सहित कतेको प्रशासनिक अधिकारी उपस्थित छलाह। उद्घाटन सं पहिने आईजी जितेंद्र राणा कें गार्ड ऑफ ऑनर देल गेल। उद्घाटनक बाद आईजी जितेंद्र राणा स्थानीय लोक सं सेहो भेंट कएलनि आ नव भवनक जायजा लेलनि। उद्घाटनक अवसर पर पटना रेंज आईजी जितेंद्र राणा कहलनि जे पालीगंज अनुमंडलक पीयरपुरा थाना दीर्घ समय सं पुरान भवन आ सीमित संसाधनक बीच संचालित भए रहल छल। ग्रामीण क्षेत्र मे नीक पुलिसिंग व्यवस्था सुनिश्चित करबाक आ आम लोक कें पुलिसक सुविधा उपलब्ध करयबाक उद्देश्य सं एहि नव भवनक निर्माण कराओल गेल अछि। ओ कहलनि जे नव थाना भवन मे पुलिसकर्मीक काज करबाक संग-संग हुनका सभक रहबाक आ आराम करबाक लेल सेहो नीक व्यवस्था कएल गेल अछि। आईजी आशा व्यक्त कएलनि जे एहि नव भवनक माध्यम सं पूरा क्षेत्र मे पुलिसिंग व्यवस्था आओर मजबूत होयत, जाहि सं आम जनता आ पुलिसक बीच नीक समन्वय स्थापित भए सकत।

# पटना सं पूर्णिया बीच आइ सं चलत विशेष ट्रेन

**पटना।** बिहारक रेल यात्रि सभ लेल जरूरी खबर अछि। पटना सं पूर्णिया बीच यात्रा करबाक लेल आब नव विकल्प भेटय बला अछि। पाटलिपुत्र सं पूर्णिया कोर्टक बीच विशेष ट्रेन चलाओल जाएत। एहि विशेष ट्रेनक परिचालन 17 अगस्त सं शुरू होयत आ ई ट्रेन सहरसा होइत पूर्णिया कोर्ट धरि चलत। 16 सितंबर धरि पूरा एक मास ई ट्रेन चलाओल जाएत। जानकारीक अनुसार, पाटलिपुत्र सं पूर्णिया कोर्टक बीच ट्रेनक परिचालन सप्ताह मे 5 दिन कएल जाएत। ई ट्रेन मात्र बुध आ शनिदिन नहि चलत। एहि तरहे एक मास धरि ट्रेनक परिचालन कें लए अधिसूचना जारी कएल गेल अछि। एहि ट्रेनक परिचालन सं कोसी-सीमांचल क्षेत्रक लोक कें लाभ भेटत। रेलवे दिस सं जारी अधिसूचनाक अनुसार, पाटलिपुत्र-पूर्णिया कोर्ट विशेष ट्रेन (गाड़ी संख्या-03216) दू दिन छोड़ि सप्ताहक आन सभ दिन पाटलिपुत्र सं राति 11 बजे खुलत। एकर बाद विभिन्न स्टेशन सं होइत भोर 5.55 बजे सहरसा आ साढ़े 8 बजे पूर्णिया कोर्ट पहुंचत। वापसी मे पूर्णिया कोर्ट-पाटलिपुत्र विशेष ट्रेन (गाड़ी संख्या-03215) बृहस्पति आ रविदिन छोड़ि सप्ताहक आन सभ दिन भोर 9.10 बजे खुलत। एकर बाद 11 बजे सहरसा आ सांझ करीब 5.45 बजे पाटलिपुत्र स्टेशन पहुंचत।

# नीतीश कुमार पहुंचलाह श्री बैकुंठनाथ धाम, मंदिर मे कएलनि पूजा-अर्चना

**पटना, समदिया**

बिहारक पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार रविदिन खुसरूपुर स्थित ऐतिहासिक श्री गौरीशंकर बैकुंठनाथ धाम मंदिर पहुंचलाह। नीतीश कुमार एतय भगवान भोलेनाथक दरबार मे पूजा-अर्चना कएलनि। मंदिर पहुंचिते ओतय उपस्थित स्थानीय लोक आ जदयू कार्यकर्ता सभ हुनकर जोरदार स्वागत कएलनि। एहि दौरान लोक नीतीश कुमार जिंदाबादक नारा लगौलनि आ हुनका प्रति अपन उत्साह व्यक्त कएलनि।

नीतीश कुमार मंदिरक गर्भगृह मे पहुंचि भगवान शिवक शिवलिंग पर जल अर्पित कएलनि आ विधि-विधान सं पूजा कएलनि। ओ भगवान भोलेनाथक दर्शन कए बिहारक सुख-समृद्धि आ शांतिक कामना कएलनि। पूर्व मुख्यमंत्री करीब 25 मिनट धरि मंदिर परिसर मे रहलाह आ पूजा-अर्चना कएला बाद ओतय सं रवाना भए गेलाह।

श्री गौरीशंकर बैकुंठनाथ धाम मंदिर मे पूजा दौरान मंदिर न्यास समितिक सचिव राजाराम सिंह पूर्व मुख्यमंत्रीक स्वागत कएलनि। ओ कहलनि जे खुसरूपुर सं नीतीश कुमारक पुरान आ गहिंर जुड़ाव रहल अछि। एहि कारण हुनकर मंदिर पहुंचला पर स्थानीय लोक मे विशेष उत्साह देखल गेल।



राजाराम सिंह कहलनि जे खुसरूपुर कें नीतीश कुमारक गृह क्षेत्र मानल जाइत अछि आ एतयक लोकक संग हुनकर दीर्घ समय सं भावनात्मक जुड़ाव रहल अछि। मंदिरक प्रति सेहो हुनकर आस्था रहल अछि। रविदिन मंदिर मे जुटल भीड़ आ लोकक उत्साह मे ई जुड़ाव स्पष्ट देखाइ देल।

पूजा दौरान मंदिर परिसर मे स्थानीय लोकक अलावा जदयू कार्यकर्ता सभ सेहो उपस्थित छलाह। लोक पूर्व मुख्यमंत्रीक अभिवादन कएलनि आ हुनका संग अपन निकटताक प्रदर्शन कएलनि। मंदिर परिसर मे किछु समय धरि उत्साहक माहौल बनल रहल। पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार मंदिर पहुंचलाक बाद सीधा गर्भगृह मे गेलाह। ओतय ओ शिवलिंगक दर्शन कए पूजा-अर्चना कएलनि। एकर बाद मंदिर परिसर मे उपस्थित लोक सं सेहो भेंट कएलनि। करीब 25 मिनट धरि मंदिर मे रुकलाक बाद ओतय सं रवाना भए गेलाह। एहि दौरान सुरक्षा व्यवस्था कें लए पुलिस आ प्रशासन दिस सं आवश्यक इंतजाम कएल गेल छल।

श्री गौरीशंकर बैकुंठनाथ धाम मंदिर सं नीतीश कुमारक पुरान संबंध रहल अछि। एहि सं पहिने सेहो ओ कतेको बेर मंदिर परिसर मे पहुंचल छलाह। ओहि दौरान ओ मंदिर परिसर मे नव निर्मित सामुदायिक भवनक उद्घाटन सेहो कएलनि।

स्थानीय लोकक कहब अछि जे नीतीश कुमारक खुसरूपुर सं पुरान जुड़ाव होयबाक कारण हुनकर एतय अयलापर लोक मे विशेष उत्साह रहैत अछि। रविदिन सेहो पैघ संख्या मे लोक हुनका देखबाक आ स्वागत करबाक लेल मंदिर परिसर मे पहुंचल छलाह।

पूजा-अर्चना कएला बाद नीतीश कुमारक रवाना होयबा धरि मंदिर परिसर मे लोकक भीड़ बनल रहल। स्थानीय लोक आ जदयू कार्यकर्ता सभ हुनकर आगमन पर खुशी व्यक्त कएलनि।

नीतीश कुमारक मंदिर पहुंचलापर स्थानीय लोक गर्मजोशी सं हुनकर स्वागत कएलनि। लोक नारा लगाकए अपन खुशी व्यक्त कएलनि। जखनकि जदयू कार्यकर्ता सभ सेहो पूर्व मुख्यमंत्रीक आगमन कें लए उत्साह देखौलनि।

खुसरूपुरक जनता सं नीतीश कुमारक पुरान जुड़ावक असर हुनकर स्वागत मे सेहो देखाइ देल। मंदिर न्यास समितिक सचिव राजाराम सिंहक अनुसार, स्थानीय लोकक ई स्नेह दीर्घ समय सं कायम अछि।

# रौशन यादवक परिजन सं भेंट केलनि प्रशांत किशोर

## माय-बहिन कें संग लए एसएसपी कार्यालय पहुंचलाह

- एसएसपी योगेंद्र कुमार सं 10 दिन मे रिपोर्ट देबाक भेटल आश्वासन

**बेनीपट्टी, समदिया**

जन सुराजक सूत्रधार सह विधायक प्रशांत किशोर शनिक सांझ करीब 6 बजे अरेर थाना क्षेत्रक ब्रह्मोत्रा रनर टोल पहुंचलाह। ओतय रामपट्टी मंडल कारा मे बंद रहबाक दौरान मृत्यु भेल 19 वर्षीय रौशन कुमार यादवक परिजन सं भेंट केलनि। करीब आधा घंटा धरि बातचीत कए ओ मृतकक बहिन, माय सहित अन्य परिजन सं पूरा घटनाक जानकारी लेलनि। परिजन सभ रौशनक जेल मे भेल मृत्यु सं जुड़ल कई बिंदुक जानकारी दैत जेल प्रशासनक आत्महत्याक दावाक पर सवाल उठौलनि। परिजन सभ युवकक मृत्युक निष्पक्ष जांच करयबाक आ दोषी पर कारबाइ करबाक मांग केलनि।



संगहि मृतकक शरीर पर मारपीटक निशान होयबाक आरोप सेहो लगौलनि। परिजनक बात सुनलाक बाद प्रशांत किशोर मामिला मे न्याय दिअयबाक दिशा मे सहयोगक भरोसा देलनि। ओ कहलनि जे मामिला कें लए कए ओ संबंधित अधिकारी सं बात करताह। प्रशांत किशोर रौशनक परिजन कें डीजीपी सं भेंट करबाक लेल पटना आबयबाक लेल सेहो कहलनि। ओ भरोसा देलनि जे पटना मे डीजीपीक समक्ष मामिला कें राखल जाएत आ निष्पक्ष जांच तथा दोषी पर कारबाइक मांग कएल जाएत।

माय आ बहिन कें संग लए पहुंचलाह एसएसपी कार्यालय :

परिजन सं बातचीतक बाद प्रशांत किशोर मृतकक माय आ बहिन कें अपन गाड़ी मे बैसाकऽ काफिलाक संग मधुबनी वरीय पुलिस अधीक्षक कार्यालय पहुंचलाह। ओतय ओ मधुबनीक एसएसपी योगेंद्र कुमार सं भेंट कए रौशनक मृत्यु सं जुड़ल मामिला हुनका समक्ष रखलनि।

एसएसपी सं भेंटक बाद बाहर निकललाक बाद प्रशांत किशोर कहलनि जे एसएसपी योगेंद्र कुमार 10 दिन मे रिपोर्ट देबाक बात कहलनि अछि। ओ कहलनि जे एहि बादो जं हुनका अन्याय होइत देखाइत रहल तं ओ फेर मधुबनी अएताह। प्रशांत किशोरक ब्रह्मोत्रा पहुंचबाक जानकारी भेटिते पैघ संख्या मे स्थानीय लोक आ कार्यकर्ता सेहो ओतय जुटि गेलाह। ग्रामीण आ समर्थकक भीड़क बीच ओ रौशनक परिजन सं भेंट कए हुनकर बात सुनलनि। गौरतलब अछि जे ब्रह्मोत्रा गाम निवासी रौशन कुमार यादव आर्म्स एक्टक मामिला मे 27 मई सं रामपट्टी मंडल कारा मे बंद छलाह। जेल प्रशासनक अनुसार ओ जेलक भीतर फांसी लगा आत्महत्या केलनि। ओतहि परिजन सभ मृत्यु कें संदिग्ध बतबैत हत्या केर आशंका जतौलनि। मामिला मे परिजनक दिस सं पुलिस आ वरीय अधिकारी कें आवेदन दए निष्पक्ष जांचक मांग कएल गेल अछि।

### दरभंगा किलाक प्राचीर सं राज दरभंगाक प्रतिनिधि कयलनि ध्वजारोहण



**दरभंगा।** ८०म स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर दरभंगा किलाक ऐतिहासिक प्राचीर पर गरिमामय समारोहक आयोजन कयल गेल। समारोह मे राज दरभंगाक प्रतिनिधि, वरिष्ठ अधिवक्ता आ समाजसेवी मनोज कुमार श्रीवास्तव राष्ट्रीय ध्वज फहरेलनि। तिरंगा फहरिते उपस्थित लोक भारत माता की जय आ वंदे मातरमक नारा सं किला परिसर कें गुंजायमान कए देलनि। एहि अवसर पर मनोज कुमार श्रीवास्तव कहलनि जे ऐतिहासिक दरभंगा किला मिथिलाक संस्कृति, शौर्य आ गौरवशाली विरासत कें प्रतीक अछि। ओ कहलनि जे एहि ऐतिहासिक स्थल पर स्वतंत्रता दिवस समारोह मे ध्वजारोहण करबाक अवसर भेटब हुनका लेल गौरवक बात अछि। एहि लेल ओ कुमार कपिलेश्वर सिंहक प्रति आभार व्यक्त कयलनि।

# 'भाषा हमर पहिचान' गीत भेल रिलीज



**मधुबनी, समदिया**

जानकी फिल्म्स प्रोडक्शनक यूट्यूब चैनल पर साहित्य अकादमी पुरस्कार सं सम्मानित कवि अजित आजाद द्वारा लिखल मैथिली गीत ह्यभाषा हमर पहिचानह्न रिलीज कयल गेल। गीत कें स्वर देने छथि प्रसिद्ध गायक पंडित कुंजबिहारी मिश्र आ संगीत सं सजौने छथि आलोक कुमार झा। स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर जानकी फिल्म्स प्रोडक्शनक कार्यालय मे आयोजित गीतक लोकार्पण समारोह मे नगरक कतेको संगीतप्रेमी आ गणमान्य लोक उपस्थित छलाह। गीतकार अजित आजाद कहलनि जे एहि गीतक माध्यम सं ई बताबयक प्रयास कयल गेल अछि जे मैथिली भाषाक प्रमाण त्रेता आ द्वापर युग सं उपलब्ध अछि। ई सीताक भाषा रहल अछि आ हुनक नाम पर मैथिली भाषाक नामकरण भेल अछि। पंडित कुंजबिहारी मिश्र कहलनि जे चारि युगक प्रमाण कें एकहि गीत मे प्रस्तुत करब कठिन छल, मुदा ई मैथिली भाषाक प्रभाव थिक जे एहि गीत कें गयबा मे आनंद सेहो आयल। ओ कहलनि जे ई एकटा अभियान गीत थिक। जानकी फिल्म्स प्रोडक्शनक निमार्ता सुनील कुमार झा कहलनि जे एहि रचनात्मक गीतक माध्यम सं मैथिली भाषाक प्रचार-प्रसार मे योगदान देबाक इच्छा अछि। नव पीढ़ी कें एहि भाषाक प्राचीनता आ महत्वक बारे मे जानकारी देब जरूरी अछि। गीतक संगीत सेहो उच्च कोटिक अछि आ बहुत कर्णप्रिय अछि। एहि अवसर पर वरिष्ठ लेखक चंडेश्वर खान, विनयधारी सिंह, श्याम भास्कर, कल्पना सिंह, गायक भीमनाथ झा, कमलेश प्रेमेंद्र, सोनू कुमार झा, प्रवीण कुमार झा, मोहम्मद अरशद सहित कतेको लोक उपस्थित छलाह।

**एक नजरि**

### 80म स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर संसदीय कार्यालय पर सांसद केलनि ध्वजारोहण



**दरभंगा।** ८०म स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर लहेरियासराय (दरभंगा) स्थित दरभंगा लोकसभा क्षेत्रक संसदीय कार्यालय पर सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर ध्वजारोहण केलनि तथा तिरंगा कें सलामी देलनि। एहि दौरान भाजपा जिलाध्यक्ष आदित्य नारायण चौधरी मन्ना सहित एनडीएक सैकड़ो नेता आ कार्यकर्ता उपस्थित छलाह। एहि शुभ अवसर पर राष्ट्रक स्वतंत्रताक लेल अपन सर्वस्व अर्पित कएनिहार अमर सेनानी सभ कें श्रद्धांजलि अर्पित करैत सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जे देश सदिखन शहीद आ देशक बलिवेदी पर अपन सर्वस्व न्योछावर कएनिहार स्वतंत्रता सेनानी सभक त्याग, तपस्या आ बलिदानक ऋणी रहत। सांसद डॉ. ठाकुर एहि अवसर पर देशवासी सं राष्ट्र प्रथमक भावना कें आत्मसात करबाक आह्वान करैत कहलनि जे जाहि स्वतंत्रता कें करोड़ो भारत माताक संतान अपन प्राणक बलिदान दए प्राप्त केलनि, तकर रक्षा लेल सदिखन तत्पर रहबाक लेल हम सभ कें संकल्पित रहबाक चाही।

### विद्यापति सेवा संस्थान मे अध्यक्ष कयलनि ध्वजारोहण



**दरभंगा।** ८०म स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर विद्यापति सेवा संस्थान मे अध्यक्ष-सह-पूर्व कुलपति प्रो. शशिनाथ झा ध्वजारोहण कयलनि। एहि अवसर पर अपन संबोधन मे ओ कहलनि जे अपन अधिकारक संग देशक विकासक प्रति अक्षुंण निष्ठा राखब सही अर्थ मे स्वतंत्रता दिवस मनाबयक वास्तविक उद्देश्य अछि। विद्यापति सेवा संस्थानक महासचिव डॉ. बैद्यनाथ चौधरी बैजू दूरभाषक माध्यम सं भारतक एक अरब चालीस करोड़ जनता कें स्वतंत्रता दिवसक शुभकामना देलनि। ओ लोक सभ सं मिथिला आ मैथिलीक प्रति अपन कर्तव्यबोधक प्रदर्शन करबाक आह्वान कएलनि। एहि अवसर पर संस्थानक कार्यकारी अध्यक्ष डॉ. बुचरू पासवान, मीडिया संयोजक प्रवीण कुमार झा, प्रो. चंद्रशेखर झा बूढ़ा भाई, डॉ. उदय कांत मिश्र, हरि किशोर चौधरी, आशीष चौधरी सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

### स्वतंत्रता दिवस पर नवोदय विद्यालयक परेड मे देखायल अनुशासन आ समर्पणक झलक



**मधुबनी।** जवाहर नवोदय विद्यालय, रांटी में ८०म स्वतंत्रता दिवस हर्षोल्लास आ देशभक्तिक माहौल मे मनाओल गेल। भोरक पहिल किरणक संगहि प्राचार्य डॉ. प्रमोद कुमार महतोक नेतृत्व मे विद्यालय परिसर देशभक्तिक रंग मे रंगि गेल। भोरक प्रभात फेरीमे प्राचार्य, सभ शिक्षक, शिक्षकेतर कर्मी आ छात्र-छात्रा सभ देशभक्तिक गीत गबैत पूरा परिसर मे उत्साहक वातावरण बना देलनि। तकर बाद प्राचार्य डॉ. प्रमोद कुमार महतो नवोदय विद्यालय परिवार आ विद्यार्थीक उपस्थिति मे राष्ट्रीय ध्वज फहरेलनि आ तिरंगा कें सलामी देलनि। ध्वजारोहणक बाद विद्यालयक एनसीसी छात्र-छात्रा सभ आकर्षक परेड प्रस्तुत कयलनि। प्राचार्य, वरिष्ठ शिक्षक आ अतिथि सभ परेडक निरीक्षण कयलनि। परेड मे अनुशासन आ समर्पणक स्पष्ट झलक देखबा लेल भेटल। ध्वजारोहण आ परेडक बाद आयोजित सांस्कृतिक कार्यक्रम मे विद्यार्थी सभ देशभक्तिपर आधारित कविता, भाषण, गीत आ नृत्य प्रस्तुत कयलनि। एहि दौरान छात्र सभ स्वतंत्रता संग्रामक महत्व पर अपन-अपन विचार सेहो रखलनि।

# सीएम साइंस कॉलेज मे प्रधानाचार्य फहरेलनि तिरंगा

**दरभंगा, समदिया**

सीएम साइंस कॉलेज परिवार शनिदिन देशभक्ति, अनेकता मे एकता आ स्वतंत्रताक गौरवशाली भावक रंग मे रंगि देशक ८०म स्वतंत्रता दिवस मनौलक। एहि अवसर पर प्रधानाचार्य प्रो. संजीव कुमार मिश्र ध्वजारोहण कए राष्ट्रध्वज कें सलामी देलनि। अपन संबोधन मे प्रधानाचार्य कहलनि जे स्वतंत्रता दिवस मात्र इतिहासक स्मरण मात्र नहि, बल्कि स्वर्णिम भविष्यक निर्माण लेल गौरवशाली संकल्प लेबाक दिन सेहो अछि। ओ सभ शिक्षक, कर्मचारी आ छात्र-छात्रा कें एकजुट भए मजगूत, समृद्ध आ विकसित भारतक निर्माण मे अपन अमूल्य योगदान देबाक आह्वान कएलनि। संगहि महाविद्यालयक गरिमा कें आरो सुद्दढ़ करबाक लेल अंतर्मन सं सामूहिक प्रयास करबाक संकल्प सेहो दिओलनि। प्रधानाचार्य कहलनि जे



आजादी सं पूर्व मिथिलाक हृदयस्थली पर स्थापित ई महाविद्यालय निरंतर विकासक पथ पर आगू बढ़ि रहल अछि। नव-नव योजना आ रोजगारोन्मुखी गैर-पारंपरिक पाठ्यक्रमक शुरूआतक संग महाविद्यालयक प्रगति लेल संस्था प्रतिबद्ध अछि। ओ कहलनि जे पढ़ाइ-लिखाइक अतिरिक्त महाविद्यालयक विद्यार्थी खेलकूद सहित विभिन्न प्रतियोगिता आ सांस्कृतिक कार्यक्रम मे उत्साहपूर्वक भाग लए रहल छथि, जे महाविद्यालयक स्वर्णिम भविष्य लेल शुभ संकेत अछि।

# प्रभारी मंत्री लेशी सिंह केलनि ध्वजारोहण, उत्कृष्ट कार्य करैबला पदाधिकारी व कर्मी सम्मानित

**मधुबनी, समदिया**

८०म स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर जिला प्रशासन, मधुबनी द्वारा पुलिस केंद्र, मधुबनी मे मुख्य समारोहक आयोजन कयल गेल। जिलाक प्रभारी मंत्री लेशी सिंह राष्ट्रीय ध्वज फहरेलनि। एहि सं पहिने ओ सम्मान गार्डक निरीक्षण कयलनि। ध्वजारोहणक बाद वंदे मातरम्‌ आ राष्ट्रगानक सामूहिक गायन भेल।



समारोह कें संबोधित करैत प्रभारी मंत्री स्वतंत्रता सेनानी आ देशक वीर सपूतक त्याग आ बलिदान कें नमन कयलनि आ जिलावासी कें स्वतंत्रता दिवसक शुभकामना देलनि। ओ विकास, सुशासन आ जनकल्याण लेल प्रशासन आ आम लोकक सहभागिता कें महत्वपूर्ण बतौलनि।

एहि अवसर पर ओ जिला मे शिक्षा, स्वास्थ्य, कृषि, आवास, सामाजिक सुरक्षा, परिवहन सहित अन्य क्षेत्र मे भए रहल विकास काज आ उपलब्धिक जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे जिला प्रशासनक उद्देश्य जनहित कें सर्वोच्च प्राथमिकता दैत विकासोन्मुखी आ कल्याणकारी योजनाक लाभ समाजक आखरी पांति धरि पहुंचेनाइ अछि। ओ कहलनि जे जिलाक सभ 21 प्रखंड मे आदर्श विद्यालय स्थापित कयल गेल अछि। दूर-दराजक क्षेत्र मे उच्च शिक्षाक पहुंच बढ़ेबाक लेल नव राजकीय डिग्री कॉलेज सेहो खोलल गेल अछि। स्वास्थ्य क्षेत्र मे बाल हृदय योजनाक अंतर्गत बच्चासभक निःशुल्क उपचार, स्वास्थ्य उपकेंद्रक सुद्दढ़ीकरण आ आयुष्मान भारत योजनाक माध्यम सं लोक कें स्वास्थ्य सुरक्षा उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। कृषि क्षेत्र मे किसान सभ कें विभिन्न योजनाक माध्यम सं सहायता, प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधिक लाभ आ बीज तथा कृषि सामग्री पर अनुदान देबाक जानकारी सेहो देल गेल। ओतहि प्रधानमंत्री आवास योजना (ग्रामीण), जीविका, सामाजिक सुरक्षा योजना आ दिव्यांगजन सशक्तीकरणक माध्यम सं जरूरतमंद परिवार कें लाभान्वित कयल जा रहल अछि।

# रौशन यादवक संदिग्ध मौतक जांच व मुआवजाक मांग लेल प्रतिरोध मार्च

**बेनीपट्टी, समदिया**

अखिल भारतीय नौजवान एवं छात्र संघक मधुबनी इकाइक दिस सं ब्रह्मोत्रा गामक कोकई टोल निवासी रौशन यादवक मंडल कारा मे भेल संदिग्ध मृत्युक निष्पक्ष जांच, दोषी पर कारबाइ आ पीड़ित परिवार कें सरकारी नौकरी एवं मुआवजा देबाक मांग कें लए कए प्रतिरोध मार्च निकालल गेल। जिला सचिव संदीप मिश्र राहुल आ अखिलेश कुमारक नेतृत्व मे निकालल गेल प्रतिरोध मार्च झिंगुर चौक सं शुरू भए अरेर बाजार धरि पहुंचल। अरेर चौक पर नुक्कड़ सभाक आयोजन सेहो कएल गेल। प्रतिरोध मार्च मे नौजवान संघक पूर्व जिला सचिव अनिल सिंह आ संतोष कुमार झा




सेहो शामिल रहलाह। नुक्कड़ सभा मे बिहार महिला समाजक महासचिव राजश्री किरण, नौजवान संघक पूर्व राज्य अध्यक्ष मनोज मिश्र, हरलाखी विधानसभा क्षेत्रक महागठबंधनक पूर्व प्रत्याशी सह भाकपाक राज्य परिषद सदस्य राकेश कुमार पांडेय, पूर्व सरपंच अशेश्वर यादव, भाकपा बेनीपट्टी अंचल मंत्री आनंद कुमार झा सहित अन्य लोक उपस्थित रहलाह। नुक्कड़ सभा कें संबोधित करैत भाकपा जिला मंत्री मिथिलेश झा रौशन यादवक मृत्युक निष्पक्ष जांचक मांग कएलनि। ओ जिला प्रशासन सं अपील कएलनि जे बिहार सरकार कें अविलंब प्रतिवेदन पठाओल जाय आ जेल प्रशासनक कार्यशैली पर उठि रहल सवालक जांच कराओल जाय। ओ कहलनि जे जेल मे कोनो कैदीक मृत्यु हत्या हो वा आत्महत्या, दुनू स्थिति गंभीर अछि आ एकर जिम्मेदारी तय होयबाक चाही। जिला मंत्री पीड़ित परिवार कें अविलंब सरकारी नौकरी आ मुआवजा देबाक मांग कएलनि। उल्लेखनीय अछि जे ब्रह्मोत्रा गामक कोकई टोल निवासी रौशन यादवक मंडल कारा मे भेल मृत्यु कें लए कए परिजन आ विभिन्न संगठन द्वारा निष्पक्ष जांचक मांग कएल जा रहल अछि।

# सदहिया मे सड़क दुर्घटना मे दरभंगाक तीन युवक घायल

**बेनीपट्टी, समदिया**

मधुबनी जिलाक बेनीपट्टी थाना क्षेत्रक सदहिया मे साहरघाट-बासैठ सड़क पर भेल सड़क दुर्घटना मे एक बाइक पर सवार दरभंगाक तीन युवक गंभीर रूप सं जख्मी भए गेलाह। दुर्घटना मे एक युवक कें घटनास्थल सं दरभंगा लए जाओल गेल, जखन कि दू जख्मीक इलाज बेनीपट्टी अनुमंडलीय अस्पताल मे चलि रहल अछि। प्राथमिक उपचारक बाद दुनू युवक कें नीक इलाज लेल रेफर कयल जायत। जख्मी युवकक पहचान दरभंगा जिलाक बलभद्रपुर निवासी सुरेश राय, सुधांशु राय आ अललपट्टी निवासी शाश्वत प्रकाशक रूप मे भेल अछि। शाश्वत प्रकाश कें नीक इलाज लेल दरभंगा लए जाओल गेल अछि।

दुर्घटनाक सूचना भेटिते बेनीपट्टी थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि दुर्घटनाग्रस्त बाइक कें जब्त कयलक आ अस्पताल पहुंचि जख्मीक स्थिति संबंधी जानकारी लेलनि। पुलिस तेसर जख्मीक संबंध मे सेहो जानकारी जुटबा मे लागल अछि। बताओल जा रहल अछि जे तीनू युवक बाइक सं नेपाल गेल छलाह। वापसीक क्रम मे सदहियाक लग पुल मे बाइक ठोकर मारि देलक। प्रत्यक्षदर्शीक अनुसार बाइकक रफ्तार बहुत तेज छल, जाहि कारण ठोकर जोरदार लागल आ तीनू युवक जख्मी भए गेलाह। फिलहाल बेनीपट्टी थाना पुलिस घटनाक जांच मे जुटल अछि।

# डीएमक निर्देश पर 119 भूमिहीन कें भेटल बंदोबस्त पर्चा

## स्वतंत्रता दिवस पर एसडीएम, प्रमुख, बीडीओ आ सीओ केलनि पर्चा वितरण

**बेनीपट्टी, समदिया**

स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर जिला पदाधिकारी आनंद शर्माक निर्देश पर बेनीपट्टी प्रखंड-सह-अंचल कार्यालय परिसर मे 119 भूमिहीनक बीच बंदोबस्त पर्चाक वितरण कएल गेल। अनुमंडल पदाधिकारी शारंग पाणि पांडेय, प्रखंड प्रमुख सोनी देवी, बीडीओ महेश्वर पंडित, सीओ अभिषेक आनंद, बीस सूत्री अध्यक्ष बबलू गुप्ता, उपाध्यक्ष प्रदीप झा बासु, पूर्व जिला परिषद सदस्य राजेश यादव, आरओ गणेश साहू सहित अन्य पदाधिकारी आ जनप्रतिनिधि लाभुक सभ कें पर्चा हस्तगत करौलनि।

लाभुक सभ कें हुनकर पात्रताक अनुसार डेढ़, 2, 3 आ साढ़े 3 डिसमिल धरि भूभागक बंदोबस्त पर्चा उपलब्ध कराओल गेल। पर्चा प्राप्त कएनिहार मे राम अवतार सदा, परीक्षण सदा, जगदीश सदा, संगीचन देवी, देव लाल सदा, राजेंद्र सदा, परमेश्वर सदा, आशा देवी, अशर्फी सदा, रघुनाथ सदा, भोगेंद्र सदा, रामाशीष सदा, फेकन सदा, लालो देवी, जानकी देवी, विलास सदा, दाईवती देवी, बिंदे सदा, चंदे सदा, मंदे सदा, घूरन सदा, कौशल्या देवी, सुनीता देवी, सावित्री देवी, दलत देवी, तेतरी देवी, समुद्री देवी, पिंकी देवी, कृष्ण कुमार राम, संगीता देवी, इंदुला देवी, अनीता देवी, समुदा खातून, मोहम्मद रहमतुल्लाह, कलसी देवी, दिलीप राम, बिंदु देवी, अंजली देवी, सीता देवी, छोटकन राम, राजू देवी, राम जुलुम राम, झमेली राम, वीणा देवी, सूरज देवी, उषा मंडल, सागर देवी, ममता मंडल, लीला देवी, सुजीता देवी, राखी कुमारी, मंजू देवी, रजनी देवी, शकीला बेगम, समीना बेगम, शहजादी बेगम, पूजा देवी, सुगिया देवी, ललिता कुमारी, पूनम देवी, काजल कुमारी, अर्जुन पासवान, ललित पासवान सहित अन्य लाभुक शामिल छथि।



पर्चा वितरणक दौरान एसडीएम शारंग पाणि पांडेय लाभुक सभ कें पर्चा सुरक्षित रखबाक सलाह दैत कहलनि जे बंदोबस्त कएल गेल भूभागक कोनो परिस्थिति मे खरीद-बिक्री नहि करबाक अछि। ओ कहलनि जे प्रशासनक प्रयास अछि जे भविष्य मे सभ पात्र लाभुक कें आवास योजनाक लाभ सेहो भेटय, जाहि सं ओ अपन परिवार लेल पक्का घर बना सकथि। पर्चा हाथ मे भेटिते भूमिहीन महिला आ पुरुषक चेहरा पर खुशी स्पष्ट देखबा लेल भेटल। लाभुक प्रखंड-सह-अंचल कार्यालय सं उत्साहक संग बाहर निकललाह आ सरकार तथा प्रशासनक प्रति आभार व्यक्त केलनि। लाभुक सभ कहलनि जे वर्षो सं जमीनक आस लगौने परिवारक लेल बंदोबस्त पर्चा भेटब पैघ उपलब्धि अछि।

# 80म स्वतंत्रता दिवस पर मिथिला पेंटिंग-सह-ई-कॉमर्स पोर्टलक भेल शुभारंभ

### 108 मीटर लंबा रामायण आधारित मिथिला पेंटिंग बनौलक विश्व रिकॉर्ड

मधुबनी, समदिया

80म स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर मधुबनी मे मिथिलाक समृद्ध कला, संस्कृति आ परंपरा कें आधुनिक डिजिटल तकनीक सं जोड़बाक दिशा मे एकटा महत्वपूर्ण पहल करैत मिथिला पेंटिंग-सह-ई-कॉमर्स पोर्टलक विधिवत शुभारंभ कएल गेल। कार्यक्रमक प्रमुख आकर्षण रामचरितमानस पर आधारित 108 मीटर लंबा विशाल मिथिला पेंटिंग रहल, जाहि मे रामायणक संपूर्ण गाथा कें मिथिला चित्रकलाक पारंपरिक शैली मे 52 विषय-वस्तुक माध्यम सं अभिव्यक्त कएल गेल अछि। लगभग 180 कलाकारक सहभागिता सं चारि दिन मे साकार भेल ऐतिहासिक कलाकृति 108 मीटर लंबा एहि विशाल कलाकृतिक निर्माण मिथिला चित्रकला संस्थानक लगभग 180 वर्तमान आ पूर्ववर्ती छात्र-छात्राक सहभागिता सं कएल गेल। चारि दिनक सामूहिक आ सृजनात्मक प्रयास मे रामायणक प्रमुख प्रसंग सभ कें मिथिला चित्रकलाक पारंपरिक रंग,रेखा, प्रतीक आ चित्रांकन शैलीक माध्यम सं जीवंत रूप देल गेल। एहि ऐतिहासिक सृजनक कुशल नेतृत्व आ मार्गदर्शन संस्थानक तीनू पद्मश्री कलाकार—पद्मश्री बौआ देवी, वरीय आचार्य; पद्मश्री दुलारी देवी, आचार्य; आ पद्मश्री शिवन पासवान, डॉ. रानी झा, संजय कुमार जायसवाल आ



प्रतीक प्रभाकर, कनीय आचार्य द्वारा कएल गेल। पेंटिंगक निर्माणक दौरान चित्रक संग-संग रामचरितमानसक श्लोक आ दोहाक पाठ सेहो कएल गेल। एहि सं ई प्रस्तुति दृश्य कला, साहित्य, आध्यात्मिक परंपरा आ मिथिलाक लोक- संस्कृतिक अनूठ संगमक रूप मे सामने आएल। वर्ल्ड रिकॉर्ड यूनियन द्वारा कएल गेल मानकीकरण 108 मीटर लंबा एहि ऐतिहासिक कलाकृतिक वर्ल्ड रिकॉर्ड यूनियनक प्रतिनिधि श्री क्रिस्टोफरक उपस्थिति मे विधिवत लोकार्पण आ मानकीकरण कएल गेल। एहि अवसर पर वर्ल्ड रिकॉर्ड यूनियनक प्रतिनिधि द्वारा जिला पदाधिकारी, मधुबनी कें वर्ल्ड रिकॉर्डक प्रमाण-पत्र आ मेडल प्रदान कएल गेल। ई उपलब्धि मिथिला चित्रकलाक प्रतिभा आ समृद्ध परंपरा कें राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीय स्तर पर पहचान दिअयबाक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम अछि। वर्तमान मे ई अनूठी कलाकृति मिथिला ललित कला संग्रहालय मे प्रदर्शित अछि, जतय आमजन आ कला-प्रेमी एकर अवलोकन कए सकैत छथि। राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा मिथिलाक कला, संस्कृति आ परंपराक समृद्ध विरासताक सराहना करैत कहलनि जे मिथिला पेंटिंग मात्र एकटा कला विधा नहि, बल्कि एहि क्षेत्रक सांस्कृतिक पहचान आ लोकजीवनक जीवंत अभिव्यक्ति अछि। ओ कहलनि जे एहि तरहक पहल मिथिलाक कला कें राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीय स्तर पर नव पहचान दिअय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभाओत। भवन निर्माण विभाग, बिहार सरकारक मंत्री लेसी सिंह मिथिलाक कला आ संस्कृतिक विशिष्ट पहचानक सराहना करैत एकर संरक्षण, संवर्धन आ व्यापक प्रचार-प्रसार पर बल देलनि। ओ कहलनि जे रामायणक संपूर्ण गाथा कें मिथिला चित्रकलाकमाध्यम सं एतेक व्यापक स्तर पर प्रस्तुत करब कलाकारक प्रतिभा, परिश्रम आ सांस्कृतिक प्रतिबद्धताकउत्कृष्ट उदाहरण अछि। जिला पदाधिकारी आनंद शर्मा कहलनि जे मिथिलाक कला सदियौं सं अपन विशिष्ट शैली, रंग-संयोजन आ सांस्कृतिक गहराइक लेल प्रसिद्ध रहल अछि। रामायण आधारित 108 मीटर लंबा ई कलाकृति मिथिलाक कला परंपरा कें नव ऊंचाई प्रदान करैत अछि। ओ कहलनि जे जिला प्रशासनक उद्देश्य मिथिलाक कला आ कलाकार कें आधुनिक तकनीक आ व्यापक बाजार सं जोड़ब अछि। ई-कॉमर्स पोर्टल सं स्थानीय कला सं वैश्विक बाजार धरि जिला पदाधिकारी, मधुबनीक ड्रीम प्रोजेक्टक अंतर्गत, निदेशक, मिथिला चित्रकला संस्थानक सतत मार्गदर्शनतथा उप-निदेशक, लेखा पदाधिकारी आ संबंधित पदाधिकारी-कर्मीक सार्थक प्रयास सं मिथिला पेंटिंग-सह-ई- कॉमर्स पोर्टल विकसित कएल गेल अछि। 15 अगस्त कें एकर लाइव प्रदर्शन आ विधिवत उद्घाटन कएल गेल। ई डिजिटल मंच मिथिलाक कलाकार कें अपन पेंटिंग, हस्तशिल्प आ अन्य कलात्मक उत्पाद कें देश- विदेशक व्यापक बाजार धरि सीधे पहुंचयबाक अवसर प्रदान करत। एकर माध्यम सं कलाकार कें उचित मूल्य, नव ग्राहक आ बाजारक व्यापक संभावना भेटत। एहि सं हुनकर आय, पहचान आ आत्मनिर्भरता कें बढ़ावा भेटत। ई पहल मिथिलाक पारंपरिक कला आ सांस्कृतिक विरासत कें डिजिटल युग सं जोड़ैत स्थानीय कला सं वैश्विक बाजार धरि पहुंच बनेबाक दिशा मे महत्वपूर्ण आ दूरदर्शी कदम अछि। कार्यक्रमक दौरान गणमान्य अतिथिक स्वागत-सह-तिरंगा यात्राक माध्यम सं मिथिला ललित कला संग्रहालय धरिआगमन भेल। संग्रहालय मे ऐतिहासिक 108 मीटर लंबा पेंटिंगक अवलोकन करेलाक बाद मिथिला चित्रकला संस्थानक बहुउद्देशीय सभागार मे अतिथिक स्वागत आ सम्मान कएल गेल। तकर बाद दीप प्रज्वलनक संग ई-कॉमर्स पोर्टलक उद्घाटन कएल गेल। मेधावी छात्र-छात्रा कें कएल गेल सम्मानित तकर बाद पुरस्कार वितरण समारोह आयोजित कएल गेल। मिथिला चित्रकला संस्थान मे संचालित त्रिवर्षीय डिग्री कोर्स आ छह मासक सर्टिफिकेट कोर्सक विभिन्न सेमेस्टर मे प्रथम, द्वितीय आ तृतीय स्थान प्राप्त कएनिहार छात्र-छात्रा कें पुरस्कृत कएल गेल। एकर अतिरिक्त अपन-अपन वर्ग मे सर्वाधिक उपस्थिति दर्ज कएनिहार छात्र-छात्रा कें सेहो पुरस्कार प्रदान कए सम्मानित कएल गेल। 108 मीटर लंबा, 52 विषय-वस्तुक माध्यम सं रामायणक संपूर्ण गाथा कें मिथिला कला मे अभिव्यक्त कएनिहार ई ऐतिहासिक कलाकृति आ कलाकार कें वैश्विक बाजार सं जोड़निहार ई-कॉमर्स पोर्टल—मधुबनीक कला, संस्कृति आ कलाकार कें नव पहचान, नव अवसर आ नव ऊंचाई प्रदान करबाक दिशा मे ऐतिहासिकउपलब्धि अछि।

## युवा पंजीकरण अभियान मे हिमकर कौंडिन्य कें मधुबनी जिला मे प्रथम स्थान

मधुबनी, समदिया



भारत सरकारक युवा कार्यक्रम एवं खेल मंत्रालयक अंतर्गत संचालित मेरा युवा भारत द्वारा आयोजित सघन युवा पंजीकरण अभियान मे मधुबनी जिलाक हिमकर कौंडिन्य उत्कृष्ट प्रदर्शन करैत जिला मे प्रथमस्थान प्राप्त केलनि। अभियानक उद्देश्य बेसी सं बेसी युवा कें मेरा युवा भारतक मंच सं जोड़ब तथा सामाजिक, सांस्कृतिक, शैक्षणिक, खेल आ राष्ट्र निर्माण सं जुड़ल गतिविधि मे सक्रिय सहभागिताक लेल प्रेरित करब अछि। अभियानक दौरान हिमकर कौंडिन्य सक्रिय भूमिका निभबैत युवा सभ कें पंजीकरण करबाक लेल प्रेरित केलनि आ हुनका सभ कें मेरा युवा भारत सं जुड़बाक संबंध मे जानकारी देलनि।हुनकर निरंतर प्रयास आ उल्लेखनीय योगदानक परिणामस्वरूप ओ मधुबनी जिला मे प्रथम स्थान प्राप्त केलनि। हुनकर उत्कृष्ट योगदानक लेल मेरा युवा भारत, मधुबनीक दिस सं प्रशंसा-पत्र प्रदान कए सम्मानित कएल गेल। ई प्रशंसा-पत्र मेरा युवा भारत, मधुबनीक जिला युवा अधिकारी अमरेंद्र कुमार राय द्वारा प्रदान कएल गेल। सम्मानक माध्यम सं अभियान मे हिमकर कौंडिन्यक सक्रिय सहभागिता आउल्लेखनीय योगदानक सराहना कएल गेल। हिमकर कौंडिन्यक ई उपलब्धि जिला केर अन्य युवा लेल सेहो प्रेरणादायक मानल जा रहल अछि। युवा सभक सक्रिय सहभागिता सं सामाजिक जागरूकता बढ़ेबाक संगनेतृत्व क्षमता, जिम्मेदारी आ राष्ट्र निर्माणक भावनाक सेहो मजबूती भेटैत अछि। एहि उपलब्धि पर युवा,सामाजिक कार्यकर्ता आ शुभचिंतक सभ हिमकर कौंडिन्य कें बधाई दैत हुनकर उज्ज्वल भविष्यक शुभकामना देलनि। लोक सभ कहलनि जे युवा सभ कें सकारात्मक दिशा मे आगू बढ़ि समाज आ राष्ट्र निर्माण मे अपन भूमिका निभयबाक चाही। मधुबनी जिला मे प्रथम स्थान प्राप्त करब हिमकर कौंडिन्यक लेल गौरवपूर्ण उपलब्धि अछि। हुनकर सफलता निश्चित रूप सं अन्य युवा कें सेहो मेरा युवा भारत सं जुड़बाक आ विभिन्न रचनात्मक एवं सामाजिक गतिविधि मे सक्रिय सहभागिता लेल प्रेरित करत।

## 80म स्वतंत्रता दिवस पर 71 भूमिहीन परिवार कें भेटल वासगीत पर्चा

बिस्फी, समदिया

बिस्फी टीपीसी भवनक सभागार मे वितरण समारोह आयोजित कए 80म स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर 71 भूमिहीन परिवार कें वासगीत पर्चा प्रदान कएल गेल। वर्षो सं जमीनक इंतजार मे रहनिहार गरीब परिवारक लेल ई दिन बहुत खुशी आ आशा लए कए आएल। एहि अवसर पर प्रखंड प्रमुख रीता कुमारी,बीडीओ बसंत कुमार सिंह, अंचलाधिकारी संतोष कुमार सिंह, राजस्व पदाधिकारी सविता कुमारी, सीडीपीओ अहमद रजा खां आ समाजसेवी मदन यादव लाभुक परिवार कें अपन हाथ सं वासगीत पर्चा सौंपलनि। वासगीत पर्चा भेटिते लाभुकक चेहरा पर खुशी देखबा



लेल भेटल। वर्षो के इंतजारक बाद अपन आशियानाक लेल जमीनक अधिकार भेटब हुनका सभक लेल स्वतंत्रता दिवसक सभ सं पैघ उपहार बनिगेल।सीओ संतोष कुमार कहलनि जे एकटा अभियानक अंतर्गत 71 गरीब परिवार कें वासगीत पर्चा देल गेलअछि। सभ लाभुक कें एहि जमीन पर आवास बनयबाक लेल अपील कएल गेल अछि। ओ कहलनि जे ई अभियान निरंतर चलैत रहत आ सभ भूमिहीन परिवार कें जमीन उपलब्ध कराओल जाएत। ओ कहलनि जे जतय जमीन उपलब्ध नहि होयत, ओतय सरकार जमीन खरीद कए भूमिहीन परिवार कें उपलब्ध करयबाक अभियान चलाओत।

## हिंदी हैं हम थीम पर न्यू दिल्ली पब्लिक स्कूल मे सांस्कृतिक कार्यक्रम आयोजित

फारबिसगंज, समदिया

आजादीक 80म उत्सवक अवसर पर न्यू दिल्ली पब्लिक स्कूल मे हिंदी है हम, वतन है शीर्षकक अंतर्गत सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक शुभारंभ विद्यालय प्रशासक ऋतुराज करण अमरशहीद आ भारत माताक तस्वीर पर दीप प्रज्वलित कए पुष्पांजलि अर्पित करैत केलनि। एहि मनोरम अवसर पर विद्यालयक सभ शिक्षक, छात्र-छात्रा आ अभिभावक बढ़ि-चढ़ि कए सहभागिता देलनि। कार्यक्रमक दौरान देशभक्ति सं जुड़ल नारा सं पूरा विद्यालय परिसर गूंजि उठल। देशप्रेम आ राष्ट्रभक्तिक वंदना सं उपस्थित सभ श्रोता भावविभोर भए गेलाह। ध्वजारोहण कार्यक्रम विद्यालय प्रशासक ऋतुराज करण आ प्राचार्य मो. अफसार आलम संयुक्त रूप सं केलनि।ध्वजारोहणक बाद खुशी मेहता, पियुष भगत, अंशु कुमारी, दीक्षा कुमारी आदि बच्चा राष्ट्रगानक मनमोहकप्रस्तुति देलनि, जाहि सं उपस्थित सभ लोक मंत्रमुग्ध देखाइ पड़लाह। ओतहि ऐ मेरे वतन के लोगों...गीतक प्रस्तुति कक्षा-4क बच्ची वेदांशी आ जोहेब अपन सुमधुर गायन सं देलनि, जाहि सं उपस्थितजनसमूह



भावविभोर भए गेल। एहि अवसर पर विभिन्न सांस्कृतिक कार्यक्रमक संग सफदर हाशमी द्वारा लिखित नुक्कड़ नाटक हल्ला बोलक मंचन सेहो कएल गेल। नंदनी, शिवानी, प्रिंस, विराज, सुशांत, अरमान अली, सेजल, अदिति गुप्ता सहित अन्य बच्चा अपन प्रभावशाली अभिनयक माध्यम सं देशक नाम संदेश देलनि। कार्यक्रमक समापन विद्यालय निदेशक आकाश भगत केलनि। ओ कहलनि, शिक्षाक वास्तविक उद्देश्य मात्र किताबी ज्ञान देब नहि, बल्कि देशक प्रति अपन कर्तव्यक बोध करेनाइ सेहो अछि। एहि अवसर पर सूजन आले, मनीष मिश्रा सतीश, मरगुब आलम, सुधीर यादव, कृष्णदेव सिंह, रोहित गुप्ता, रीना झा, बरखा देव, स्नेहा जायसवाल, रूपाली कर्ण सहित शिक्षक आ अभिभावक उपस्थित छलाह।

## प्राचार्य केलनि श्रद्धापूर्वक झंडोत्तोलन

मधुबनी, समदिया

मधुबनी स्थित देवनारायण यादव कॉलेज मे 80म स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर प्राचार्य डॉ. चंद्रशेखर प्रसाद श्रद्धापूर्वक झंडोत्तोलन केलनि। शिक्षक आ शिक्षकेत्तर कर्मी सभ तिरंगा कें सलामी देलनि।प्रधानाचार्य डॉ. प्रसाद अमर शहीद आ महापुरुष सभ कें नमन करैत कहलनि जे बाबासाहेब भीमराव आंबेडकर द्वारा प्रदत्त संविधानक रक्षा करबाक जवाबदेही हम सभक अछि। हमर संविधान मे सभक बेहतरीक बाट अछि। डॉ. प्रसाद कहलनि जे कॉलेज आ शैक्षिक समृद्धिक लेल सभक सहयोग अपेक्षित अछि। बदलैत शिक्षा पद्धतिक अनुरूप सिस्टम कें अपडेट करबाक आवश्यकता अछि। शिक्षक सभ सेहो कई सकारात्मक सुझाव देलनि। मौका पर प्रो. अरुण कुमार, प्रो. हरिश्चंद्र यादव, डॉ. कृष्ण कुमार, प्रो. सुरेशयादव, प्रो. विमल कुमार सिंह, प्रो. अखिलेश्वर यादव, प्रो. महेंद्र यादव, प्रो. रामपरीक्षण यादव, मुन्ना कुमार,धर्मेंद्र कुमार यादव, गंगाराम यादव, रामविलास राम, जीबछ यादव, राजकुमार यादव, महेंद्र यादव सहित सभकार्यरत कर्मी उपस्थित छलाह।

## राष्ट्रभक्तिक रंग मे रंगल घोघरडीहा नगर पंचायत, निकलल भव्य तिरंगा यात्रा

मधुबनी, समदिया

स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर देशभक्ति, राष्ट्रीय एकता आ अखंडताक भावना कें सुदृढ़ करबाक उद्देश्य सं नगर पंचायत घोघरडीहा प्रशासन द्वारा शुक्रदिन भव्य तिरंगा यात्राक आयोजन कएल गेल। तिरंगा यात्रा मे नगर प्रशासनक पदाधिकारी, जनप्रतिनिधि, कार्यालयक कर्मी, शिक्षक आ पैघ संख्या मे विद्यालयक छात्र-छात्रा उत्साहपूर्वक भाग लए कए राष्ट्रभक्तिक संदेश देलनि। तिरंगा यात्रा मे मुख्य पार्षद अनिल कुमार मंडल, उप मुख्य पार्षद प्रतिनिधि, कार्यपालक पदाधिकारी दीप कुमार, नगर स्वच्छता पदाधिकारी नौशाद आलम सहित नगर पंचायत कार्यालयक अन्य पदाधिकारी आ



कर्मचारी उपस्थित छलाह। एकर अतिरिक्त प्लस-2 भोला उच्च विद्यालय, घोघरडीहाक पैघ संख्या मे छात्र-छात्रा आ शिक्षकगण सेहो तिरंगा यात्रा मे सक्रिय सहभागिता देलनि।तिरंगा यात्रा मे छात्र-छात्रा आ अन्य सहभागी सभक हाथ मे राष्ट्रीय ध्वज तिरंगा लहरा रहल छल।देशभक्ति सं जुड़ल संदेश आ नाराक संग निकलल यात्रा सं पूरा वातावरण राष्ट्रभक्ति सं ओत-प्रोत भएगेल। तिरंगाक प्रति सम्मान आ देशक प्रति समर्पणक भावना यात्राक दौरान स्पष्ट रूप सं देखल गेल।यात्रा मे शामिल लोक सभ राष्ट्रीय एकता, अखंडता, भाईचारा आ देशप्रेमक संदेश दैत आम नागरिक कें सेहो राष्ट्र निर्माण मे अपन भूमिका निभयबाक लेल प्रेरित केलनि। सहभागी सभ देशक प्रगति, स्वच्छता, सामाजिक सद्भाव आ नागरिक दायित्वक प्रति जागरूक रहबाक संकल्प सेहो व्यक्त केलनि। नगर पंचायत द्वारा आयोजित एहि तिरंगा यात्राक मुख्य उद्देश्य आम नागरिक, विशेष कए युवा आ विद्यार्थीकबीच देशभक्तिक भावना मजबूत करब, राष्ट्रीय ध्वजक प्रति सम्मान बढ़ायब तथा राष्ट्रक प्रति जिम्मेदारी आ नागरिक कर्तव्यक प्रति जागरूकता पैदा करब रहल। कार्यक्रमक दौरान छात्र-छात्राक उत्साहपूर्णसहभागिता तिरंगा यात्रा कें विशेष रूप सं आकर्षक आ प्रभावशाली बना देलक। शिक्षकगण सेहो विद्यार्थीक उत्साहवर्धन करैत स्वतंत्रता दिवसक महत्व तथा देशक एकता आ अखंडताक प्रति जिम्मेदारनागरिक बनबाक संदेश देलनि। नगर पंचायत घोघरडीहा द्वारा आयोजित तिरंगा यात्रा मे जनप्रतिनिधि,पदाधिकारी, कर्मी, शिक्षक आ छात्र-छात्राक सामूहिक आ सक्रिय सहभागिता देखबा लेल भेटल। एहि अवसरपर सभ गोटे स्वतंत्रता दिवसक भावनाक जन-जन धरि पहुंचाबय तथा राष्ट्रीय एकता आ सामाजिक सद्भाव कें मजबूत करबाक संदेश देलनि। नगर पंचायत तिरंगा यात्रा कें सफल बनयबाक लेल सहयोग आ उत्साहपूर्वक सहभागिता करबाक लेल सभ जनप्रतिनिधि, पदाधिकारी, कर्मचारी, शिक्षक आ छात्र-छात्राक प्रतिआभार व्यक्त कएलक।

## प्रखंड-सह-अंचल कार्यालय परिसर मे प्रमुख लहरौलनि तिरंगा

बिस्फी, समदिया

बिस्फी प्रखंड मुख्यालय सहित पूरा क्षेत्र मे 80म स्वतंत्रता दिवस उत्साहपूर्वक आ गरिमाक संग मनाओल गेल। जगह-जगह ध्वजारोहण कए तिरंगा कें सलामी देल गेल। प्रखंड मुख्यालय मे प्रमुख रीता कुमारी आ बीडीओ बसंत कुमार सिंह, नूरचक मे पैक्स अध्यक्ष विष्णु देव सिंह यादव, सीएचसी परिसर मे डॉ. अब्दुलबासित, बीआरसी मे बीईओ शेखर कुमार, बाल विकास परियोजना कार्यालय मे सीडीपीओ अहमद रजा खां,बिस्फी थाना परिसर मे अविनाश कुमार, पतौना थाना परिसर मे अनुराग कुमार तथा औसी थाना परिसर मे आदित्य कुमार भगत झंडोत्तोलन केलनि। प्रमुख रीता कुमारी अपन संबोधन मे स्वास्थ्य, सड़क, शिक्षा, खाद्य सुरक्षा, राशन कार्ड, बासगीत पर्चा, किसान सभक लेल आधुनिक



तकनीकी प्रशिक्षण, स्वच्छता आ सुंदर बिस्फी पर विस्तार सं चर्चा केलनि। विद्यालयक प्रधानाध्यापक जयंत कुमार चौधरी, राजेश रंजन,कामोद साफी, राजेश कुमार झा, अशोक साफी, हरिशंकर प्रसाद दास, हेमंत कुमार झा उर्फ मुन्ना, डॉ.कौशलेंद्र कुमार सिंह आ मो. शमीम अपन-अपन विद्यालय मे झंडा फहरौलनि।

### श्री लीलाधर +2 उच्च विद्यालय मे एसडीएम शारंग पाणि पांडेय केलनि झंडोत्तोलन

## बेनीपट्टी मे हर्षोल्लासपूर्वक मनाओल गेल 80म स्वतंत्रता दिवस

बेनीपट्टी, समदिया

अनुमंडल क्षेत्र मे 80म स्वतंत्रता दिवस समारोह पूरा हर्षोल्लास, उमंग आ देशभक्तिक माहौल मे मनाओल गेल। एहि अवसर पर अनुमंडल क्षेत्रक सभ सरकारी आ गैर-सरकारी कार्यालय, निजी संस्थान आ विभिन्नपंचायत मे धूमधाम सं झंडोत्तोलन कएल गेल तथा तिरंगा कें सलामी देल गेल। बेनीपट्टीक श्री लीलाधर +2 उच्च विद्यालय परिसर स्थित सार्वजनिक समारोह स्थल पर अनुमंडल पदाधिकारी शारंग पाणि पांडेय झंडोत्तोलन कए तिरंगा कें सलामी देलनि। एहि दौरान एसडीएम आ डीएसपी परेडक निरीक्षण केलनि। समारोह स्थल पर विभिन्न विद्यालयक छात्र-छात्रा परेड मे भाग लेलनि आ देशभक्ति सं ओत-प्रोत कार्यक्रम प्रस्तुत



केलनि। अनुमंडल कार्यालय परिसर मे एसडीएम शारंग पाणि पांडेय, डीएसपी कार्यालय परिसर मे प्रभारी एसडीपीओ अंकुर कुमार, अवर निबंधक कार्यालय मे सब रजिस्ट्रार अमित कुमार, ग्रामीण कार्य विभाग मे कार्यपालक अभियंता प्रभात कुमार, पीएचसी मे प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. पीएन झा, शहीद भवन परिसर मे एसडीएम तथा बेनीपट्टी थाना परिसर मे थानाध्यक्ष इंस्पेक्टर अनूप कुमार झंडोत्तोलन केलनि।एहि क्रम मे बेनीपट्टी नगर पंचायत कार्यालय परिसर मे मुख्य पार्षद मंजू देवी, प्रखंड कार्यालय परिसर मेप्रमुख सोनी देवी, वन विभाग कार्यालय मे वन क्षेत्रीय पदाधिकारी अभिमन्यु कुमार, कृषि कार्यालय परिसरमे बीएओ नौशाद अहमद तथा अरेर थाना परिसर मे एसएचओ आनंद शंकर गौरव झंडोत्तोलन कए तिरंगा कें सलामी देलनि। अनुमंडल क्षेत्रक विभिन्न पंचायत मे सेहो स्वतंत्रता दिवस समारोह उत्साहपूर्वक मनाओल गेल। मनपौर पंचायत कार्यालय परिसर मे मुखिया अमरेंद्र कुमार मिश्र सुगन, सलहा पंचायत सरकार भवन मे मुखिया रीझन ठाकुर, नवकरही पंचायत भवन मे मुखिया राम संजीवन यादव, परौल पंचायत सरकार भवन मे मुखिया सुनील कुमार यादव, नगवास पंचायत सरकार भवन मे मुखिया सुष्मिता कुमारी, त्योंथ पंचायत सरकार भवन मे मुखिया झा जूली रानी, मुरैठ पंचायत मे मुखिया अख्तरी बेगम, गांगुली मे मुखिया इंदु देवी आ पाली मे मुखिया अमेरिका देवी झंडोत्तोलन केलनि। एकर अतिरिक्त नॉलेज डेवलपमेंट किंडर गार्टन एकेडमी मे निदेशक दिलीप कुमार झा, मिथिलांचल प्राइड पब्लिक स्कूल मे निदेशक कामिनी मिश्रा तथा कंप्यूटर एंड टाइपराइटिंग सेंटर परिसर मे संचालक प्रभेस मिश्रा झंडोत्तोलन कए तिरंगा कें सलामी देलनि।

## बिहार प्रांतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर यूनियनक भेल बैसार

मधुबनी, समदिया




16 अगस्त 2026 कें बाबूबरही मे बिहार प्रांतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर यूनियन, जिला कमिटीक मधुबनीक बैसार संपन्न भेल। बैठकक अध्यक्षता जिला अध्यक्ष कॉम राम नारायण यादव केलनि। बैसारमे जिला सचिव कॉम शशिभूषण प्रसाद, कॉम गंगा राम सिंह, अशोक कुमार यादव, महेंद्र पासवान, राम अवतार साह सहित दर्जनों साथी उपस्थित छलाह। बैसार मे बढ़ैत महंगाई, बेरोजगारी, भ्रष्टाचार, गरीब सं 1200 टका सालाना अवैध वसूली, मनरेगा कानूनक बहाली, विबी रामजी कानून कें निरस्त करब, जमीन रजिस्ट्री फीस मे कएल गेल वृद्धि वापस लेब तथा रद्द राशन कार्डधारी कें पुनः राशन कार्ड देबाक सहित अन्य जनविरोधी मुद्दा पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल। जिला सचिव कॉम शशिभूषण प्रसाद कहलनि जे सरकारक नीतिक कारण मजदूर-किसान सभ संबेसी परेशान छथि। कॉम गंगा राम सिंह बैसार कें संबोधित करैत कहलनि जे सरकार जं अविलंब हुनकासभक मांग नहि मानलक तं जिला भरि मे पैघ आंदोलन कएल जाएत। मांग सभ कें लए कए 2 सितंबरकें मधेपुर, 3 सितंबर कें जयनगर, 7 सितंबर कें लदनिया, 10 सितंबर कें लौकही आ 11 सितंबर कें बाबूबरही प्रखंड मुख्यालय पर धरना-प्रदर्शन आयोजित कएल जाएत। बैसार मे निर्णय लेल गेल जे सभ प्रखंड मे जनसंपर्क अभियान चलाओल जाएत आ बेसी सं बेसी लोक कें आंदोलन सं जोड़ल जाएत।

## 80म स्वतंत्रता दिवस पर एसडीएम लहरौलनि तिरंगा

झंझारपुर, समदिया

अनुमंडल मुख्यालय सहित पूरा क्षेत्र मे 80म स्वतंत्रता दिवस उत्साह, गर्व आ गरिमाक संग मनाओल गेल। झंझारपुरक एसडीएम टोनी कुमारी ललित कर्पूरी स्टेडियम मे ध्वजारोहण कए राष्ट्रध्वज कें सलामीदेलनि। एहि अवसर पर ओ झंझारपुरवासी कें संबोधित करैत केंद्रीय विद्यालयक स्थापना, स्वास्थ्य, सड़क,शिक्षा, खाद्य सुरक्षा लेल राशन कार्ड, बासगीत पर्चा, किसान सभक लेल आधुनिक तकनीकी प्रशिक्षण,स्वच्छता आ सुंदर झंझारपुरक संग रोजी-रोजगार लेल मॉडर्न ग्रीन फैक्ट्री सहित अन्य विषय पर चर्चा केलनि। छात्र सभक बीच आयोजित निबंध प्रतियोगिता मे प्रथम स्थान प्राप्त कएनिहार एमएन झा स्कूलक अंजनी कुमारी, द्वितीय स्थान प्राप्त कएनिहार डीएवीक प्रिया कुमारी आ तृतीय स्थान प्राप्त कएनिहार केजरीवाल हाई स्कूलक सौरभ चौधरी कें समारोहक मंच सं सम्मानित कएल गेल। झंझारपुरव्यवहार न्यायालय परिसर मे एडीजे-1 सुशील कुमार दीक्षित झंडोत्तोलन कए राष्ट्रध्वज कें सलामी देलनि।ओतहि ललित कर्पूरी स्टेडियमक मुख्य समारोह आ अनुमंडल कार्यालय मे एसडीएम टोनी कुमारी,एसडीपीओ आवास पर एसडीपीओ सुबोध कुमार सिन्हा, नगर परिषद कार्यालय मे मुख्य पार्षद बबीता शर्मा, अनुमंडलीय अस्पताल मे उपाधीक्षक डॉ. रमण पासवान, इंस्पेक्टर कार्यालय मे इंस्पेक्टर राजकपूर कुशवाहा आ झंझारपुर थाना परिसर मे थानाध्यक्ष सुनील कुमार सिंह झंडोत्तोलन केलनि। मैक्स अस्पताल मे डॉ. सत्यदेव, एलएनजे कॉलेज झंझारपुर मे प्राचार्य डॉ. (प्रो.) नारायण झा, पीएल महिला कॉलेज झंझारपुर मे प्राचार्य डॉ. सविता कुमारी, मॉडल पब्लिक स्कूल मे विनोद कुमार कर्ण, नोवा हॉस्पिटल मे डॉ. धर्मेंद्र कुमार, हरिना मे मुकुंद झा, भगवती नर्सिंग होम मे सुरेश कुमार, झंझारपुर विद्यापीठ मे अरुणकुमार, भैरव स्थान थाना मे थानाध्यक्ष सत्येंद्र तिवारी आ अररिया संग्राम थाना मे थानाध्यक्ष अर्पण कुमारसहित अन्य पदाधिकारी आ शिक्षण संस्थानक प्रतिनिधि सभ सेहो ध्वजारोहण कए स्वतंत्रता संग्राम सेनानी सभ कें नमन केलनि।

# तेसर सोमवारी पर आइ मटेश्वरधाम मे उमड़त आस्थाक सैलाब

## हजारो कांवरिया गंगाजल लए पैदल भेलाह विदा



» रेलवे स्टेशन पर उमड़ल भीड़, प्रशासन कएलक चाक-चौबंद सुरक्षा व्यवस्था

**सिमरी बख्तियारपुर, सहरसा, समदिया**

श्रावण मासक तेसर सोमारी पर प्रसिद्ध बाबा मटेश्वरधाम मे जलार्पण लेल सोमदिन आस्थाक सैलाब उमड़बाक संभावना अछि। रविदिन जिला सहित कोसी आ सीमांचलक विभिन्न जिला सं हजारो शिवभक्त गेरुआ वस्त्र धारण कए बोलबम आ हर-हर महादेवक जयघोष करैत मुंगेरक छर्रा पट्टी घाट लेल रवाना भेलाह। श्रद्धालु सभ गंगा स्नान कए विधि-विधान सं पूजा-अर्चना केलनि आ गंगाजल भरि बाबा मटेश्वरधामक पैदल यात्रा शुरू केलनि। रविदिन भोर सं सहरसा-मानसी रेलखंडक सोनवर्षा कचहरी, सिमरी बख्तियारपुर, कोपड़िया आ धमारा घाट रेलवे स्टेशन कांवरिया सं पटल रहल। भोर 6 बजे सं दुपहर धरि डाकबमक भीड़ बढ़ैत रहल। सिमरी बख्तियारपुर स्टेशन पर भोर 9 बजे के बाद पयर रखबाक तक जगह नहि बचल। गेरुआ वस्त्रधारी कांवरिया आ बोलबमक जयघोष सं पूरा स्टेशन परिसर शिवमय नजरि आएल।कांवरियाक भारी भीड़क कारण मानसी दिस जाएनिहार लगभग सभ ट्रेन मे क्षमता सं बेसी यात्री सवाररहलाह। कई कोच मे ठाढ़ होयबाक तक जगह नहि छल। भीड़ कें नियंत्रित करबाक लेल स्थानीय थाना आ रेल पुलिस मोर्चा संभलने रहल। पुलिस श्रद्धालु सभ सं सुरक्षित तरीका सं ट्रेन मे चढ़य-उतरय आअनुशासन बनौने रखबाक अपील केलनि। ओतहि कांवरियाक बढ़ैत संख्याक कारण स्टेशन आ बाजार मेपूजन सामग्रीक बिक्री सेहो बढ़ि गेल। टॉर्च, गमछा, झोला, पानिक बोतल, पूजा सामग्री आ रुद्राक्षक माला खूब बिकाएल। तेसर सोमारी कें लए कए मंदिर परिसर, जलार्पण मार्ग आ संवेदनशील स्थान पर सीसीटीवी सं निगरानी, बैरिकेडिंग, पेयजल, चिकित्सा, प्रकाश आ यातायात नियंत्रणक व्यवस्था कएल गेल अछि। दंडाधिकारी आ पुलिस बल कें तैनात कएल गेल अछि। विभिन्न स्थान पर सेवा शिविर सेहो लगाओल गेल अछि। प्रशासनक समक्ष भीड़ नियंत्रण पैघ चुनौती रहत। श्रद्धालु सभ सं धैर्य, अनुशासन आ प्रशासनिक निर्देशक पालन करबाक अपील कएल गेल अछि।

### मटेश्वरधाम मे अर्घा सं होयत जलाभिषेक, गर्भगृह मे श्रद्धालुक प्रवेश पर रोक

**सिमरी बख्तियारपुर, सहरसा, समदिया**

#### तेसर सोमारी पर उमड़त आस्था, प्रशासन अलर्ट



साओनक तेसर सोमवारी पर प्रसिद्ध बाबा मटेश्वरधाम मे श्रद्धालुक संभावित भारी भीड़ कें देखैत जिला प्रशासन सभ तैयारी पूरा कए लेने अछि। श्रद्धालु कें सुगम आ सुरक्षित तरीका सं बाबा मटेश्वरनाथकदर्शन करयबाक लेल मंदिरक गर्भगृह मे अर्घा लगाओल गेल अछि। आब श्रद्धालु गर्भगृह मे प्रवेश केने बिना अर्घाक माध्यम सं बाबा मटेश्वरनाथक जलाभिषेक कए सकताह। भीड़ आ गर्भगृह मे बेसी संख्या मे श्रद्धालुक प्रवेश सं उत्पन्न होमयवला अव्यवस्था कें रोकबाक लेल गर्भगृह मे प्रवेश पर रोक लगा देल गेल अछि। प्रशासनक मानब अछि जे अर्घाक माध्यम सं जलाभिषेकक व्यवस्था सं श्रद्धालु कम समय मे दर्शन आ पूजा कए सकताह तथा भीड़ नियंत्रण मे सेहो सहायता भेटत। तेसर सोमारी पर पैघ संख्या मे श्रद्धालु आ कांवरियाक पहुंचबाक संभावना कें देखैत मंदिर परिसर सहित आसपासक क्षेत्र मे भीड़ नियंत्रणक पुख्ता व्यवस्था कएल गेल अछि। प्रवेश आ निकास लेल आवश्यक प्रबंध कएल गेल अछि। मंदिर परिसर आ आसपासक क्षेत्र मे पुलिस आ प्रशासनिक पदाधिकारीक निगरानी रहत। श्रद्धालुक सुविधा लेल साफ-सफाई, पेयजल, प्रकाश आ अन्य आवश्यक व्यवस्था कें सेहो दुरुस्त कएल गेल अछि।प्रशासन श्रद्धालु सभ सं निर्धारित मार्ग आ कतारक पालन करबाक तथा व्यवस्था बनौने रखबा मेसहयोग करबाक अपील केलक अछि। अर्घा व्यवस्थाक कारण गर्भगृह मे भीड़क दबाव कम होयबाक आशाअछि। सभ तैयारी एसडीएम आलोक राय आ न्यास समितिक देखरेख मे चलि रहल अछि। प्रशासन श्रद्धालुक सुरक्षा आ सुविधा कें सर्वोच्च प्राथमिकता दैत सोमारी कें लए कए पूर्ण रूप सं सतर्क रहबाक निर्णय लेने अछि।

# 314.700 लीटर नेपाली शराबक संग दू युवक कें सिकटी पुलिस पकड़लक

**अररिया, समदिया**



सिकटी थाना पुलिस ने गुप्त सूचना के आधार पर थाना क्षेत्रक श्मशान घाट, कुतुंबगंज-कुचहा रोडक समीप सं 314.700 लीटर नेपाली शराबक संग 2 युवक कें मोटरसाइकिल समेत पकड़लक। पकड़ाए युवकक पहचान पलासी थाना क्षेत्रक चौरी निवासी बिट्टू, उम्र 27 वर्ष, पिता मुनील राम आ रवि कुमार, उम्र 19 वर्ष, पिता सुनील रामक रूप मे भेल अछि।पुलिसक अनुसार दुनू युवक टीवीएस राइडर मोटरसाइकिल सं शराब लए जा रहल छल। दुनू युवकक लगसं नील रंगक बैग मे 120 बोतल आ काला रंगक बैग मे 120 बोतल रेशम लीची नेपाली शराब बरामद भेल। एहि सं कुल 72 लीटर शराब बरामद कएल गेल। पूछताछक बाद पुलिस पकड़ाएल स्थान सं किछु दूरी पर सड़कक कात झाड़ी मे लुका कए राखल 11 बोरा शराब सेहो बरामद केलक। एहि बोरा सं 242.700 लीटर शराब बरामद भेल। एहि प्रकारे कुल 72 लीटर आ 242.700 लीटर मिला कए 314.700 लीटर रेशम लीची नेपाली देशी शराब बरामद कएल गेल। थानाध्यक्ष रौशन कुमार सिंह कहलनि जे शराबकसंग पकड़ाएल दुनू युवक कें शराब परिवहनक आरोप मे गिरफ्तार कए लेल गेल अछि। आवश्यक कारबाइक बाद दुनू कें माननीय न्यायालय मे उपस्थापन लेल पठाओल जा रहल अछि।

# सीतामढ़ी मे शिव शिष्यता कार्यशाला, 1000 सं बेसी लोक लेलनि भाग

**सीतामढ़ी, समदिया**



सीतामढ़ी शहर मे शिव शिष्य परिवारक तत्वावधान मे एक दिवसीय शिव शिष्यताक पृष्ठभूमि, व्याप्ति एवं प्रयोजन विषय पर कार्यशालाक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रम मे जिलाक विभिन्न प्रखंड सं पहुंचल करीब 1000 सं बेसी लोक भाग लेलनि। कार्यशालाक उद्देश्य लोक कें भगवान शिव कें गुरु रूप मे स्वीकारकरबाक आ शिव शिष्यताक संदेश सं अवगत करेनाइ रहल। कार्यक्रमक शुभारंभ मुख्य अतिथि अर्चित आनंद जी सहित अन्य अतिथि सभ दीप प्रज्वलित कए केलनि। एहि दौरान शिव शिष्य साहब श्री हरिंद्रानंद जीक चित्र पर पुष्प अर्पित कए कार्यक्रमक शुभारंभ कएल गेल। मुख्य वक्ता अर्चित आनंद जी कहलनि जे भगवान शिव मात्र पूजा आ आराधनाक विषय नहि, बल्कि गुरुस्वरूप मे मानव जीवन कें सही दिशा देखेनिहार छथि। ओ कहलनि जे शिव शिष्य साहब श्री हरिंद्रानंदजी वर्ष 1974 मे भगवान शिव कें अपन गुरु माननलि आ हुनकर विचार सं प्रेरित भए शिव शिष्यताकसंदेश लोक धरि पहुंचय लागल। ओ कहलनि जे शिव शिष्यता कोनो जाति, धर्म वा वर्ग धरि सीमित नहिअछि। एकर उद्देश्य मानव जीवन मे सकारात्मक सोच, सेवा, प्रेम आ सद्भावनाक भाव कें बढ़ावा देबअछि। कार्यक्रमक दौरान जिलाक विभिन्न प्रखंड सं आएल शिव शिष्य सभ सेहो अपन विचार साझा केलनि। कार्यक्रम कें सफल बनयबा मे आयोजक मंडलक संग पैघ संख्या मे शिव शिष्य आ गुरु बहिन सभ सक्रिय भूमिका निभौलनि। कार्यक्रमक सफलता मे संदीप कुमार पाठक, संजय गुरु भाई, लक्ष्मण मंडल, केशव चौधरी, सुनील कुमार, बबलू ठाकुर, शत्रुघ्न, राकेश, सुजीत, रामपुकार, गीता देवी, पूजा शरण, प्रेमशिला देवी, प्रीति देवी, लीलाकांति देवी, कृष्णा देवी सहित कई लोकक महत्वपूर्ण योगदान रहल।

# समाज संगठित होयत तखने हम राजनीति मे आगू बढ़ि सकैत छी : अनिता साह

**जनकपुरधाम, समदिया**




समाज जखन धरि संगठित नहि होयत, तखन धरि हम राजनीति मे आगू नहि बढ़ि सकैत छी। किएक तं हम सभ संगठित नहि छी। जखन धरि हम सभ संगठित नहि होब, तखन धरि कोनो क्षेत्र मे आगू नहि बढ़ि सकैत छी। उपरोक्त बात शनिदिन जनकपुरधामक राम बहादुर साह धर्मशाला मे आयोजित तेली कल्याण समाज नेपाल, जनकपुरधाम उपमहानगरपालिका वार्ड नं. 1 कार्यसमितिक दोसर महाधिवेशन मे प्रमुख अतिथिक रूप मे संबोधित करैत नेपाल सरकारक पूर्व केंद्रीय मंत्री अनिता साह कहलनि। ओ कहलनि जे नेपालक मधेश क्षेत्र मे हमर जनसंख्या यादवक बाद दोसर स्थान पर अछि। ओ समाजक लोक कें शिक्षा पर बेसी ध्यान देबाक आह्वान करैत कहलनि जे एक रोटी कम खाउ, मुदा बच्चा केंपढ़ाउ। अंधविश्वास आ दहेज प्रथा उन्मूलनक लेल सेहो समाज कें आगू आबय पड़त। महेशक अध्यक्षता आ शैलेंद्र साहक संयोजकत्व मे संपन्न एहि महाधिवेशन मे वर्तमान कार्यसमिति कें पुनः मनोनीत कएलगेल। कार्यक्रम मे नेपाल तेली कल्याण समाजक महासचिव सत्य नारायण साह, केंद्रीय सदस्य जगदीश साह, जिला अध्यक्ष ललित कुमार साह, राष्ट्रीय स्वतंत्र पार्टीक युवा नेता अंबू प्रसाद साह, बिगुल साह, राम किशोर साह, राम बाबू साह सहित कई लोक अपन विचार रखलनि।

# नेताजी सुभाष स्टेडियम मे भेल स्वतंत्रता दिवसक मुख्य समारोह

**अररिया, प्रभु झा, समदिया**

## प्रभारी मंत्री डॉ. रामचंद्र प्रसाद केलनि ध्वजारोहण



आजाद भेल आइ देश हमर, एहि लेल पंद्रह अगस्त अछि हमरा सभ कें प्यारा। चारूकात देशभक्ति गीत सं भक्तिमय वातावरण, भारतीय परिधान मे सजल छात्र-छात्रा, हाथ मे तिरंगा आ भारत माता की जय, वंदे मातरम्क जयघोष सं पूरा वातावरण गूंजि उठल। हिंद देशक प्यारा झंडा, ऊंचा सदा रहतक स्वर संगकरतल ध्वनि सं वातावरण देशभक्तिमय बनि गेल। जिला मे सरकारी आ गैर-सरकारी संस्थान सभ मेशानक संग राष्ट्रध्वज फहराओल गेल। जिला मे मुख्य समारोह नेताजी सुभाष स्टेडियम मे हर्षोल्लास आ देशभक्तिक वातावरण मे आयोजित कएल गेल। मुख्य समारोह मे बिहार सरकारक पर्यावरण, वन एवं जलवायु परिवर्तन विभागक मंत्री-सह-जिलाक प्रभारी मंत्री डॉ. रामचंद्र प्रसाद ध्वजारोहण केलनि। एहि बाद ओ सलामी गारदक निरीक्षण केलनि आ जिलावासी कें स्वतंत्रता दिवसक शुभकामना देलनि। समारोह मेजिला पदाधिकारी विनोद दूहन, पुलिस अधीक्षक जितेंद्र कुमार, जिला परिषद अध्यक्ष आफताब अजीमसहित अन्य जनप्रतिनिधि आ सभ जिला स्तरीय पदाधिकारी उपस्थित छलाह। प्रभारी मंत्री अपन संबोधनमे कहलनि जे ई गौरवपूर्ण दिवस हमरा सभ कें ओहि अनगिनत स्वतंत्रता सेनानीक त्याग, संघर्ष आबलिदानक स्मरण करबैत अछि, जिनकर अथक प्रयास सं देश कें आजादी भेटल। ओ कहलनि जे स्वतंत्रता दिवसक आयोजन सेवा, सम्मान आ जनकल्याणक प्रति हमर सभक प्रतिबद्धता कें आओर मजबूत करैत अछि। जिलाक सर्वांगीण विकास लेल सरकारक दृढ़ संकल्पक संग आम लोकक सहयोग कें सेहो ओ महत्वपूर्ण बतौलनि। जिला पदाधिकारी विनोद दूहन समाहरणालय परिसर मे राष्ट्रीय ध्वज फहरौलनि आ जिलावासी कें स्वतंत्रता दिवसक शुभकामना देलनि। एहि अवसर पर पुलिस अधीक्षक अररिया जितेंद्र कुमार सहित सभ जिला स्तरीय पदाधिकारी उपस्थित छलाह। समाहरणालय परिसर मे ध्वजारोहणक बादजिला पदाधिकारी अनुमंडल कार्यालय परिसर स्थित बाबा साहेब डॉ. भीमराव आंबेडकरक प्रतिमा पर माल्यार्पण कए श्रद्धांजलि अर्पित केलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे स्वतंत्रता दिवस हमरा सभ कें देशक आजादी लेल अपन प्राणक बलिदान देनिहार वीर स्वतंत्रता सेनानी सभक त्याग, संघर्ष आ समर्पणक स्मरण करबैत अछि। ओ सभ सं राष्ट्रक एकता, अखंडता आ विकास लेल मिलि कए कार्य करबाकआह्वान केलनि। बाबा साहेबक योगदान कें स्मरण करैत ओ सामाजिक न्याय, समानता आ संविधानक मूल्यमान कें मजबूत करबाक संदेश देलनि। एकर बाद जिला पदाधिकारी हड़िया पंचायतक मदर टेरेसा कॉलोनी, वार्ड संख्या-12 स्थित महादलित टोल मे आयोजित स्वतंत्रता दिवस समारोह मे भाग लेलनि। समारोह मे स्थानीय बुजुर्ग गरभू ऋषिदेव ध्वजारोहण केलनि। ओतहि जिला परिषद कार्यालय मे जिलापरिषद सदस्य आफताब आलम उर्फ पप्पू अजीम तिरंगा फहरौलनि। प्रखंड मुख्यालय सिकटी मे प्रखंड प्रमुख नरगीस बेगम, बाल विकास परियोजना कार्यालय मे प्रभारी सीडीपीओ रेणु कुमारी, सीएचसी सिकटी मे प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. अजमत राणा, सिकटी थाना मे थानाध्यक्ष रौशन कुमार, बरदाहा थानामे प्रभारी थानाध्यक्ष लक्ष्मण पासवान, एसएम पब्लिक स्कूल मे प्राचार्य अभिषेक कुमार, अभिनव विद्याबिहार मे प्राचार्य केदारनाथ मिश्र, आरकेसीके कॉलेज बरदाहा मे प्राचार्य शिवनारायण झा आ मां जगदंबा फ्यूल सेंटर बरदाहा मे मैनेजर सुरेश प्रसाद मंडल ध्वजारोहण केलनि। मजरख पंचायत भवन मे मुखिया रमेश यादव, ठेंगापुर पंचायत भवन मे मुखिया प्रदीप कुमार झा उर्फ बबन झा, बरदाहा पंचायत भवन मे मुखिया परवेज आलम, बोकंतरी पंचायत भवन मे मुखिया रामदेव पासवान, भिड़भिड़ी पंचायत भवन मे मुखिया नीलम देवी, डेढ़ुआ पंचायत भवन मे मुखिया संतोष कुमार झा आ व्यापार मंडल मे अध्यक्ष योगेंद्र विश्वास सेहो ध्वजारोहण केलनि।

# रुपौली मे राजद नेत्रीक आवास पर भेल झंडोत्तोलन

**सीतामढ़ी, समदिया**



स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर रून्नीसैदपुर प्रखंड क्षेत्रक रुपौली गाम स्थित इंद्राणी एचपी गैस एजेंसी परिसर-सह-आवास पर राजद नेत्री आ सीतामढ़ी जिला परिषदक पूर्व जिलाध्यक्ष झंडोत्तोलन केलनि। ओराष्ट्रीय ध्वज फहराकऽ सलामी देलनि तथा उपस्थित लोक कें स्वतंत्रता दिवसक शुभकामना देलनि। एहिअवसर पर पैघ संख्या मे स्थानीय लोक उपस्थित छलाह। राजद नेत्री कहलनि जे स्वतंत्रता दिवस देशकएकता, अखंडता आ लोकतांत्रिक मूल्यक प्रति अपन कर्तव्य कें स्मरण करबाक अवसर अछि। ओ सभ लोक सं देशक प्रगति आ सामाजिक सौहार्द बना रखबाक दिशा मे अपन भूमिका निभयबाक अपील केलनि।

## डीएम, एसपी आ डीडीसी हाथ मे तिरंगा लए कयलनि मार्च

# हर घर तिरंगा अभियान मे सीमावर्ती क्षेत्र मे भव्य मानव श्रृंखला

**सीतामढ़ी, समदिया**





हर घर तिरंगा अभियान-2026 कए अंतर्गत शनिदिन जिलाक पांचटा प्रखंड सं होइत गुजरऽवला सीमावर्ती क्षेत्र मे भव्य मानव श्रृंखला आयोजित कएल गेल। एहि आयोजनक माध्यम सं राष्ट्रीय एकता, अखंडता, आपसी भाइचारा आ देशभक्तिक भावना कें मजबूत करबाक संदेश देल गेल। मुख्य कार्यक्रम कन्हौलीस्थित एसएसबी कैंपक लग आयोजित भेल, जतय पैघ संख्या मे लोक पूरा उत्साह आ उमंगक संग अपनसहभागिता देलनि। मुख्य कार्यक्रम स्थल पर जिलाधिकारी रिची पांडेय, पुलिस अधीक्षक अमित रंजन, उप विकास आयुक्त श्वेता भारती सहित पैघ संख्या मे आम लोक, जनप्रतिनिधि, पदाधिकारी, कर्मी आ स्थानीय लोक हाथ मे तिरंगा लेने मार्च कयलनि आ देशभक्तिक नारा सं वातावरण गुंजायमान कय देलनि। पूरा सीमावर्ती क्षेत्र मे तिरंगाक संग लोकक सहभागिता आ देशभक्तिक जज्बा देखाइत रहल, जाहि सं वातावरण राष्ट्रप्रेम सं ओत-प्रोत भए गेल। एहि अवसर पर जिलाधिकारी रिची पांडेय कहलनि जे सीमावर्ती क्षेत्र मात्र भौगोलिक दृष्टिए महत्वपूर्ण नहि, बल्कि राष्ट्रीय सुरक्षा आ सामाजिक एकताक दृष्टिए सेहो एकर विशेष महत्त्वअछि। हर घर तिरंगा जकां आयोजन लोक मे राष्ट्रक प्रति गौरव आ जिम्मेदारीक भावना कें आर मजबूतकरैत अछि। डीएम कहलनि जे सीमावर्ती गाम धरि विकासक किरण पहुंचेनाइ जिला प्रशासनक प्राथमिकता अछि। शिक्षा, सड़क, बिजली, स्वास्थ्य, पेयजल सहित मूलभूत सुविधाक विस्तार लेल लगातार काज कएलजा रहल अछि, जाहि सं सीमावर्ती क्षेत्रक लोक कें नीक सुविधा भेटय आ विकासक मुख्यधारा सं हुनकर जुड़ाव आर मजबूत हो। जिलाधिकारी युवा सं विशेष रूप सं अपील करैत कहलनि जे ओ अपन ऊर्जा आ समयक सदुपयोग शिक्षा, कौशल विकास आ रचनात्मक गतिविधि मे करथि आ सोशल मीडिया पर अनावश्यक रूप सं बेसी समय बिताबऽ सं बचथि । साइबर अपराधक बढ़ैत खतरा प्रति लोक कें सजग रहबाक अपील करैत ओ कहलनि जे कोनो संदिग्ध लिंक, फोन कॉल अथवा ऑनलाइन गतिविधि प्रति सावधान रहबाक आवश्यकता अछि। डीएम कहलनि जे सीमावर्ती क्षेत्र मे उर्वरकक अवैध आवाजाही, मादक पदार्थ आ अन्य गैरकानूनीगतिविधि पर प्रभावी रोक लेल प्रशासन आ पुलिस द्वारा लगातार कारबाइ कएल जा रहल अछि। एहिकाज मे आम लोकक जागरूकता आ सहयोग सेहो अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। पुलिस अधीक्षक अमित रंजन कहलनि जे सीमावर्ती क्षेत्रक सुरक्षा मात्र प्रशासन आ पुलिसक जिम्मेदारी नहि, बल्कि आम नागरिकक सेहो साझा जिम्मेदारी अछि। ओ लोक सं कोनो संदिग्ध गतिविधिक जानकारी तत्काल पुलिस अथवा प्रशासन कें देबाक अपील कयलनि। संगहि साइबर अपराध सं सतर्क रहबाक आ युवाकऽ नशा सहित अन्य गैरकानूनी गतिविधि सं दूर रखबाक प्रयास मे सहयोग करबाक आग्रह कयलनि। मानव श्रृंखला मे शामिल लोक हाथ मे तिरंगा लेने राष्ट्रक एकता आ अखंडता कें अक्षुंण रखबाक संकल्प लेलनि। एहि दौरान भारत माता की जय आ वंदे मातरम् सहित देशभक्तिक नारा सं सीमावर्ती क्षेत्र गुंजायमान रहल।

# 80म स्वतंत्रता दिवस पर प्रभारी मंत्री मिथिलेश तिवारी केलनि ध्वजारोहण

## गुड सेमेरिटन, सामाजिक संस्था आ परेड मे नीक प्रदर्शन कएनिहार दल भेल सम्मानित

**सहरसा, समदिया**



80म स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर शनिदिन स्थानीय स्टेडियम मे आयोजित मुख्य राजकीय समारोह मे शिक्षा विभागक मंत्री-सह-जिलाक प्रभारी मंत्री मिथिलेश तिवारी राष्ट्रीय ध्वज फहरौलनि। ध्वजारोहणकबाद समारोह स्थल राष्ट्रगान सं गूंजि उठल आ उपस्थित जनसमूह राष्ट्रीय ध्वज कें सम्मान अर्पित केलनि। एहि दौरान पूरा समारोह स्थल देशभक्ति, राष्ट्रीय एकता आ गौरवक भाव सं ओत-प्रोत रहल। ध्वजारोहणक बाद प्रभारी मंत्री खुलल वाहन मे सवार भए समारोह मे शामिल 9 बटालियनक जवान सभक बारी-बारी सं परेड निरीक्षण केलनि। परेड मे महिला पुलिस बल, एनसीसी, स्काउट, श्वान दस्ता, अग्निशमन दल आ एंबुलेंस दल सेहो शामिल रहल। जवान सभ अनुशासन आ कर्तव्यनिष्ठाक शानदार प्रदर्शन कए समारोह मे उपस्थित लोकक उत्साह बढ़ौलनि। समारोहक दौरान जिला मे उत्कृष्ट आसराहनीय कार्य कएनिहार पदाधिकारी सभ कें प्रभारी मंत्री प्रशस्ति-पत्र आ सम्मान प्रदान कए सम्मानित केलनि। उत्कृष्ट कार्य लेल जिला आपूर्ति पदाधिकारी प्रमोद कुमार आ विशेष कार्य पदाधिकारी राजू कुमार कें सम्मानित कएल गेल। हुनका सभ कें अपन कार्यक प्रति समर्पण, कर्तव्यनिष्ठा आ प्रशासनिक दायित्वक प्रभावी निर्वहन लेल सम्मान देल गेल।समारोह मे मानवीय संवेदना आ सामाजिक जिम्मेदारीक परिचय दैत राहगीरक सहायता कएनिहारज्योतिकांत कुमार, राजू कुमार आ राकेश सरन कें गुड सेमेरिटनक रूप मे सम्मानित कएल गेल। ओतहिभामाशाह सम्मान योजनाक अंतर्गत सामाजिक आ जनहितकारी कार्य मे योगदान लेल मैसर्स मेविश मोटर्स, शंकर ट्रेडिंग आ श्रीनिवास प्रदीप साह ऑटोमोबाइल कें सम्मान प्रदान कएल गेल। स्वतंत्रता दिवस समारोह मे आयोजित कैडेट बटालियन परेड मे उत्कृष्ट प्रदर्शन कएनिहार दल सभ कें सेहो पुरस्कृत कएल गेल। प्रथम पुरस्कार प्लाटून-1 बीएसएपी, द्वितीय पुरस्कार प्लाटून-3 जिला महिला बल आ तृतीय पुरस्कार एनसीसी महिला दल कें प्रदान कएल गेल। एहि अवसर पर प्रभारी मंत्री मिथिलेश तिवारी 80म स्वतंत्रता दिवस पर जिलावासी आ देशवासी कें बधाई आ शुभकामना देलनि। ओ बिहार सरकार द्वारासंचालित निश्चय योजनाक माध्यम सं राज्य मे भए रहल विकास कार्यक चर्चा करैत कहलनि जे विकासक ई गति आगू सेहो जारी राखल जायत। ओ कहलनि जे कोसी ज्ञानक धरती अछि आ एहि ठामक प्रतिभा सभ विभिन्न क्षेत्र मे अपन पहचान बनेने छथि। समारोह मे जिलाधिकारी दीपेश कुमार, पुलिस उपमहानिरीक्षक, कोसी प्रक्षेत्र कुमार आशीष, पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहाग, उप विकास आयुक्त गौरव कुमार, वरीय उप समाहर्ता-सह-जिला जनसंपर्क पदाधिकारी तोसी कुमारी, अनुमंडल पदाधिकारी श्रीयांश तिवारी, सदरक महापौर बैन प्रिया सहित अन्य वरीय जिला स्तरीयपदाधिकारी, कर्मी आ पैघ संख्या मे गणमान्य नागरिक उपस्थित छलाह। समारोहक दौरान उपस्थित लोक स्वतंत्रता सेनानी आ राष्ट्र निर्माण मे योगदान देनिहार महान विभूति सभक प्रति श्रद्धा आ सम्मान व्यक्त केलनि।

# श्रद्धाक नगर जतय सामूहिकता सभ्यताक स्थापत्य बनैत अछि



कुमार नितेश

श्रावणी पथ : कड़ी-17

श्रावणी पथ पर प्रत्येक वर्ष श्रद्धाक ईंट सं एकटा नगर बसैत अछि। ओकर स्थापत्य ईंट-पाथर मे नहि, बल्कि मनुष्यक भीतर निर्मित होइत अछि। श्रद्धा ओकर ईंट, विश्वास ओकर गारा आ सामूहिकता ओकर नींव अछि। एहि नींव पर ई अस्थायी नगर ठाढ़ होइत अछि। आश्चर्यक बात अछि जे एहि नगरक कोनो शिलान्यास नहि होइत अछि, कोनो नगर-निगम नहि, कोनो स्थायी पता नहि; तैयो प्रत्येक सावन ई ओतबे निश्चितता सं बसैत अछि, जतेक निश्चितता सं उत्तरवाहिनी गंगा बहैत छथि आ कांवरियाक चरण देवघर दिस बढ़ैत अछि।

इतिहास प्रायः नगरक कथा ईंट-पाथरक माध्यम सं कहैत अछि। पुरातत्वविद् जखन कोनो प्राचीन नगरक खोज करैत छथि, तं माटि मे दबायल अवशेष सं सभ्यताक इतिहास लिखैत छथि। टूटल देवाल, पकायल ईंट, पुरान कूप, गली, घरक नींव आ माटिक भांड़ाक टुकड़ा हुनका लेल मात्र वस्तु नहि, बल्कि ओहि जीवनक साक्ष्य होइत अछि जे कहियो ततय धड़कैत छल।

मुदा श्रावणी पथक नगर एहि अर्थ मे सर्वथा भिन्न अछि। संसारक अधिकांश अस्थायी बस्ती युद्ध, बाढ़ि, भूकंप, सुखाड़, विस्थापन वा आजीविकाक विवशता सं जन्म लैत अछि। ओ सभ टूटल जीवन कें किछु समय लेल सम्हारबाक प्रयास होइत अछि। मुदा सुल्तानगंज सं देवघर धरि बसनिहार ई नगर विवशताक नहि, परंपराक नगर अछि; विस्थापनक नहि, स्वेच्छाक नगर अछि; संकटक नहि, श्रद्धाक नगर अछि। किछु सप्ताह लेल ई मार्ग मात्र सड़क नहि रहि जाइत अछि। ई एकटा जीवित नगरक रूप धारण कए लैत अछि। लाखो लोक एकर नागरिक बनैत छथि। कतहु भोजन बनैत अछि, कतहु विश्रामक व्यवस्था होइत अछि, कतहु चिकित्सा, कतहु जलक सेवा। अनगिनत अपरिचित लोक किछु दिन लेल एक-दोसरक जीवनक सहभागी बनि जाइत छथि। केओ थाकल अछि तं केओ ओकरा सहारा दैत अछि; केओ प्यासल अछि तं केओ जल बढ़ा दैत अछि। परिचयक आवश्यकता नहि पड़ैत अछि - मनुष्यक आवश्यकता मात्र देखल जाइत अछि।

स्थायी नगरक अपन भूगोल, सीमा, पता आ स्वामित्व होइत अछि। श्रावणी पथक नगरक सब सं पैघ सत्य ओकर अस्थायित्व अछि। तंबू उखड़ि जाएत,



पड़ाव सिमटि जाएत, चूल्हा बुझि जाएत आ सड़क फेर अपन सामान्य रूप मे आबि जाएत। मुदा एहि अस्थायित्वक कारणें संग्रहक मोह कम आ समर्पणक भाव बेसी देखाइ पड़ैत अछि। एतय वस्तु सं बेसी मूल्य व्यवहारक अछि। तंबू मात्र तिरपालक ढांचा नहि, अपरिचित यात्री लेल आश्रय अछि। जल मात्र पियास बुझेनिहार पदार्थ नहि, आत्मीयताक स्पर्श अछि। विश्राम मात्र शरीरक आवश्यकता नहि, बल्कि एहि विश्वासक प्रमाण अछि जे एहि बाट पर केओ एकाकी नहि अछि।

श्रावणी पथक संबंध परिचय सं नहि, सहभागिता सं बनैत अछि। केओ कांवर लए आगू बढ़ि रहल छथि, केओ पाछां आबि रहल छथि। केओ सेवा मे लागल छथि, तं केओ साधना मे। एहि यात्रा मे भीड़ तं देखाइ पड़ैत अछि, मुदा भीड़क अकेलापन नहि। कारण, ई भीड़ सामूहिक चेतनाक एकटा लय मे बन्हायल रहैत अछि।

सभ्यता मात्र भवन सं नहि बनैत अछि। सभ्यता तखन बनैत अछि जखन मनुष्य दोसर मनुष्यक लेल उपयोगी बनैत अछि। समाजक वास्तविक पहिचान ओकर स्मारक सं पहिने ओकर संस्कार मे देखाइ पड़ैत अछि। श्रावणी पथक नगर एहि संस्कारक जीवित रूप अछि। एकर मजबूत देवाल ईंटक नहि, विश्वासक अछि; सुरक्षित द्वार लोहाक नहि, आत्मीयताक अछि; आ एकर टिकाउ नींव माटि मे नहि, लोकजीवनक सामूहिक चेतना मे पड़ल अछि।

एहि नगरक अद्भुतता मात्र एहि मे नहि अछि जे लाखो लोक एकसंग चलैत छथि। अद्भुत ई अछि जे एतेक विशाल जनसमूहक व्यवस्था मात्र कठोर नियम सं नहि, बल्कि भीतर जागल दायित्व-बोध सं चलैत अछि। केओ भूखल देखाइ पड़ैत अछि तं भोजनक व्यवस्था भए जाइत अछि। केओ थाकि कए बैसि जाइत छथि तं विश्रामक ठाम भेटि जाइत अछि। केओ बाट बिसरि जाइत छथि तं दिशा देखेनिहार हाथ स्वतः उठि जाइत अछि। मानू व्यवस्था कोनो कार्यालय सं नहि, मनुष्यक भीतर सं संचालित भए रहल हो। एहि नगरक कोनो एकटा वास्तुकार नहि अछि, तैयो प्रत्येक वर्ष एकर स्थापत्य लगभग ओहने रूप मे ठाढ़ भए जाइत अछि। कोनो एकटा स्वामी नहि अछि, तैयो प्रत्येक व्यक्ति स्वयं कें एकर उत्तरदायी बुझैत अछि। केओ बांस गाड़ैत छथि, केओ तिरपाल तानैत छथि, केओ जलक व्यवस्था करैत छथि, तं केओ राति भरि जागि यात्रीक सेवा करैत छथि। एहि अनाम हाथ सभक छोट-छोट प्रयास मिलि कए एहि विराट नगरक निर्माण करैत अछि।

श्रावण समाप्त होइत अछि। पड़ाव सिमटैत अछि, तिरपाल उतरैत अछि, बांस उखड़ैत अछि आ चूल्हाक आगि ठंडा पड़ि जाइत अछि। किछुए दिन मे सड़क फेर पहिने जकां देखाइ पड़ैत अछि। मुदा नगर समाप्त नहि होइत अछि। ओ मात्र दृश्य सं अदृश्य भए जाइत अछि आ स्मृति मे बसि जाइत अछि। अगिला सावन मे ओकर पुनर्निर्माण नहि होइत अछि, बल्कि पुनर्प्राकट्य होइत अछि - ईंट-पाथरक रूप मे नहि, संस्कारक रूप मे।

शायद श्रावणी पथक सब सं पैघ शिक्षा ई अछि जे सभ्यताक टिकाउ स्थापत्य पाथर मे नहि, मनुष्यक भीतर बनैत अछि। देवाल टूटि जाइत अछि, स्मारक खंडहर भए जाइत अछि, मुदा लोकजीवन मे रचल संस्कार पीढ़ी-दर-पीढ़ी जीवित रहैत अछि।

तैयो एक प्रश्न शेष अछि–आखिर कोन अनलिखल विधान लाखो अपरिचित मनुष्य कें किछु सप्ताह लेल एकहि सामाजिक लय मे बांधि दैत अछि? के सिखौलक जे परिचय बाद मे पूछबाक अछि आ पहिने मनुष्य कें देखबाक अछि? के बुझौलक जे यात्रा मात्र अपन नहि, संग चलनिहारक सेहो होइत अछि? एकर उत्तर कोनो विधि-संहिता मे नहि, बल्कि लोकजीवनक ओ मौन परंपरा मे अछि जे पीढ़ी-दर-पीढ़ी व्यवहारक माध्यम सं आगू बढ़ैत रहल अछि। ओहि अलिखित संविधानक पहिल धारा अछि - सेवा। आ शायद श्रावणी पथक एहि अद्भुत नगर कें बुझबाक वास्तविक प्रवेश-द्वार सेहो एतहि सं खुलैत अछि। एकर चर्चा अगिला कड़ी मे।

**बोल बम।**

# निजी अस्पतालक आर्थिक शिकंजा पर संसदक 176म रिपोर्ट, इलाज कि आर्थिक परीक्षा?

किशन सनमुखदास भावनानी

भारत मे स्वास्थ्य सेवा आब मात्र डॉक्टर, अस्पताल, दवाइ आ इलाज धरि सीमित नहि रहल अछि। ई परिवारक आर्थिक सुरक्षा, सामाजिक न्याय आ नागरिकक गरिमापूर्ण जीवनक अधिकार सं सेहो जुड़ैत जा रहल अछि। गंभीर बेमारीक समय परिवार कें रोग सं लड़बाक संग अस्पतालक बिल, जांचक खर्च, दवाइक दाम, कोठरीक किराया आ बीमा दावा सन कतेको आर्थिक कठिनाइ सं सेहो जूझए पड़ैत अछि। एहने व्यापक चिंता कें संसदक स्वास्थ्य एवं परिवार कल्याण संबंधी स्थायी समितिक 176म रिपोर्ट अफोर्डेबिलिटी एंड एक्सेसिबिलिटी ऑफ हेल्थकेयर फैसिलिटीज इन पब्लिक एंड प्राइवेट सेक्टर मे उठाओल गेल अछि। ई रिपोर्ट 7 अगस्त 2026 कें संसद मे प्रस्तुत भेल अछि आ एकर माध्यम सं कुल 368टा सिफारिश कएल गेल अछि। रिपोर्ट मे निजी अस्पताल मे आवश्यक इलाज, जांच आ सामान्य चिकित्सकीय प्रक्रियाक खर्च कें मानकीकृत करबाक आ ओकर सीमा निर्धारित करबाक व्यवस्था सं लए कए सस्ता स्वास्थ्य बीमा उपलब्ध कराबय तथा स्वास्थ्य क्षेत्र मे लागू जीएसटी ढांचाक समीक्षा धरि कतेको महत्वपूर्ण सुझाव देल गेल अछि। गंभीर बेमारी सं पीड़ित निम्न-मध्यमवर्गीय परिवारक लेल निजी अस्पतालक खर्च कतेक पैघ आर्थिक संकट बनि सकैत अछि, एकर स्पष्ट संकेत एहि रिपोर्ट मे भेटैत अछि।

**निजी अस्पतालक शुल्क मे पारदर्शिता जरूरी :** 176म संसदीय रिपोर्टक महत्वपूर्ण संदेश निजी अस्पतालक शुल्क मे पारदर्शिता सं जुड़ल अछि। गरीब आ मध्यमवर्गीय परिवारक लेल इलाजक खर्च पहिने सं स्पष्ट होयबाक चाही। एकहि प्रकारक इलाज लेल अलग-अलग अस्पताल मे अत्यधिक शुल्कक भेद नहि हो, एकर व्यवस्था जरूरी अछि। समिति सभ निजी अस्पताल मे आवश्यक उपचार, डायग्नोस्टिक सेवा आ सामान्य प्रक्रियाक लागत कें मानकीकृत करबाक तथा ओकर



सीमा तय करबाक सुझाव देने अछि। गंभीर बेमारीक समय रोगी कीमत पर मोल-भाव करबाक स्थिति मे नहि रहैत अछि। तें इलाज शुरू होय सं पहिने संभावित खर्च, उपलब्ध विकल्प आ पैकेजक पूरा जानकारी रोगी कें देल जेबाक चाही। एहि सं अनावश्यक आर्थिक शोषण रोकबा मे सहायता भेटि सकैत अछि।

**अस्पतालक कमरा इलाज सं महग नहि बनय :** कतेको बेर ऑपरेशन अथवा मुख्य उपचारक खर्च सं बेसी बोझ कोठली, नर्सिंग, जांच, दवा आ अन्य सेवाक अलग-अलग शुल्क सं बढ़ि जाइत अछि। संसदीय समिति विशेष रूप सं महानगर सभ मे निजी अस्पताल द्वारा रोगी कें ठहरबाक लेल लेल जा रहल पैघ शुल्कक समस्या दिस ध्यान आकृष्ट केने अछि। अतः रोगी कें भर्ती करबाक समय कोठलीक किराया, डॉक्टरक शुल्क, संभावित जांच, प्रक्रिया शुल्क आ अनुमानित कुल खर्चक स्पष्ट जानकारी देल जेबाक चाही। आपातकालीन स्थिति कें छोड़ि उपचारक बीच अनचोके पैघ अतिरिक्त खर्च नहि थोपरल जाए, एकर लेल सेहो प्रभावी नियम जरूरी अछि।

**बीमा रहितो परिवार किएक परेशान होइत अछि? :** स्वास्थ्य बीमा खरीदबाक मुख्य उद्देश्य बेमारीक समय आर्थिक संकट कें कम करब होइत अछि। मुदा व्यवहार मे बीमा होइतहुं परिवार कें अपन जेब सं पैघ रकम खर्च करए पड़ैत अछि। कमराक सीमा, सह-भुगतान, किछु उपचारक बीमा सं बाहर रहब, ओपीडी खर्च, दवा-जांचक सीमा आ दावा प्रक्रियाक जटिलता रोगी लेल परेशानीक कारण बनैत अछि। समिति कम लागति बला स्वास्थ्य बीमा व्यवस्था पर जोर देने अछि, विशेष रूप सं ओहि वर्ग लेल जे पूर्ण रूप सं सरकारी स्वास्थ्य सुरक्षा मे नहि अबैत अछि आ महंग निजी बीमा सेहो सहजता सं नहि लए सकैत अछि। बीमा कार्डक अर्थ मात्र कागज पर कवरेज नहि, बल्कि वास्तविक इलाजक सुविधा होयबाक चाही। रोगी कें स्पष्ट रूप सं पता हो जे कोन उपचार मे कतेक राशि बीमा सं भेटत, कोन जांच शामिल अछि आ कोन परिस्थिति मे दावा अस्वीकार भए सकैत अछि।

**सरकारी अस्पताल मजबूत होयत तं निजी अस्पताल पर दबाव घटत :** निजी अस्पताल कें नियंत्रित करबाक संग सरकारी स्वास्थ्य व्यवस्था कें मजबूत करब सेहो जरूरी अछि। सरकारी अस्पताल मे पर्याप्त डॉक्टर, नर्स, बेड, आधुनिक उपकरण, जांच सुविधा आ दवा उपलब्ध रहत तं रोगी मजबूरी मे निजी अस्पतालक शरण नहि लेत। समिति सरकारी अस्पताल मे बेडक कमी, मानव संसाधन आ आधारभूत संरचनाक चुनौती कें गंभीर विषय मानलक अछि।

# भारतक 79 वर्ष : मित्र बेसी, विकल्प बेसी, आब असल परीक्षा एकरा सभ कें शक्ति मे बदलबाक अछि

मनीष

जखन भारत अपन 79म वर्षक दिशा मे बढ़ि रहल अछि, तखन ओकर विदेश नीति मे एकटा सुदृढ़ रणनीतिक आ उल्लेखनीय परिवर्तन देखबा मे अबैत अछि। चुनौतीक समय मे ओकर साझेदार सभ कोना प्रतिक्रिया दैत छथि? की ओ सभ भारतक संग संवेदनशील तकनीक साझा करय लेल तत्पर छथि? आ की ओ भारतक विकल्प बढ़ाओत, अथवा नव निर्भरता उत्पन्न करत? स्वतंत्रताक बाद कोनो समयक तुलना मे आइ भारतक लग बेसी साझेदार, बेसी मंच आ बेसी विकल्प अछि। भारतीय कूटनीतिक पहुंच कहियो एतेक व्यापक नहि रहल। मुदा एहि विकल्प सभ कें वास्तविक प्रभाव आ परिणाम मे परिणत करबाक चुनौती सेहो पहिने सं बेसी महत्वपूर्ण भए गेल अछि। तथापि, भारतीय विदेश नीतिक मूल चिंतन स्पष्ट अछि - एहन विश्व मे अपन पसंद आ निर्णयक स्वतंत्रता अक्षुण्ण राखब, जतय शक्तिशाली राष्ट्र अपन हितानुसार दोसर देश सभ कें अपन पक्ष मे जोड़बाक प्रयास करैत रहैत छथि। एहि कारण भारत एहन साझेदार चाहैत अछि, जिनका संग कोनो स्थायी बंधन नहि हो; संग-संग कार्य करय, मुदा अपन विचार नहि छोड़य; सहयोग करय, मुदा अपन निर्णय लेबाक स्वतंत्रता सं समझौता नहि करय। 79 वर्षक एहि पड़ाव पर असल परीक्षा ई अछि जे की साझेदारी आ विकल्पक ई विस्तृत दायरा अधिक महत्वपूर्ण परिणाम मे परिणत कयल जा सकैत अछि - अर्थात क्षेत्र मे बेसी प्रभाव आ विश्व मे भारतक बेसी सुदृढ़ स्वर।

**गुटनिरपेक्षताक लेल आब ओ दुनियां नहि रहल :** गुटनिरपेक्षता भारतीय विदेश नीतिक एकटा कार्यपद्धतिक रूप मे ओहि ऐतिहासिक कालखंड मे विकसित भेल छल, जखन नवस्वतंत्र भारतक संसाधन आ शक्ति सीमित छल आ विश्व दू परस्पर विरोधी गुट मे विभाजित छल। औपचारिक गठबंधन सं बाहर



रहब कोनो आदर्शवादी आग्रह मात्र नहि, बल्कि व्यावहारिक रणनीति छल। एकर उद्देश्य छल - कूटनीतिक अवकाश बनौने राखब, विभिन्न शक्तिशाली राष्ट्र सं आवश्यक सहायता प्राप्त करब आ कोनो एकटा गुटक अंग बनय सं बचब। एहि नीति सं भारत कें अपन सीमित शक्ति आ विश्व मे महत्वपूर्ण भूमिका निर्वाह करबाक आकांक्षाक बीच संतुलन स्थापित करबाक रणनीतिक मार्ग भेटल। मुदा शीतयुद्धक वास्तविक परिस्थिति मे गुटनिरपेक्षताक माध्य मे रणनीतिक स्वायत्तताक सेहो कतेको सीमा छल। एहि सं ने निर्भरता समाप्त भेल, ने संघर्ष रुकल आ ने संकट मे अंतरराष्ट्रीय समर्थनक कोनो निश्चित आश्वासन भेटल। ओ अंतरराष्ट्रीय व्यवस्था आब समाप्त भए चुकल अछि आ भारत अपन विदेश नीतिक पद्धति आ स्वरूप दुनू मे परिवर्तन अनलक अछि। परमाणु शक्ति, विशाल अर्थव्यवस्था आ सैन्य सामर्थ्य सं संपन्न भारत आब एकहि समय विभिन्न मंच पर सक्रिय अछि-क्वाड, ब्रिक्स, एससीओ आ जी20 तकर उदाहरण अछि। रणनीतिक स्वायत्तताक अर्थ आब सभ देश सं समान दूरी बनौने राखब नहि, बल्कि आवश्यकता आ हितक अनुसार विभिन्न देशक संग विभिन्न स्तरक निकटता राखब अछि। भारत अमेरिका, जापान आ ऑस्ट्रेलियाक संग हिंद-प्रशांत क्षेत्र मे शक्ति-संतुलन कें आकार देबाक प्रयास करैत अछि। फ्रान्सक संग रक्षा आ तकनीकक संबंध सुदृढ़ कए रहल अछि आ रूस कें आइयो महत्वपूर्ण रक्षा आ ऊर्जा साझेदार मानैत अछि। ब्रिक्स एससीओ मे भारतक सहभागिता चीनक बढ़ैत प्रभावक सामना करबा मे सहायक अछि। एकरा संग भारत कें ग्लोबल साउथ आ विकसित राष्ट्र सभक बीच सेतुक भूमिका निर्वाह करबाक अपन दावा कें सेहो बल भेटैत अछि। बहुगुटीय नीति ने तटस्थता अछि आ ने सभ देश सं समान दूरी बनौने राखब।

**नव विश्व लेल नव साझेदारी :** भारत-अमेरिका संबंध एहि रणनीतिक दृष्टिकोणक संभावना आ कठिनाइ - दुनू कें स्पष्ट करैत अछि। विगत दू दशक मे दुनू देशक बीच रक्षा संबंध आ सैन्य सहयोग अत्यंत सुदृढ़ भेल अछि। महत्वपूर्ण आ नव तकनीकक क्षेत्र मे सेहो सहयोग बढ़ल अछि। एकर रणनीतिक कारण स्पष्ट अछि। नई दिल्ली आ वाशिंगटन दुनू चीनक बढ़ैत शक्ति आ ओकर दबावक नीति लए कए चिंतित छथि। मुदा रूस आ ईरानक संग भारतक संबंध अमेरिकी रणनीतिक दृष्टिकोण सं पूर्णतः मेल नहि खाइत अछि।

# महिला स्वतंत्रता सेनानी लोकनिक विस्मृत शौर्यक महागाथा

डॉ. चित्रलेखा अंशु

मिथिला अपन विशिष्ट संस्कृति, समृद्ध इतिहास, मिथिला चित्रकला, पारंपरिक खान-पान आ मधुर भाषाक लेल विश्व प्रसिद्ध अछि। मुदा मिथिलाक सामाजिक इतिहासक एकटा अत्यंत महत्वपूर्ण अध्याय-स्वतंत्रता आंदोलन आ महिला मुक्ति आंदोलन मे मिथिलाक स्त्रीगणक भूमिका-अखन धरि इतिहासक मुख्यधारा मे अपेक्षित स्थान नहि पाबि सकल अछि। ई मात्र इतिहास-लेखनक कमी नहि, बल्कि हमर सामूहिक स्मृतिक संकट सेहो अछि। भारतीय स्वाधीनता संग्रामक इतिहास मे महात्मा गांधी, जवाहरलाल नेहरू, सुभाषचंद्र बोस, सरदार पटेल सहित कतेको राष्ट्रीय नेताक योगदान प्रमुखता सं दर्ज अछि। महिला सेनानी सभ मे सरोजिनी नायडू, कस्तूरबा गांधी, अरुणा आसफ अली, सुचेता कृपलानी आदि नाम सेहो इतिहास मे प्रसिद्ध अछि। मुदा मिथिलाक ओहि असंख्य महिला सभक योगदान कतय अछि, जे घोघक पाछांक जीवन सं निकलि स्वाधीनताक संघर्ष मे कूदि पड़लीह, जेल गेलीह, लाठी-गोली सहलीह आ कतेको अपन प्राण धरि न्योछावर कए देलीह? बिहार बहुत समय धरि बंगाल प्रेसिडेंसीक अंग छल। 1905 मे लॉर्ड कर्जनक बंग-भंगक निर्णयक व्यापक विरोध भेल। एहि राजनीतिक हलचल सं बिहारक नवयुवक आ बुद्धिजीवी वर्ग मे स्वतंत्र राजनीतिक पहिचानक चेतना बलवती भेल। डॉ. राजेंद्र प्रसाद, सच्चिदानंद सिन्हा, ब्रह्मदेव नारायण आदि नेता बिहारक पृथक राजनीतिक अस्तित्वक पक्षधर छलाह। अंततः 1912 मे बिहार बंगाल सं अलग प्रांत बनल आ 1936 मे उड़ीसा सेहो अलग भेल। मुदा राजनीतिक विभाजनक बादो बंगालक स्वदेशी आंदोलन आ राष्ट्रवादी चेतनाक प्रभाव बिहार आ मिथिलाक सामाजिक जीवन पर बनल रहल। 1916 मे महात्मा गांधी चंपारणक नील किसानक समस्या लए मोतीहारी पहुंचलाह। चंपारण सत्याग्रह भारतीय सत्याग्रहक इतिहास मे महत्वपूर्ण पड़ाव बनल। अहिंसा आ व्यापक जनसहयोगक माध्यम सं अंग्रेजी शासनक विरुद्ध जे जनशक्ति तैयार भेल, तकर प्रभाव समाजक विभिन्न वर्ग पर पड़ल। गांधीजीक स्पष्ट विश्वास छल जे महिला सभक सहभागिता बिना स्वराजक आंदोलन अपूर्ण अछि। 1920 मे पटना मे महिला सम्मेलन मे हुनकर संबोधनक माध्यम सं महिला सभ कें हिंदू-मुस्लिम एकता, चरखा, स्वावलंबन, अस्पृश्यता-निवारण आ शराबबंदीक दिशा मे सक्रिय होमय लेल प्रेरित कएल गेल। ई आह्वान राजनीतिक सहभागिताक संग-संग पर्दा-प्रथा आ घरक



छहरदेवाली मे सीमित महिला सभ कें सार्वजनिक जीवन मे अयबाक अवसर सेहो देलक। 1920 सं 1922 धरि चलल असहयोग आंदोलन मे बिहारक महिला सभ सक्रियता सं भाग लेलनि। हड़ताल, विदेशी वस्तुक बहिष्कार, पिकेटिंग, प्रदर्शन आ शिक्षण संस्थानक बहिष्कार मे हुनकर सहभागिता बढ़ल। हाजीपुर अनुमंडलक घटारों गामक सुनीति देवी, विनदा देवी, रमरुखा देवी, सत्यभामा देवी आ सीता देवी एहि समयक अग्रणी महिला सभ मे छलथि। गांधीजी जेल सं मुक्त भेलाक बाद स्वयं एहि सत्याग्रही महिला सभ सं भेंट करबाक लेल गेल छलाह। एहि सं स्पष्ट होइत अछि जे महिला सभ आंदोलनक दर्शक नहि, बल्कि ओकर सक्रिय अंग बनि चुकल छलीह। 1922 मे अमन बेगम, जिनका अमानी बेगम सेहो कहल जाइत अछि, हिंदू-मुस्लिम एकताक लेल महत्वपूर्ण कार्य कएलनि। मुहम्मद अली आ शौकत अलीक गिरफ्तारीक बाद खिलाफत आंदोलन मे सक्रिय रहैत ओ सामूहिक भोजन, सामाजिक मेल-जोल आ सांप्रदायिक दूरी कम करबाक प्रयास कएलनि। दरभंगा आ मुंगेर सहित विभिन्न क्षेत्र मे चंदा संकलन कए गांधीजी कें देलनि तथा घूमि-घूमि खादीक प्रचार कएलनि। गांधीवादी आंदोलन मे चरखा मात्र सूत कातबाक साधन नहि, बल्कि विदेशी वस्त्रक बहिष्कार, स्वदेशी, आर्थिक आत्मनिर्भरता आ आत्मसम्मानक प्रतीक बनि गेल। मिथिलाक महिला सभ लेल ई घर मे रहि कए राष्ट्रीय आंदोलन मे योगदान देबाक महत्वपूर्ण माध्यम छल। प्रभावती देवीक योगदान एहि संदर्भ मे विशेष उल्लेखनीय अछि। सारण मे जन्मल प्रभावती देवीक राजनीतिक-सामाजिक प्रभाव संपूर्ण बिहार पर रहल। ओ सविनय अवज्ञा आंदोलन आ भारत छोड़ो आंदोलन मे सक्रिय रहलीह। पटना मे महिला चरखा समितिक स्थापना तथा महिला सभ कें खादी आ चरखा आंदोलन सं जोड़ब हुनकर महत्वपूर्ण योगदान छल। गांधीवादी मीरा बहिन सेहो बिहार आबि चरखाक प्रचार कएलनि। हुनकर सहयोग सं मुजफ्फरपुर मे महिला समिति बनल आ खादीक प्रचार बढ़ल। मिथिलाक महिला सहभागिताक एकटा कम चर्चित अध्याय किसान आंदोलन सेहो अछि। 1930क दशक मे जमींदारी शोषण, लगान, बकाश्त आ किसानक अधिकारक प्रश्न उठल। दरभंगा, सीतामढ़ी, मुजफ्फरपुर आ लगपासक ग्रामीण क्षेत्र मे महिला सभ सेहो एहि संघर्ष मे सक्रिय भेलीह। 1934 मे मुजफ्फरपुरक पारू क्षेत्र मे आयोजित किसान सम्मेलन मे लगभग एक सय महिलाक उपस्थिति ग्रामीण महिला सभ मे बढ़ैत राजनीतिक चेतनाक प्रमाण छल। दरभंगाक बकाश्त आंदोलन मे महिला किसान सभा, जुलूस, प्रतिरोध आ स्थानीय संगठन मे सक्रिय भूमिका निभौलनि। हुनकर संघर्ष अंग्रेजी शासनक संग-संग जमींदारी शोषण, आर्थिक अन्याय, सामाजिक असमानता आ लैंगिक भेदभावक विरुद्ध सेहो छल। 1930 मे गांधीजी सविनय अवज्ञा आंदोलनक आह्वान कएलनि। बिहारक कतेको क्षेत्र मे महिला-पुरुष सत्याग्रही नून कानूनक विरोध कएलनि। पटनाक नखास पिंड, भागलपुरक बिहपुर, सीवान, छपरा, सारण आदि क्षेत्र मे नूनक माटि सं नून बना कए अंग्रेजी कानून भंग कएल गेल। भागलपुरक रामस्वरूपा देवी, जे बाद मे ह्यबहुरियाह्ल नाम सं प्रसिद्ध भेलीह, अपन पतिक गिरफ्तारीक बाद आंदोलनक नेतृत्व अपन हाथ मे लए लेलनि। ओ गाम-गाम घूमि राष्ट्रवादक चेतना जगौलनि आ गिरफ्तार भेलीह। समस्तीपुरक घुरलख गामक कामख्या देवी पर्दा-प्रथाक विरोध मे जागरण अभियान चलौलनि। मुंगेर मे शाह मुहम्मद जुब्बेरक पत्नी महिला सभा आयोजित कए विदेशी वस्तुक बहिष्कार लेल महिला समिति गठित कएलनि। हजारीबाग क्षेत्रक मीरा देवी जन-जागरणक कारण जेल गेलीह। गया जिलाक चंद्रावती देवी चौकीदारी टैक्स नहि देबाक लेल लोक सभ कें प्रेरित कएलनि। नतालिया, विंध्यवासिनी देवी सहित अन्य महिला कार्यकर्ता सभ विदेशी वस्तुक बहिष्कार आ खादीक प्रचार मे सक्रिय रहलीह। जुलाई 1930 मे बाढ़ि क्षेत्र मे महिला जुलूस मे हजारो महिलाक सहभागिता बताओल जाइत अछि। सरकारी दमन आ जुमार्नाक बादो महिला सभ पाछां नहि हटलीह। 1942क भारत छोड़ो आंदोलन स्वाधीनता संग्रामक निर्णायक चरण छल। मिथिला आ उत्तर-बिहारक विभिन्न क्षेत्र मे क्रांतिकारी गतिविधि तेज भेल। मधुबनी जिलाक खजौली क्षेत्र मे 22 अगस्त 1942क ब्रिटिश सेनाक गोली सं कतेको आंदोलनकारी शहीद भेलाह।

# जेन-जेड प्रदर्शनक पिच पर बल्लेबाजी लेल तैयार तेजस्वी यादव! 19 अगस्त कें सड़क पर देखाइ देत नेता प्रतिपक्षक 'वापसी'क नजारा

देर सं आएल मुदा दुरुस्त आएल। नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव विदेश यात्रा सं नव ऊर्जा संग लौटलाह अथवा एहि खास समय मे भेल आलोचना सं सीख लए सत्ता सं सीधे मोकाबला करबाक लेल तैयार छथि। एकर उदाहरण ई अछि जे सदन सं दूर रहनिहार नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव लोक भवन मार्चक घोषणा करैत सम्राट चौधरीक सरकार कें अल्टीमेटम दए देलनि जे बिहार कें पुलिस राज्य नहि बने देब। राजद नेता तेजस्वी यादवक एहि राजनीतिक सक्रियताक कारण की अछि? ओ अनचोके सक्रिय किएक भेलाह? राष्ट्रीय जनता दलक कार्यकारी अध्यक्ष आ नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव आखिरकार जेन-जेडक तेवर कें बुझि राजनीति मे आक्रामकताक अर्थ बुझि गेल छथि। पेपर लीक मामिला कें ओ मात्र बयान धरि सीमित नहि रखलनि। सड़क पर उतरय सं सेहो परहेज नहि कएलनि। बिहारक विरोधी राजनीति आ पड़ोसी झारखंड मे जेपीएससी आ जेएसएससी भर्ती परीक्षा मे कथित धांधली तथा पेपर लीकक विरुद्ध छात्र आंदोलनक बाद हुनकर नजरि आब एहि दिस खुलि गेल अछि। एकर कतेक असरि भेल, एकर संकेत एहि सं भेटैत अछि जे सिवान मे छात्र आंदोलनक दौरान पुलिस द्वारा कथित रूप सं एके-47क उपयोगक विरोध मे तेजस्वी यादव 19 अगस्त कें पटना मे 'लोक भवन/राजभवन मार्च'क घोषणा केने छथि। ओ 19 अगस्त कें वीरचंद पटेल पथ स्थित पार्टी कार्यालय सं लोक भवन धरि मार्च कए विपक्षक भूमिका कें सार्थक करबाक प्रयास करताह।

**किएक आंदोलनक लेल उतरलाह? :** बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे राजद नेतृत्व द्वारा जे लापरवाही बरतल गेल, तकर दूरगामी असर पड़ल। एकहि संग कतेको चीज हाथ सं निकलैत देखाइ पड़ल। सब सं पहिने राष्ट्रीय जनता दलक लग लोकतांत्रिक लड़ाइक जे सब सं पैघ हथियार छल, से मुस्लिम आ यादव मतक समीकरण छल। ई समीकरण एखन धरि मजबूत छल, मुदा बांकीपुर मे ई पैघ रूप सं टूटैत देखाइ पड़ल। मुस्लिम-यादव समीकरण बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे एहन प्रभाव देखौलक, जेना वर्षो सं बन्हल जंजीर तोड़ि कए कोनो व्यक्ति भागि रहल हो। एहि समीकरणक एकजुटता कें राजद सुप्रीमो लालू यादव मजबूत बना कए रखने छलाह। ओ हुनकर हितक लेल स्वयं आमने-सामने लड़ाइ लड़ैत छलाह। मुस्लिम सभक हित कें ध्यान मे रखैत लालू यादव कहियो बहुसंख्यक हिंदूक पक्षधरता नहि कएलनि।



मुदा तेजस्वी यादव मुस्लिम-यादव समीकरणक पक्ष मे आक्रामकता देखेबाक बदला एटूजेड समीकरणक दिस बढ़ि गेलाह। एकर परिणामस्वरूप मुस्लिम-यादव मतक राजद सं दूरी बढ़ैत गेल। आब तेजस्वी यादव एहि खाइ कें पाटबाक लेल आगू बढ़ल छथि।

**विपक्षक कुर्सी सेहो हाथ सं निकलैत देखल गेल :** बांकीपुर विधानसभा उपचुनावक दौरान नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी यादव आ हुनकर पैघ नेता सभ एहि चुनावक प्रति एतेक लापरवाह देखल गेलाह जे जनता मजबूत विपक्षक रूप मे जनसुराज कें आजमाबयक प्रयास खुलि कए कएलक।

भाजपा कें पसंद नहि कएनिहार आ सत्ता पर अंकुश लेल मजबूत विपक्ष चाहनिहार मतदाता एखन धरि राजदक दिस देखैत छलाह, मुदा एहि बेर ओ जनसुराजक दिस मुड़ि गेलाह आ भरपूर समर्थन देलनि। लोकतंत्र मे जनताक बदलैत सोचक संग तेजस्वी यादव कें अपन विपक्षक भूमिका सेहो हाथ सं निकलैत देखाइ पड़ल। एहि भूमिका मे वापसीक बेचैनी मे तेजस्वी सिवान मामिलाक मुद्दा कें पकड़ि जेन-जी कें आकर्षित करबाक लेल राजभवन मार्चक दिस आगू बढ़लाह। राजदक रणनीतिकार सभ बांकीपुर विधानसभा उपचुनावक परिणाम कें अलग दृष्टि सं लेलनि। हुनका सभ कें एहि बातक झटका लागल जे जनसुराजक नेता प्रशांत किशोर चुनाव जीतलाह। मुदा एकरा सं पैघ झटका एहि बातक छल जे राजदक करीब 30 हजार वोट जनसुराजक दिस स्थानांतरित भए गेल। ई मतक पैघ संख्या अछि, जाहि मे अधिकांश मुस्लिम आ यादव मत छल। एकरा संग तेजस्वी यादव जाहि एटूजेडक बात करैत छलाह, जं मतक आकलन कएल जाए आ प्राप्त मतक जातीय विश्लेषण कएल जाए, तं जनसुराज एहि मामिला मे सफल पार्टी साबित भेल। राजनीतिक विश्लेषक सभ सेहो टिप्पणी करैत कहलनि जे प्रशांत किशोर कें सभ जाति आ धर्मक लोकक मत भेटल।

## अखिलेशक 'गुप्त अभियान' पर शिवपाल, यूपी मे 20 प्रतिशत वोट पर मजबूत पकड़क योजना

उत्तर प्रदेशक राजनीति मे समाजवादी पार्टी आ पार्टी प्रमुख अखिलेश यादव लेल अस्तित्व आ राजनीतिक भविष्यक दृष्टि सं ई समय सब सं महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। 2017 आ 2022क लगातार दू विधानसभा चुनाव मे हारक कारण पार्टी सत्ता सं बाहर अछि। लोकसभा चुनाव मे नीक प्रदर्शनक कारण सपा कें 2027 मे सत्ता मे वापसीक नव आशा जागल अछि। एहि कारण शिवपाल यादव आ अखिलेश यादव अर्थात चाचा-भतीजाक जोड़ी सपा कें सामाजिक आ रणनीतिक समीकरण कें नव ढंग सं साधबाक काज मे जुटि गेल छथि। सपा प्रमुख अखिलेश यादव एखन अपन जीतक सूत्र 'पीडीए' (पिछड़ा, दलित, अल्पसंख्यक)क संग-संग 'सॉफ्ट हिंदुत्व'क माध्यम सं गैर-यादव ओबीसी आ सवर्ण जाति बीच अपन पहुंच बढ़ेबाक प्रयास मे जुटल छथि।



### शिवपालक संभल आ रामपुर यात्रा

ओतहि सपा कें मुख्य मतदाता आधार मानल जाएबला मुस्लिम समुदाय कें संग राखबाक जिम्मेदारी चाचा शिवपाल यादव संभालि रहल छथि। शिवपाल यादव पछिला दू दिन मे पश्चिमी उत्तर प्रदेशक मुस्लिम बहुल क्षेत्र संभल आ रामपुरक यात्रा कएलनि। एहि यात्रा कें पार्टीक मुस्लिम आधार कें मजबूत राखबाक आ कोनो प्रकारक नाराजगी अथवा असमंजस दूर करबाक सोचल-समझल रणनीति रूप मे देखल जा रहल अछि। पश्चिमी उत्तर प्रदेशक राजनीति मे मुस्लिम मतदाता बहुत महत्वपूर्ण छथि। एहि क्षेत्र मे सपा कें राजनीति मुख्य रूप सं मुस्लिम मत पर केंद्रित अछि।

संभल आ रामपुर दूनू क्षेत्र सपा लेल राजनीतिक दृष्टि सं अत्यंत संवेदनशील आ महत्वपूर्ण मानल जाइत अछि। रामपुर मे आजम खानक परिवारक संग भेल कानूनी आ राजनीतिक घटनाक्रमक बाद कार्यकर्ता सभक मनोबल बढ़ेनाइ आ मुस्लिम समुदाय मे पार्टीक प्रति विश्वास बहाल रखनाइ पैघ चुनौती रहल अछि। ओतहि संभल मे हालक घटनाक्रमक बाद स्थानीय समीकरण कें संतुलित राखनाइ आवश्यक छल। सपा महासचिव शिवपाल यादव संभल आ रामपुरक यात्रा मात्र नहि कएलनि, बल्कि स्थानीय प्रमुख मुस्लिम नेता, धर्मगुरु आ आम कार्यकर्ता सभ सं सीधा भेंट कएलनि। ओ रामपुर जेल मे जा कए आजम खान सं भेंट कएलनि आ तकर बाद हुनकर घर जा कए परिवारक लोक सं सेहो भेंट कएलनि।

**बर्क सं आजम परिवार धरि कें साधलनि :** शिवपाल कहलनि जे आजम खान बहुत कष्ट मे छथि। ओ आरोप लगौलनि जे एतेक पैघ नेता कें जेल मे जमीन पर सुताओल जा रहल अछि। हुनका नहि दवाइ देल जा रहल अछि आ नहि कपड़ा। शिवपाल यादव कहलनि जे उत्तर प्रदेश मे समाजवादी पार्टीक सरकार बनिते आजम खान पर भेल एक-एक जुल्म आ अत्याचारक बदला लेल जाएत। एहि तरहे शिवपाल संदेश देलनि जे समाजवादी पार्टी हर परिस्थिति मे अपन कार्यकर्ता आ मुस्लिम समाजक संग ठाढ़ अछि। शिवपाल सिंह यादव मंगल दिन संभल आ मुरादाबाद मे मुस्लिम समुदाय सं जुड़ल लोक सं भेंट कएलनि। ओ वादा कएलनि जे प्रदेश मे सपा सरकार बनलाक बाद पूर्व मंत्री आजम खां आ संभलक सांसद जियाउर्रहमान बर्कक विरुद्ध दर्ज सभ मुकदमा वापस लेल जाएत। शिवपाल कहलनि जे भाजपा सरकार मे समाजवादी पार्टीक नेता आ कार्यकर्ता सभक राजनीतिक उत्पीड़न कएल जा रहल अछि। ओ हाल मे संभल हिंसा मामिला मे आएल न्यायिक जांच आयोगक रिपोर्ट पर असहमति जतबैत कहलनि जे राजनीतिक लाभ लेल जानि-बुझि कए एहन जांच कराओल गेल, जाहिक हिसाब सेहो लेल जाएत।

## थलपति विजयक जेना राजनीति मे प्रवेश करताह 'यश'?

दक्षिणक कतेको कलाकार फिल्म मे सफल करियरक बाद राजनीति मे प्रवेश कए चुकल छथि, जखनकि यशक एखन एहन कोनो इरादा नहि अछि। हालहि थलपति विजय फिल्मी करियर कें अलविदा कहबाक बाद न मात्र राजनीति मे प्रवेश कएलनि, बल्कि आब ओ तमिलनाडुक मुख्यमंत्री सेहो छथि। तं की कहियो यश सेहो थलपति विजयक तरह राजनीति मे हाथ आजमौताह? एहि संबंध मे पूछला पर अभिनेता कहलनि जे एखन अभिनय हुनकर प्राथमिकता अछि, मुदा भविष्य मे जरूरत भेल आ संभावना देखल गेल तं ओ राजनीति मे आबि सकैत छथि।

यश एखन अपन दू फिल्म कें लए चर्चा मे छथि। एक दिस टॉक्सिक अछि, जे 26 अगस्त कें रिलीज होयत, जखनकि दोसर दिस रामायणम्ः पार्ट 1 अछि, जे दीपावली पर रिलीज होयत। एखन यश अपन अभिनय करियर पर ध्यान दए रहल छथि, मुदा राजनीति लेल ओ भविष्यक बाट खुलल रखने छथि।

**बतौलनि कोन दू कारण सं लए सकैत छथि निर्णय**

यश आप की अदालत मे कहलनि, हमरा लगैत अछि जे एकटा अभिनेता कें रूप मे एखन बहुत किछु करब शेष अछि। एखन हमर ध्यान एहि बात पर अछि जे हम अपन फिल्म उद्योग कें कोना नीक स्थिति मे लए जा सकी। राजनीति कें लए हमर मन मे कोनो हिचकिचाहट नहि अछि, किएक तं आखिर ई निर्णय लेबाक आ लोकक लेल काज करबाक विषय अछि। जं भविष्य मे कहियो जरूरत आ संभावना महसूस भेल तं हम एहि विषय मे सोचब। मुदा सच्चाइ ई अछि जे एखन हमर एहन कोनो योजना नहि अछि।





### यश राजनीति कें थैंकलेस जॉब कहि चुकल छथि

वर्ष 2022 मे राजनीति मे प्रवेशक संबंध मे पूछला पर यश इंडियाटुडे सं कहलनि छलाह, सब सं पहिने हम अपन भीतर आ अपन फिल्म उद्योग मे बहुत किछु बदलय चाहैत छी। अपन सीमा मे रहैत हम समाज मे सेहो बदलाव अनबाक प्रयास करब। किछु लोकक जीवन बदलबाक लेल हम पहिने सं कतेको काज कए रहल छी। राजनीति एहन काज अछि, जतय अक्सर मेहनतक श्रेय नहि भेटैत अछि आ एहि मे हमर कोनो रुचि सेहो नहि अछि।

### टॉक्सिक 26 अगस्त कें रिलीज, ई अछि कलाकार सभ

यश एखन अपन फिल्मी करियर पर ध्यान दए रहल छथि आ टॉक्सिकक प्रचार मे जोर-शोर सं जुटल छथि। 26 अगस्त कें अखिल भारत स्तर पर रिलीज होमय बला एहि फिल्म मे हुनका संग कियारा आडवाणी, हुमा कुरैशी, तारा सुतारिया, नयनतारा, रुक्मिणी वसंत, सुदेव नायर आ अक्षय ओबेरॉय छथि। फिल्मक निर्देशन गीतू मोहनदास केने छथि।

# यूपी चुनाव 2027 : मायावतीक घटैत जनाधार 206 सीट सं एक सीट धरि कोना पहुंचल बसपा

राजनीतिक दृष्टि सं देशक सब सं पैघ राज्य उत्तर प्रदेश मे करीब छह मास बाद विधानसभा चुनाव होय बला अछि। एतुक्का राजनीति मे दलित मतदाताक पैघ भूमिका मानल जाइत अछि। लंबा समय धरि मायावती आ हुनकर बहुजन समाज पार्टी उत्तर प्रदेश मे दलित मतक पर्याय रहल अछि, मुदा आब स्थिति बदलि गेल अछि। मायावतीक बसपा आइ बहुत कमजोर भए गेल अछि। राज्य मे भेल पछिला तीन चुनाव चारि बेर मुख्यमंत्री रहल मायावती कें राज्यक राजनीति सं हाशिया पर धकेल देने अछि। एहन स्थिति मे राजनीतिक पार्टी सभ लेल अवसर खुलि गेल अछि। 2027क यूपी विधानसभा चुनाव मे दलित मतक हिस्सा पाबय लेल राजनीतिक दल सभक बीच रोचक होड़ मचल अछि। एक दिस भाजपा भदोहीक नाम संत रविदास नगर करबाक घोषणा केने अछि। एहि कारण 15म शताब्दीक संत-कवि संत रविदास कें सम्मान देबाक लेल सात मासक अभियान चलाओल जा रहल अछि। दोसर दिस समाजवादी पार्टीक प्रमुख अखिलेश यादव दलित सभ लेल 14 अतिरिक्त सीट पर उम्मीदवार उतारबाक घोषणा कए अपन पिछड़ा, दलित, अल्पसंख्यक राजनीति कें मजबूत कए रहल छथि। कांग्रेस सेहो दशक पहिने गुमायल मतदाता सभ कें वापस अपन संग जोड़बाक प्रयास मे अछि। ओतहि उत्तर प्रदेशक नगीना सीट सं सांसद चंद्रशेखर आजाद राज्य मे दलित सभ बीच अपन पकड़ मजबूत करबाक प्रयास मे जुटल छथि। जखन उत्तर प्रदेश 2027 दिस बढ़ि रहल अछि, तं सवाल अछि जे जं बसपाक समर्थन आधार लगातार घटैत रहल, तं मायावतीक पुरान समर्थक आधार कतय जाएत आ हुनकर प्रतिद्वंद्वी मे सं सब सं बेसी लाभ कें भेटत? उत्तर प्रदेशक राजनीति



मे बसपाक उदय जतेक नाटकीय छल, ततेक नाटकीय एकर पतन सेहो रहल। एहि पार्टीक स्थापना कांशीराम 1984 मे दलित आ अन्य हाशिया पर पड़ल समुदाय कें स्वतंत्र आवाज देबाक विचार सं केने छलाह। मायावती, जे हुनकर राजनीतिक उत्तराधिकारीक रूप मे आगू अयलथि, हुनकर नेतृत्व मे बसपा कें उत्तर प्रदेश मे नव ऊंचाइ भेटल। हुनकर नेतृत्व मे बसपा 2007क विधानसभा चुनाव मे अपन दम पर बहुमत प्राप्त कएलक। पार्टी 30.43 प्रतिशत मतक संग 206 सीट जीतलक। 2021क जनगणनाक अनुसार उत्तर प्रदेशक करीब 21 प्रतिशत आबादी बला दलित सभ वर्षो सं मायावतीक बहुजन समाज पार्टीक मुख्य आधार रहल छथि। मुदा आब स्थिति बदलि गेल अछि। आइ बसपा एकटा बहुत कमजोर राजनीतिक शक्ति अछि। मायावती पछिला दू चुनाव मे राज्यक दलित सभक समर्थन जुटेबा मे असफल रहल छथि, जाहि सं दोसर राजनीतिक दावेदार सभ लेल अवसर खुलि गेल अछि।

**दलित कें अपना दिस करय मे जुटल पार्टी सभ**

**यूपी राजनीति मे दलित मतदाताक पैघ भूमिका**

2022क विधानसभा चुनाव मे बसपा कें मात्र 1 सीट भेटल, जाहि मे ओकरा 12.88 प्रतिशत मत भेटल। ई 2017 मे मायावतीक 19 सीट आ 22.23 प्रतिशत मतक तुलना मे पैघ गिरावट छल। 2024क लोकसभा चुनाव ई साबित कएलक जे मायावतीक 2022क निराशाजनक प्रदर्शन कोनो अपवाद नहि छल। बसपा सुप्रीमो एकटा लोकसभा सीट सेहो नहि जीत सकलीह, जखनकि हुनकर पार्टीक मत प्रतिशत 2019क 19.43 प्रतिशत सं घटि कए 9.4 प्रतिशत रहि गेल। स्पष्ट रूप सं एहि परिणाम सं दलित सभ बीच बसपाक लगातार घटैत प्रभावक पुष्टि भेल। उत्तर प्रदेश लोकसभा चुनाव 2024क परिणामक बाद मायावती 2027क विधानसभा चुनावक तैयारी मे जुटल छथि, मुदा हुनका आगू कतेको चुनौती अछि। बसपा प्रमुख न मात्र मतदाताक समर्थन गुमौने छथि, बल्कि पार्टी पर हुनकर नियंत्रण सेहो करीब समाप्त होइत देखाइ पड़ि रहल अछि। एहि लेल जखन मायावती स्पष्ट कएलनि जे आगामी चुनावक सभ उम्मीदवारक चयन ओ स्वयं करतीह, हुनकर भतीजा आकाश आनंद नहि, तं ई पार्टीक भीतरक संघर्षक संकेत सेहो मानल गेल। आकाश आनंद, जे कखनो मायावतीक पसंदीदा रहल छथि तं कखनो नहि, एहि सप्ताह हाथरसक सादाबाद सं पार्टीक 2027 विधानसभा चुनाव अभियानक शुरूआत कएलनि। मायावती पर अक्सर भाजपा कें मदद करबाक आरोप लगैत रहल अछि। ओ चुनाव सं पहिने कोनो गठबंधन सं इनकार केने छथि। हुनकर कहब अछि जे आगामी विधानसभा चुनाव लेल किछु उम्मीदवार कें पहिने सं आखरी रूप देल जा चुकल अछि।

# मुख्य निर्वाचन आयुक्त परिभ्रमण कार्यक्रमक दौरान मिथिला हाट पहुंचलाह

## लोकतंत्र कें मजगूत बनेबाक लेल बेसी सं बेसी मतदाता कें निर्वाचन प्रक्रिया सं जोड़बाक देलनि संदेश

झंझारपुर, समदिया

भारत निर्वाचन आयोगक मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार अपन धर्मपत्नी अनुराधाक संग हेलीकॉप्टर सं अररिया दुर्गास्थान पहुंचलाह। ओतय सं भारी सुरक्षा व्यवस्थाक बीच ओ झंझारपुरकअररिया संग्राम स्थित मिथिला हाट पहुंचलाह। करीब 3 बजकर 53 मिनट पर ओ मिथिला हाट स्थितबैंक्वेट हॉल मे प्रवेश कएलनि। बैंक्वेट हॉल मे स्कूली छात्र-छात्रा, वरिष्ठ नागरिक आ जिलाक विभिन्नअधिकारीक संग मुख्य निर्वाचन आयुक्तक संवाद कार्यक्रम भेल। एहि दौरान एसआईआर सं लए कए निर्वाचनक विभिन्न कार्यकलाप आ चुनाव प्रक्रियाक संबंध मे जानकारी देल गेल। मुख्य निर्वाचन आयुक्त ज्ञानेश कुमार द्वारा चुनाव सं संबंधित



जानकारी देल जएबाक दौरान छात्र-छात्रा सभ उत्साहपूर्वक ताली बजा कए हुनकर स्वागत कएलनि। करीब डेढ़ घंटा धरि बैंक्वेट हॉल मे कार्यक्रम चलल। कार्यक्रम समाप्तभेलाक बाद मुख्य निर्वाचन आयुक्त बैंक्वेट हॉलक बाहर छात्र-छात्राक संग तस्वीर खिचौलनि। एहि अवसरपर छात्र-छात्रा मे नव जिज्ञासा आ नव ऊर्जाक संचार देखल गेल। बताओल जाइत अछि जे मुख्य निर्वाचनआयुक्त ज्ञानेश कुमार निजी परिभ्रमण कार्यक्रमक दौरान मधुबनी जिलाक झंझारपुर अररिया संग्रामस्थित मिथिला हाट पहुंचल छलाह। कार्यक्रम स्थल पर पहुंचल अतिथि सभ संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलितकए कार्यक्रमक विधिवत उद्घाटन कएलनि। मिथिलांचलक परंपराक अनुसार अतिथि सभ कें पाग आ शॉल सं सम्मानित कएल गेल। एहि दौरान पूरा परिसर मे उत्साह आ उल्लासक वातावरण रहल। मुख्यनिर्वाचन आयुक्तक एहि परिभ्रमणक उद्देश्य आगामी चुनावक तैयारी, मतदाता जागरूकता आ निर्वाचन प्रक्रिया कें पारदर्शी एवं सुचारू बनेबाक दिशा मे जानकारी लेब आ लोकतंत्र कें आरो मजगूत बनेबाक रहल। कार्यक्रम मे बेसी सं बेसी मतदाता कें निर्वाचन प्रक्रिया सं जोड़बाक आवश्यकता पर सेहो जोर देल गेल। कार्यक्रम मे बिहारक मुख्य निर्वाचन पदाधिकारी विनोद कुमार, मधुबनी जिलाधिकारी आनंद शर्मा,एसएसपी योगेंद्र कुमार, झंझारपुर एसडीएम टोनी कुमारी, एसडीपीओ सुबोध कुमार सिन्हा, निर्वाचन निबंधन पदाधिकारी झंझारपुर मानवेंद्र मनोरम सहित जिला प्रशासनक कतेको वरीय अधिकारी, निर्वाचन विभागक पदाधिकारी, स्कूली छात्र-छात्रा आ वरिष्ठ नागरिक उपस्थित छलाह। कार्यक्रम सं पूर्व मुख्य निर्वाचन आयुक्त मिथिला हाट स्थित भंसा घर सेहो पहुंचलाह, जतय ओ मिथिलांचलक पारंपरिक व्यंजनक स्वादलेलनि। दीप प्रज्वलनक उपरांत अतिथि सभ लोकतंत्र कें मजगूत बनेबाक संग बेसी सं बेसी मतदाता केंनिर्वाचन प्रक्रिया सं जोड़बाक आवश्यकता पर विशेष जोर देलनि।

# स्वतंत्रता दिवस समारोह मे मंत्री केलनि ध्वजारोहण, विकासक उपलब्धि गिनौलनि

## नेहरू स्टेडियम मे भेल मुख्य समारोह, क्षेत्र मे भए रहल विकास कार्यक देलनि जानकारी

दरभंगा, समदिया



80म स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर ऐतिहासिक नेहरू स्टेडियम मे आयोजित मुख्य समारोह मे पथ निर्माण मंत्री-सह-दरभंगा जिलाक प्रभारी मंत्री कुमार शैलेंद्र ध्वजारोहण केलनि। एहि दौरान विभिन्न सुरक्षाबल, एनसीसी, भारत स्काउट आ गाइडक टुकड़ी आकर्षक परेड प्रस्तुत केलनि। परेड मे बिहार विशेषसशस्त्र पुलिस-13 कें प्रथम, गृह रक्षा वाहिनी कें द्वितीय आ एनसीसी कें तृतीय स्थान प्राप्त भेल।समारोह मे बेनीपुर विधायक विनय कुमार चौधरी, केवटी विधायक मुरारी मोहन झा, दरभंगा ग्रामीण विधायक राजेश कुमार मंडल, जिला परिषद अध्यक्ष रेणु, आयुक्त हिमांशु कुमार राय, डीआईजी मनोज कुमार तिवारी, जिलाधिकारी कौशल कुमार, वरीय पुलिस अधीक्षक जगुनाथ रेड्डी जला रेड्डी सहित कई पदाधिकारी आ जनप्रतिनिधि उपस्थित छलाह। अपन संबोधन मे मंत्री स्वतंत्रता सेनानी सभ कें नमन करैत दरभंगाक ऐतिहासिक, सांस्कृतिक आ साहित्यिक विरासतक उल्लेख केलनि। ओ कहलनि जे नीक सड़क, पुल, शिक्षा, स्वास्थ्य, रोजगार आ पर्यटनक माध्यम सं दरभंगाक समग्र विकासक दिशा मे सरकारकाज कए रहल अछि। मंत्री दरभंगा रेलवे स्टेशन सं आमस-दरभंगा एक्सप्रेसवे धरि एलिवेटेड कॉरिडोर, 8आरओबी, एयरपोर्टक नव टर्मिनल आ विभिन्न सड़क परियोजनाक सेहो उल्लेख केलनि। ओ शिक्षा,स्वास्थ्य, ग्रामीण विकास, कृषि, महिला सशक्तीकरण, रोजगार, सामाजिक सुरक्षा आ पर्यटन क्षेत्र मे चलि रहल विभिन्न योजनाक जानकारी देलनि। ओ कहलनि जे डीएमसीएच मे अत्याधुनिक बर्न आ प्लास्टिक सर्जरी ओटी शुरू भए गेल अछि तथा न्यूरो सर्जरी ओटी आ एडवांस आईसीयू सेहो शीघ्र शुरू होयत। समारोह मे देहदान आ नेत्रदान कएनिहार लोकक परिजन, करदाता, उत्कृष्ट कर्मी तथा होली क्रॉस स्कूलक बच्चा सभ कें प्रशस्ति-पत्र दए सम्मानित कएल गेल। ओतहि जीविका स्वयं सहायता समूह कें बैंक क्रेडिट लिंकेजक रूप मे 51 करोड़ रुपैयाक चेक सेहो प्रदान कएल गेल।

# अलीनगर प्रखंड मे पांच विकास काजक स्वीकृतिक मांग लेल मुस्लिम आजाद संजय झा कें लिखलनि पत्र

अलीनगर, समदिया

अलीनगर जदयू प्रखंड अध्यक्ष मोहम्मद मुस्लिम आजाद प्रखंड क्षेत्रक जनहित सं जुड़ल पांचटा अति आवश्यक विकास काजक स्वीकृतिक लेल जदयू राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष सह राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा कें पत्र लिखलनि अछि। ओ पत्रक माध्यम सं एहि सभ काज कें प्राथमिकताक आधार पर स्वीकृति देबाक आग्रह कएलनि अछि। पत्र मे मोहम्मद मुस्लिम आजाद कहलनि अछि जे अलीनगर प्रखंडमे किछु महत्वपूर्ण विकास काज एखन धरि अधूर अछि, जाहि सं आम लोक कें परेशानीक सामना करय पड़ैत अछि। ओ जनहित मे अलीनगर प्रखंड मुख्यालय मे प्रेस क्लब निर्माण, बलेता नदी मे कटहा गामकलग छठ घाट निर्माण, पीरहोली स्थित सलहेश स्थान मे सामुदायिक भवन निर्माण, मोतीपुर पंचायतक पासवान टोल



मे सामुदायिक भवन निर्माण आ मिल्की महादेव पोखर मे छठ घाट निर्माणक मांग कएलनि अछि। मुस्लिम आजाद कहलनि जे एहि सभ विकास काजक पूरा भेला सं क्षेत्र मे पत्रकारिता आसामाजिक गतिविधिक विकास होयत। सामुदायिक भवनक निर्माण सं स्थानीय लोक कें सामाजिककार्यक्रम आयोजित करबा मे सुविधा भेटत। ओतहि पक्का छठ घाट बनला सं नदी आ पोखरक कातरहनिहार ग्रामीण सभ कें विशेष लाभ होयत । जदयू प्रखंड अध्यक्ष मोहम्मद मुस्लिम आजाद राष्ट्रीयकार्यकारी अध्यक्ष सह राज्यसभा सांसद संजय कुमार झा सं जनहित कें ध्यान मे रखैत एहि पांचू विकासकाजक शीघ्र स्वीकृति प्रदान करबाक आग्रह कएलनि अछि।

# अटल जीक व्यक्तित्व आ कृतित्व सदिखन प्रेरणापुंज रहत : डॉ. मुरारी मोहन झा



केवटी, समदिया

पूर्व प्रधानमंत्री आ भारत रत्न स्वर्गीय अटल बिहारी वाजपेयी जीक पुण्यतिथिपर केवटी विधायक डॉ. मुरारी मोहन झा लहेरियासराय डरहार स्थित अपन आवासीय कार्यालय मे हुनका भावभीनी श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। विधायक अटल जीक तैलचित्रपर पुष्पांजलि अर्पित करैत भारतीय राजनीति आ राष्ट्र निर्माण मे हुनकर अभूतपूर्व योगदान कें स्मरण कयलनि। एहि अवसरपर डॉ. मुरारी मोहन झा कहलनि जे श्रद्धेय अटल बिहारी वाजपेयी जीक व्यक्तित्व आ कृतित्व हम सभक लेल सदिखन प्रेरणापुंज बनल रहत। ओ अपन दूरदर्शी नेतृत्व, राष्ट्रभक्ति आ लोकतांत्रिक मूल्यमान्यताक माध्यम सं देश कें नव दिशा प्रदान कयलनि। हुनका द्वारा देखाओल मार्ग आ सिद्धांत आइयो राष्ट्र निर्माण लेल मार्गदर्शक अछि। ओ कहलनि जे अटल जीक जीवन सादगी, समर्पण आ राष्ट्रसेवाक प्रतीक रहल। हुनकर विचार आ आदर्शआगांक पीढ़ी कें देशहित मे काज करबाक लेल प्रेरणा दैत रहत। श्रद्धांजलि सभा मे भाजपा के वरिष्ठ नेता आ कार्यकर्ता सभ सेहो अटल बिहारी वाजपेयी जी कें श्रद्धासुमन अर्पित कयलनि। एहि अवसरपर भाजपा जिला उपाध्यक्ष श्रवण मिश्र, नीलमणि यादव, विजय यादव, चंदन कुमार झा, उमेश पासवान, राकेश कुमार, किशोर अंकित, सौरभ कुमार सहित पैघ संख्या मे स्थानीय कार्यकर्ता उपस्थित छलाह। सभ अटल जीक चित्रपर पुष्प अर्पित कए हुनका प्रति कृतज्ञता व्यक्त कयलनि।

# अटल बिहारी वाजपेयीक पुण्यतिथि पर श्रद्धांजलि आ वृक्षारोपण कार्यक्रम आयोजित

अररिया, समदिया

भदेश्वर स्थित ग्राम देवता स्थानक प्रांगण मे भारत रत्न, पूर्व प्रधानमंत्री आ सुशासनक प्रतीक परम श्रद्धेय अटल बिहारी वाजपेयी जीक पुण्यतिथि श्रद्धापूर्वक मनाओल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता भाजपासोशल मीडिया जिला संयोजक नृपेन कुमार सिंह कयलनि, जखन कि संचालन सह-संयोजक वीरेंद्र आनंद कयलनि। कार्यक्रमक शुरुआत अटल जीक तैलचित्रपर पुष्प अर्पित कए दीप प्रज्वलित करैत श्रद्धांजलि देबाक संग भेल। एहि अवसरपर ग्राम देवता स्थानक प्रांगण मे वृक्षारोपण सेहो कयल गेल। उपस्थित



कार्यकर्ता आग्रामीण अटल जीक आदर्श, राष्ट्रसेवा आ सुशासनक विचारधारा कें स्मरण करैत हुनका द्वारा देखाओलमार्गपर चलबाक संकल्प लेलनि। कार्यक्रम कें संबोधित करैत जिला संयोजक नृपेन कुमार सिंह अटल बिहारी वाजपेयी जीक जीवन, व्यक्तित्व आ कृतित्वपर प्रकाश देलनि। ओ कहलनि जे अटल जी भारतीय राजनीति मे एहन महान व्यक्तित्व छलाह, जे अपन सिद्धांत, सरलता, संवेदनशीलता आ राष्ट्रहित केंसर्वोपरि रखैत राजनीति मे एकटा आदर्श स्थापित कयलनि। हुनकर जीवन आ विचार आइयो देशवासीकराष्ट्रसेवा लेल प्रेरित करैत अछि। ओ कहलनि जे अटल जीक पुण्यतिथि मात्र हुनका स्मरण करबाक अवसर नहि, बल्कि हुनकर आदर्श कें अपन जीवन मे आत्मसात करबाक आ समाज तथा राष्ट्रहित मे काज करबाक संकल्प लेबाक दिन सेहोअछि। कार्यक्रमक अंत मे उपस्थित सभ लोक अटल जीक चित्रपर पुष्पांजलि अर्पित कए हुनका भावभीनीश्रद्धांजलि देलनि।

# 80म स्वतंत्रता दिवस पर सांस्कृतिक प्रस्तुति सं गूंजल महाविद्यालयक सभागार

## 13 चयनित समूहक नृत्य, गायन, लोकनृत्य आ कथकक भेल मनमोहक प्रस्तुति

समस्तीपुर, समदिया

80म स्वतंत्रता दिवसक पावन अवसर पर शहर स्थित अध्यापक शिक्षा महाविद्यालय, समस्तीपुरक सभागार मे देशभक्ति, लोक संस्कृति आ कलाक अद्भुत संगम देखय लेल भेटल। जिला प्रशासनकतत्वावधान मे आयोजित भव्य सांस्कृतिक कार्यक्रम मे जिलाक सरकारी आ गैर-सरकारी विद्यालय तथा विभिन्न डांस अकादमी सं चयनित 13 समूह अपन शानदार प्रस्तुति सं सभागार मे उपस्थित दर्शकक मन मोह लेलनि। कार्यक्रमक शुभारंभ अनुमंडल पदाधिकारी, सदर समस्तीपुर राकेश कुमार, डीपीओ स्थापनाजमालुद्दीन, डीपीओ सर्व शिक्षा अभियान शुभम कसौधन, डीपीओ मध्यान भोजन योजना प्रेम शंकर झा आ जिला कला एवं संस्कृति पदाधिकारी जूही कुमारी संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए कयलनि। दीप प्रज्वलनक संगहि



सभागार राष्ट्रभक्ति आ सांस्कृतिक चेतनाक रंग मे रंगा गेल। कार्यक्रम मे प्रतिभागी बच्चा आ कलाकार सभ समूह नृत्य, समूह गायन, लोकनृत्य, एकल गायन आ कथक नृत्यक मनोहारीप्रस्तुति देलनि। प्रत्येक प्रस्तुति मे देशप्रेम, भारतीय संस्कृति, परंपरा आ नव पीढ़ीक रचनात्मक ऊर्जाकसुंदर झलक देखय लेल भेटल। कहियो देशभक्तिक स्वर वातावरण कें भावविभोर कय देलक, तं कहियोलोकनृत्यक थिरकन बिहारक समृद्ध लोक परंपरा कें जीवंत कय देलक। कथकक शास्त्रीय मुद्रा आ लय-ताल भारतीय कलाक गहराइक परिचय देलक। प्रतिभागीक एकक बाद एक शानदार प्रस्तुति सं सभागार तालिक गड़गड़ाहट सं गूंजैत रहल। कार्यक्रमक समापन अवसर पर अनुमंडल पदाधिकारी राकेश कुमार सभ प्रतिभागी, शिक्षक आ आयोजक कें संबोधित करैत हुनकर प्रस्तुतिक सराहना कयलनि। ओ कहलनि जे एहि तरहक सांस्कृतिक आयोजन बच्चाक प्रतिभा कें मंच देबाक संगहि हुनका सभ कें अपन संस्कृति, परंपरा आ राष्ट्रक प्रति जुड़ावक अवसर प्रदान करैत अछि। ओ सभ प्रतिभागीक उत्साहवर्धन करैत हुनकरउज्वल भविष्यक शुभकामना देलनि। ओ कहलनि जे स्वतंत्रता दिवस मात्र एकटा राष्ट्रीय पर्व नहि, बल्कि ओहि असंख्य स्वतंत्रता सेनानीक त्याग, संघर्ष आ बलिदान कें स्मरण करबाक अवसर अछि, जिनकर कारण आइ हम सभ स्वतंत्र भारत मे सांस लए रहल छी। ओ युवा सं देशक एकता, अखंडता आ गौरवशाली सांस्कृतिक विरासत कें आगू बढ़ेबाक आह्वान कयलनि। कार्यक्रमक मंच संचालन प्रधानाध्यापक अनंत कुमार राय प्रभावशाली आ गरिमापूर्ण ढंग सं कयलनि। कार्यक्रम कें सफल बनाबय मे शिक्षा विभागक संभाग प्रभारी हरिश्चंद्र राम, सुनील कुमार, संगीत शिक्षक मंगलेश कुमार, अनुज कुमार, डॉली मिश्रा, सुभीत कुमार सिंह 'बिट्टू' सहित अन्य पदाधिकारी, शिक्षक आ कर्मीक भूमिका सराहनीय रहल।

# रोसड़ा मे स्वतंत्रता दिवस पर जगह-जगह भेल झंडोत्तोलन

रोसड़ा, समदिया

स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर रोसड़ा मे सरकारी आ गैर-सरकारी कार्यालय सहित विभिन्न संस्थान आ संगठनक कार्यालय मे शान सं तिरंगा फहराओल गेल। जगह-जगह आयोजित समारोह मे लोक राष्ट्रध्वज कें सलामी देलनि आ देशक एकता, अखंडता संगहि स्वतंत्रता सेनानीक योगदान कें स्मरण कयलनि।स्वतंत्रता दिवसक मुख्य समारोह अनुमंडल कार्यालयक लग स्थित स्टेडियम परिसर मे आयोजित भेल।एतय अनुमंडल पदाधिकारी संदीप कुमार राष्ट्रध्वज फहरौलनि। एहि दौरान स्टेडियम परिसर मे आयोजित परेडक सेहो सलामी लेलनि। समारोह मे उपस्थित लोक कें संबोधित करैत एसडीओ क्षेत्र मे संचालित विभिन्न विकास योजनाक जानकारी देलनि आ सरकारक योजनाक लाभ पात्र लोक धरि पहुंचेनाइपर जोर देलनि।स्वतंत्रता दिवसक अवसर



पर रोसड़ा प्रखंड मुख्यालय परिसर मे प्रखंड प्रमुख उषा देवी झंडोत्तोलनकयलनि। ओतहि एसडीपीओ कार्यालय मे संजय कुमार सिन्हा, नगर परिषद कार्यालय मे सभापति मीरासिंह, रोसड़ा थाना परिसर मे थानाध्यक्ष लालबाबू कुमार, उत्पाद थाना मे पल्लवी कुमारी आ जिला परिषदभवन मे राजेश यादव राष्ट्रध्वज फहरौलनि। एहि क्रम मे विभिन्न पंचायत आ सरकारी संस्थान मे सेहोस्वतंत्रता दिवस समारोह आयोजित भेल। मोतीपुर पंचायत मे मुखिया प्रेमा देवी झंडोत्तोलन कयलनि। सभस्थानपर राष्ट्रगानक संग कार्यक्रम संपन्न भेल आ लोक देशक प्रगति आ विकास मे अपन सहभागिताकसंकल्प लेलनि। ओतहि प्रखंड मुख्यालय परिसर मे स्वतंत्रता दिवस समारोहक दौरान अंचल अधिकारीकदिस सं भूमिहीन परिवारक बीच वासगीत पर्चाक वितरण कयल गेल। पर्चा भेटलाक बाद लाभुक सभ मेखुशी देखल गेल। पदाधिकारी कहलनि जे सरकारक कल्याणकारी योजनाक लाभ जरूरतमंद आ पात्र लोकधरि पहुंचाबऽ लेल प्रशासन लगातार काज कए रहल अछि। स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर पूरा रोसड़ा क्षेत्र देशभक्तिक रंग मे रंगायल रहल। तिरंगा यात्रा सेहो निकालल गेल। विभिन्न स्थानपर बच्चा, युवा, जनप्रतिनिधि, पदाधिकारी आ आम लोक उत्साहपूर्वक कार्यक्रम मे हिस्सा लेलनि।

# फ्रांस मे विश्वक सब सं पैघ कंटेनर जहाज पर रोसड़ाक लाल फहरौलनि तिरंगा

रोसड़ा, समदिया

स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर रोसड़ा प्रखंडक सोनूपुर गाम निवासी आ 'ममता वेलफेयर ट्रस्टक संस्थापक सह नौचालन निगरानी अधिकारी दीपेश कुमार झा विदेशी धरतीपर तिरंगा फहराकऽ क्षेत्र आ देशक मान बढ़ौलनि। विश्वक सब सं पैघ कंटेनर जहाजक संग फ्रांस पहुंचल दीपेश कुमार झा 15 अगस्तक ऐतिहासिक अवसरपर जहाजक कैप्टन, चालक दल आ अपन सहयोगी सभक संग भारतक राष्ट्रीय ध्वज शान सं फहरौलनि। विदेशी धरतीपर तिरंगा लहरयबाक ई क्षण जहाजपर मौजूद भारतीय सभ लेल बेहद भावुक आ गौरवपूर्ण रहल। झंडोत्तोलनक दौरान 'भारत माता की जय' आ देशभक्तिक नारा सं वातावरण राष्ट्रभक्ति सं ओत- प्रोत भए गेल। जहाजपर मौजूद पदाधिकारी आ कर्मचारी सभ सेहो एहि ऐतिहासिक क्षण मे उत्साहपूर्वक सहभागिता देलनि। एहि गौरवपूर्ण अवसरपर दीपेश कुमार झा देशवासी कें संदेश दैत कहलनि, हम भले देशसं बाहर छी, मुदा हमर हृदय भारत लेल धड़कैत अछि। विदेशी धरतीपर अपन देशक शान कें ऊंचराखबाक एहसास बेहद खास अछि। ओ कहलनि जे 15 अगस्तक दिन प्रत्येक भारतीय लेल गर्वक अवसरअछि। देश सं हजारो किलोमीटर दूर रहितो तिरंगा फहरौला सं हुनका अपन देश आ माटि सं जुड़ावक विशेष अनुभूति भेल। फ्रांस मे आयोजित एहि झंडोत्तोलन कार्यक्रमक दौरान



जहाजक कतेको वरिष्ठ पदाधिकारी आ कर्मचारीउपस्थित छलाह। कार्यक्रम मे कैप्टन जोस्टीवेन डिसूजा, चीफ ऑफिसर इमरान शब्बीर, निगरानी अधिकारी रवि शंकर सहित सदस्य शिवम, अल्ताफ, इकबाल, डिकोस्टा आ मयूर उपस्थित छलाह। एकर अतिरिक्त जहाजक इंजन विभागक सभ पदाधिकारी आ कर्मचारी सेहो देशभक्ति सं भरल एहि कार्यक्रम मे सहभागी बनलाह। सोनूपुर गामक दीपेश कुमार झा द्वारा विदेश मे तिरंगा फहराओल गेलाक खबर सं स्थानीय लोक मे सेहो खुशी आ गर्वक माहौल अछि। ग्रामीण सभ कहलनि जे दीपेश स्वतंत्रता दिवसक अवसरपर विदेशी धरतीपर तिरंगा फहराकऽ मात्र अपन गाम आ रोसड़ा नहि, बल्कि पूरा देशक गौरव बढ़ौलनि।

# बीडीओ आ सीओ बुजुर्गक हाथ सं करौलनि ध्वजारोहण

## लोकतंत्र मे असल सहभागिताक देलनि संदेश



ताजपुर, समदिया

स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर बीडीओ रविभूषण आ सीओ आरती कुमारी जिलाक ताजपुर प्रखंडक मानपुरापंचायतक वार्ड संख्या-04 स्थित महादलित टोलाक बुजुर्ग सुखदेव रामक हाथ सं ध्वजारोहण करौलनि।एहि पहल सं समाजक वंचित आ पिछड़ल वर्ग कें सम्मान, बराबरी आ अपनापनक भाव देबाक संगहि समाजक आखरी व्यक्ति कें मुख्यधारा सं जोड़ि लोकतंत्र मे असल सहभागिताक संदेश देल गेल। एहि अवसर पर विकास मित्र रूबी कुमारी दुनू पदाधिकारी कें मिथिलाक पारंपरिक चादर आ पाग पहिराकऽसम्मानित कयलनि। ओतहि दुनू पदाधिकारी अपन-अपन निजी कोष सं महादलित टोलाक सैकड़ो बच्चाकें विभिन्न उपहार सेहो भेंट कयलनि। कार्यक्रम मे स्थानीय मुखिया, उपमुखिया, सरपंच, वार्ड सदस्य, स्थानीय शिक्षकगण सहित महादलित टोलाक सैकड़ो महिला, पुरुष आ बच्चा उपस्थित छलाह।

# स्वतंत्रता दिवस पर 20 टीबी रोगीक बीच प्रोटीनयुक्त फूड बास्केटक वितरण

रोसड़ा, समदिया

स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर अतिरिक्त यक्ष्मा केंद्र, रोसड़ाक परिसर मे टीबी मरीजक सहयोग आ पोषण संवर्धनक उद्देश्य सं कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक दौरान प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी डॉ.हरिकांत सिंहक उपस्थिति मे 20 टीबी मरीजक बीच प्रोटीनयुक्त फूड बास्केट वितरित कएल गेल। कार्यक्रमक संचालन वरीय यक्ष्मा पर्यवेक्षक धर्मेंद्र कुमार कएलनि।एहि अवसर पर चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. मणिकांत भूषण जरूरतमंद टीबी मरीजक मदतिक लेल समाजक सक्षम आ सामर्थ्यवान लोक सं आगू आबयक अपील कएलनि। ओ कहलनि जे समाजक सक्षम लोक कोनो टीबी रोगी कें गोद लए कए हुनकर उपचार आ पोषण मे सहयोग करैत निक्षय मित्र बनि सकैत छथि। एहि सं रोगी कें उपचारक दौरान आवश्यक पोषणक संग सामाजिक आ भावनात्मक सहयोग सेहो भेटैत अछि, जाहि सं हुनका शीघ्र स्वस्थ होय मे सहायता भेटैत अछि। कार्यक्रमक दौरान लोक कें टीबीक लक्षण आ बचावक संबंध मे जागरूक कएल गेल। कहल गेल जे टीबीएकटा संक्रामक बेमारी अछि, मुदा नियमित आ पूरा उपचार सं एकरा ठीक कएल जा सकैत अछि।लगातार दू सप्ताह वा ताहि सं बेसी समय धरि खांसी, ज्वर, राति मे पसीना होयब, वजन कम होयबअथवा भूख कम लगबाक लक्षण देखला सं तत्काल स्वास्थ्य केंद्र मे जांच कराबयक




चाही।चिकित्सक सभ कहलनि जे टीबीक पुष्टि भेलाक बाद स्वास्थ्य विभागक दिस सं रोगी सभ कें निःशुल्क जांच आ उपचारक सुविधा उपलब्ध कराओल जाइत अछि। रोगी सभ कें चिकित्सकक परामर्शक अनुसार नियमित रूप सं औषधि लेबाक आ उपचारक पूरा अवधि पूरा करबाक सलाह देल गेल। उपचार बीच मे छोड़ि देला सं बेमारी फेर गंभीर रूप धारण करबाक खतरा रहैत अछि।

# 20 अगस्त कें मुख्यमंत्री आवास घेराव सं पहिने रांची मे पैघ सुरक्षा योजना

रांची,समदिया।

जेपीएससी-जेएसएससी अभ्यर्थी सभक 20 अगस्त कें मुख्यमंत्री आवास घेरावक मद्देनजर रांची पुलिस सुरक्षा तैयारी तेज कए देने अछि। एसएसपी राकेश रंजन बैठक कए सुरक्षा व्यवस्थाक समीक्षा कएलनि आ अतिरिक्त बलक तैनाती तथा यातायात प्रबंधनक निर्देश देलनि। मुख्यमंत्री आवास घेराव कें लए रांची पुलिस सुरक्षा व्यवस्थाक तैयारी तेज कए देने अछि। एसएसपी राकेश रंजन थाना प्रभारी सभ आ पुलिस लाइन मे तैनात सभ पुलिस पदाधिकारीक संग बैठक कए सुरक्षा व्यवस्थाक समीक्षा कएलनि। बैठक मे मुख्यमंत्री आवासक सुरक्षा बढ़ेबाक संगहि शहर मे अतिरिक्त बलक तैनाती आ यातायात व्यवस्थाक लए सेहो निर्देश



देल गेल। पुलिस दिस सं मुख्यमंत्री आवासक सुरक्षा पहिने सं बढ़ा देल गेल अछि। सभ थाना प्रभारी आ डीएसपी कें अपन-अपन क्षेत्र मे तैनात रहि स्थिति पर नजरि रखबाक निर्देश देल गेल अछि। 20 अगस्त कें छात्र सभक प्रस्तावित घेराव कें देखैत 19 अगस्तक सांझ सं रांची कें प्रमुख चौक- चौराहा पर अतिरिक्त बलक तैनाती शुरू कएल जाएत। पुलिसक उद्देश्य कोनो परिस्थिति मे शहरक कानून-व्यवस्था कें प्रभावित होय सं रोकब अछि। एकरा संगहि संवेदनशील स्थान पर पुलिसक तैनाती बढ़ेबाक आ आवागमन कएनिहार लोकक गतिविधि पर नजरि रखबाक तैयारीकएल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री आवास घेरावक दौरान पैघ संख्या मे छात्र सभक रांची पहुंचबाक संभावना कें देखैत यातायात पुलिस

**▪ प्रमुख चौक-चौराहा पर होयत बलक तैनाती**

कें सेहो विशेष तैयारी करबाक निर्देश देल गेल अछि। यातायात एसपी कें मुख्यमंत्री आवास घेराव सं पहिने शहर मे एहन स्थान चिह्नित करबाक कहल गेल अछि, जतय आवश्यकतानुसार बैरिकेडिंग कएल जा सकय। पुलिसक प्रयास अछि जे प्रदर्शनक कारण आम लोक कें यातायात संबंधी परेशानीक सामना नहि करए पड़य आ शहरक यातायात व्यवस्था सामान्य बनल रहय। बैठक मे ई सेहो निर्देश देल गेल जे प्रदर्शनकारी छात्र सभ कें संवेदनशील स्थान धरि पहुंचबाक पहिनहि निर्धारित स्थान पर रोकबाक व्यवस्था कएल जाए। एकरा लेल प्रमुख मार्ग आ चौक- चौराहा पर सुरक्षा बलक तैनातीक संग बैरिकेडिंगक तैयारी कएल जा रहल अछि। दरअसल, 10 अगस्त कें विधानसभा घेरावक दौरान छात्र आ पुलिसक बीच टकराव भेल छल। एहि बाद आब 20 अगस्तक मुख्यमंत्री आवास घेराव कें लए प्रशासन विशेष सतर्कता बरति रहल अछि। एहि बेर पुलिसक प्रयास अछि जे प्रदर्शनक दौरान कानून-व्यवस्थाक स्थिति नहि बिगड़य आ आम लोकक आवाजाही सेहो प्रभावित नहि होय। छात्र सभ जेपीएससी-जेएसएससी भर्ती परीक्षा सं जुड़ल विवाद कें लए 20 अगस्त कें मुख्यमंत्रीआवास घेरावक घोषणा केने छथि। एहन स्थिति मे 20 अगस्त सं पहिने रांची मे सुरक्षा आयातायात व्यवस्थाक लए पुलिसक पूरा ध्यान मुख्यमंत्री आवास आ एकरा सं जुड़ल प्रमुख मार्ग पर रहत।

## 23म दिन सेहो जारी अछि जेपीएससी-जेएसएससी आंदोलन, 4 आओर छात्र भूख हड़ताल पर

रांची,समदिया।

झारखंड मे जेपीएससी-जेएसएससी अभ्यर्थी सभक आंदोलन 23म दिन सेहो जारी अछि। एहि क्रम मे चारि आओर छात्र भूख हड़ताल पर बैसि गेल छथि। छात्र नेता देवेंद्र नाथ महतोक तबीयत बिगड़लाक बाद हुनका अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि, जखनकि आंदोलन कें विधायक जयराम महतोक समर्थन भेटल अछि। झारखंड मे जेपीएससी-जेएसएससी अभ्यर्थी सभक आंदोलन लगातार तेज होइत जा रहल अछि। आंदोलनक 23म दिन जेपीएससी-जेएसएससी अभ्यर्थी न्याय मंचक अंतर्गत राजबल प्रसाद, उदय मेहता, राजीव कुमार कुशवाहा आ उदय मंडल भूख हड़ताल पर बैसि गेलाह। छात्र सभक कहब अछि जे परीक्षा सं जुड़ल विवादक समाधान आ हुनकर मांग पर ठोस कारबाइ नहि होय धरि आंदोलन जारी रहत। चारि नव छात्रक भूख हड़ताल पर बैसला सं आंदोलनक आओर तेज होयबाक



संकेत भेटि रहल अछि। छात्र नेता देवेंद्र नाथ महतो सेहो पहिने सं भूख हड़ताल पर छथि। ओ 2 अगस्त सं अनशन पर बैसल छथि। लगातार भूख हड़तालक कारण हुनकर तबीयत बिगड़लाक बाद हुनका अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि। छात्र सभक बीच हुनकर स्वास्थ्य कें लए चिंता बनल अछि। जेपीएससी-जेएसएससी अभ्यर्थी न्याय मंचक नेतृत्व मे चलि रहल ई आंदोलन आब 23म दिन मे प्रवेश कए चुकल अछि। छात्र परीक्षा रद्द करबाक, मामिलाक निष्पक्ष जांच करबाक आ अन्य मांग कें लए लगातार आंदोलन कए रहल छथि। झारखंड मे जेपीएससी-जेएसएससी परीक्षा कें लए चलि रहल

**▪ देवेंद्र नाथ महतो अस्पताल मे भर्ती**

छात्र आंदोलन कें आब राजनीतिक= समर्थन सेहो भेटि रहल अछि। डुमरी विधानसभा क्षेत्रक विधायक आ जेएलकेएम नेता जयराम महतो 20 अगस्त कें प्रस्तावित मुख्यमंत्री आवास घेराव कार्यक्रमक समर्थन केने छथि। जयराम महतो सामाजिक माध्यम एक्स पर पोस्ट कए कहलनि जे 20 अगस्त कें प्रस्तावित मुख्यमंत्री आवास घेराव कार्यक्रम कें हुनकर पूर्ण समर्थन अछि। ओ छात्र आंदोलनक समर्थन मे कहलनि, हर जोर-जुल्मक टक्कर मे, संघर्ष हमर नारा अछि।

## झारखंडक विकासक सब सं पैघ शक्ति एतुक्का युवा छथि: सीएम हेमंत सोरेन

रांची,समदिया।

रांचीक मोरहाबादी मैदान मे 80म स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर सीएम हेमंत सोरेन तिरंगा फहरौलनि। एहि दौरान अपन संबोधन मे ओ युवा सभ सं कहलनि जे झारखंडक विकासक सब सं पैघ शक्ति एतुक्का युवा छथि। हुनकर शिक्षा, कौशल, आत्मविश्वास आ सपना विकसित झारखंडक वास्तविक पूंजी अछि। सीएम कहलनि जे राज्यक लाखो युवा अपन सपना पूरा करबाक लेल दिन-राति मेहनत कए रहल छथि। हुनकर माता-पिता अपन क्षमता सं बेसी हुनका पढ़ा रहल छथि। एहन स्थिति मे सरकारक सर्वोच्च जिम्मेदारी अछि जे युवा सभक मेहनतक सम्मान होय आ हुनकर प्रतिभा कें न्याय भेटय। ओ भर्ती परीक्षा कें लए उठि रहल प्रश्नक सेहो उल्लेख कएलनि। कहलनि जे जखन परीक्षा व्यवस्था पर संदेह उत्पन्न होइत अछि तं मात्र एकटा परीक्षा



प्रभावित नहि होइत अछि, बल्कि पूरा एक पीढ़ीक विश्वास प्रभावित होइत अछि। सरकार युवा सभक मेहनत कें कोनो माफिया, भ्रष्ट तंत्र अथवा अनियमितताक भरोसे नहि छोड़त। परीक्षा मे गड़बड़ीक जांच निष्पक्ष तरहे होयत आ जे कोनो दोषी पाओल जाएत, तकर विरुद्ध कानूनक अंतर्गत कड़ा कारबाइ कएल जाएत। मुदा बिना प्रमाणक कोनो व्यक्ति कें दोषी ठहराबयक राजनीति सेहो नहि होयत। न्याय होयत आ निष्पक्ष होयत। वार्षिक परीक्षा कैलेंडर सं ओएमआर धरि होयत बदलाव सीएम कहलनि जे मात्र दोषी कें पकड़नाइ समस्याक स्थायी समाधान नहि अछि। वास्तविक समाधान एहन व्यवस्था तैयार करब अछि, जाहि मे भविष्य मे कोनो व्यक्ति युवा सभक सपना

**▪ रांची मे फहरौलनि तिरंगा**

सं खेलवाड़ करबाक साहस नहि कए सकय। एहि उद्देश्य सं सरकार परीक्षा व्यवस्था मे व्यापक सुधारक दिस आगू बढ़ि रहल अछि। एकर अंतर्गत समयबद्ध वार्षिक परीक्षा कैलेंडर, पारदर्शी आ तकनीक-सुरक्षित परीक्षा प्रणाली, उत्तर-कुंजी आ ओएमआरक समय पर उपलब्धता तथा परीक्षा प्रक्रिया मे बहुस्तरीय जवाबदेही सुनिश्चित करबाक बात पर जोर देल जाएत। सीएम कहलनि जे सरकार चाहैत अछि जे परीक्षा व्यवस्था मे पारदर्शिता अपवाद नहि, बल्कि नियम बनय। ओ विद्यार्थी, शिक्षक, शिक्षाविद् आ अभिभावक सभ सं सेहो एहि बदलाव मे सहभागी बनेबाक अपील कएलनि। कहलनि जे सरकार 'छात्रक बात-छात्रक संग' अभियान शुरू केने अछि। विद्यार्थी सभक सुझाव लेल जाएत, विशेषज्ञ सभक संग ओकर अध्ययन कएल जाएत आ जे सुझाव नियम आ संवैधानिक प्रावधानक अनुरूप होयत, तकरा लागू करबाक दिस मे काज कएल जाएत। ओ कहलनि जे नीक परीक्षा व्यवस्था ओतबे होयत, जकर निर्माण मे विद्यार्थी सभक सेहो भागीदारी होय। सरकारी नौकरीक संग उद्योग-स्टार्टअप मे सेहो अवसर रोजगार कें सरकारक सर्वोच्च प्राथमिकता मे शामिल करैत हेमंत सोरेन कहलनि जे लक्ष्य मात्र सरकारी रिक्त पद कें भरब नहि, बल्कि एहन झारखंड बनायब अछि, जतय युवा सभ लेल रोजगारक कतेको विकल्प उपलब्ध हो। आबय बला समय मे जेपीएससी, जेएसएससी आ अन्य भर्ती एजेंसीक माध्यम सं पैघ संख्या मे नियुक्ति प्रक्रिया कें समयबद्ध तरहे आगू बढ़ाओल जाएत। एकरा संग उद्योग, एमएसएमई, कृषि, डेयरी, मत्स्य, पर्यटन, डिजिटल सेवा आ स्टार्टअपक क्षेत्र मे सेहो लाखो नव अवसर तैयार करबाक लक्ष्य अछि। सीएम कहलनि जे सरकार एहन झारखंड बनेबाक चाहैत अछि, जतय प्रत्येक युवा आधुनिक शिक्षा, विज्ञान, तकनीक आ उद्यमिता मे आगू बढ़य। ओ कहलनि जे झारखंडक पहचान मात्र खनिज संपदा सं नहि, बल्कि पारंपरिक ज्ञान, सांस्कृतिक विरासत आ प्राकृतिक संसाधनक सतत उपयोग सं सेहो बनत। लाह, तसर, बांस, मिलेट, औषधीय गाछ-गाछ आ लघु वनोपज कें मूल्यवर्धन, ब्रांडिंग आ बाजार सं जोड़ि कए ग्रामीण परिवारक आय बढ़ेबा पर जोर देल जाएत। युवा सभ सं अपील करैत सीएम कहलनि जे ओ अपन मेहनत पर विश्वास बनौने राखथि। हुनकर परिश्रम व्यर्थ नहि जाएत। युवा सभक सपना कें बचेनाइ मात्र सरकारक जिम्मेदारी नहि, बल्कि हुनकर व्यक्तिगत दायित्व सेहो अछि। ओ भरोसा देलनि जे एहन परीक्षा व्यवस्था तैयार कएल जाएत, जाहि पर अभ्यर्थी सभ कें भरोसा, समाज कें विश्वास आ देश कें झारखंडक उदाहरण देबाक कारण भेटय।

## विकसित भारत 2047क संकल्पक संग आगू बढ़ि रहल देश

दुमका,समदिया।

भारत अपन 80म स्वतंत्रता दिवस मना रहल अछि। एहि अवसर पर झारखंडक राज्यपाल संतोष कुमार गंगवार दुमका पुलिस लाइन मे भोर 9 बजे राष्ट्रीय ध्वज फहरौलनि। झारखंडक राजधानी रांची मे स्वतंत्रता दिवस पर मुख्यमंत्री आ उपराजधानी दुमका मे राज्यपाल द्वारा ध्वजारोहण करबाक परंपरा रहल अछि। जखनकि गणतंत्र दिवस पर रांची मे राज्यपाल आ दुमका मे मुख्यमंत्री ध्वजारोहण करैत छथि। दुमका पुलिस लाइन मैदान मे राष्ट्रीय ध्वज फहरौलाक बाद संबोधन मे राज्यपाल संतोष कुमार गंगवार कहलनि जे देशक प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक नेतृत्व मे भारत विकसित भारत 2047क संकल्पक संग आगू बढ़ि रहल अछि। ओ कहलनि जे विज्ञान आ प्रौद्योगिकी, अंतरिक्ष, शिक्षा, खेल, उद्योग आ डिजिटल विकास सहित विभिन्न क्षेत्र मे देश ऊंचाइ हासिल कए रहल अछि। राज्य सरकार शिक्षा, स्वास्थ्य, महिला सशक्तिकरण, युवा,



किसान तथा वंचित आ जरूरतमंद वर्गक कल्याण कें प्राथमिकता दए काज कए रहल अछि। स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर दुमका लोक भवन मे शहरक गणमान्य लोक राज्यपाल संतोष गंगवार सं भेंट कएलनि। एहि दौरान लोक हुनका देशक स्वतंत्रताक शुभकामना देलनि। भाजपा नेत्री आ पूर्व विधायक सीता सोरेन सेहो लोक भवन मे राज्यपाल सं भेंट कएलनि। ओ झारखंडक प्रगति आ जनकल्याणक संकल्प दोहरबैत राज्यपालक मार्गदर्शन प्राप्त कएलनि। राष्ट्रपति सम्मान सं सम्मानित समाजसेवी जतिन कुमार, महिला रोग विशेषज्ञ डॉ. अंकिता सिंह, डॉ. श्वेता स्वराज, मनीषा राज वर्मा सहित कतेको लोक राज्यपाल सं भेंट कए स्वतंत्रता दिवसक शुभकामना देलनि।

